

**BASA PISUHAN *DIALEK* BANYUMAS
WONTEN ING LAWAKAN CURANMOR**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Sarat Pikantuk
Gelar Sarjana Pendidikan



dening:

Budi Sih Yuliarini

NIM 10205244011

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Basa Pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor” menika saged dipunujukaken awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing.



Yogyakarta, 9 Juni 2014

Pembimbing I,

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Siti Mulyani".

Siti Mulyani, M.Hum.
NIP 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, 10 Juni 2014

Pembimbing II,

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Avi Meilawati".

Avi Meilawati, S.Pd.M.A.
NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan Basa Pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* nalika tanggal 27 Juni 2014 saha dipunwedharaken lulus.

DEWAN PENGUJI


Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr.Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		1-7-2014
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		4-7-2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji I		1-7-2014
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		2-7-2014


Yogyakarta, 4 Juli 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Budi Sih Yuliarini**
NIM : 10205244011
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dasar panyeratan kanthi njumbuhaken tata cara, etika, saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang *lazim*.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 9 Juni 2014

Panyerat,



Budi Sih Yuliarini

SESANTI

Bismillaahirrahmaanirrahim, tansah yakin dhateng kuwaosing Gusti Allah

Ingang Maha Welas Asih

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi raos sokur dhumateng Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Suwandi Siswo Utomo saha Ibu Siami. Maturnuwun awit raos tresna ashipun, panggulawentahipun, panyengkuyung, saha pandonganipun.

PRAWACANA

Puji sokur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang tansah paring kasarasan, rahmat, saha hidayah dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan Basa Pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor menika saged dipunserat. Skripsi menika dipunserat kangge njangkepi sarat nggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya *pihak* ingkang sampun mbiyantu awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, MA. M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring palilah kangge kula sinau wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring panjurung kangge kula sinau wonten ing Fakultas Bahasa dan Seni;
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ijin nglampahi panaliten menika;
4. Ibu Siti Mulyani, M.Hum. minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, sarta ashipun satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae;
5. Ibu Avi Meilawati, S.Pd. M.A. minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panyengkuyung, pamrayogi, saha ashipun sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah menika sarta awit saking bimbinganipun skripsi menika ugi saged paripurna kanthi sae;
6. Bapak Ibu Dosen saha Staf Jurusan Pendidikan Jurusan Pendidikan Bahasa daerah awit sedaya ngelmu ingkang mumpangat sanget kangge kula;
7. *Dewan Penguji* Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pamrayogi saha pitedahipun;

8. Bapak Suwandi Siswo Utomo saha Ibu Siami ingkang kula tresnani awit sedaya panjurung saha donga pangestunipun, mas sarta mba kula sedaya ingkang sampun paring donga lan panyengkuyung sarta sadherek-sadherek ingkang sampun paring panyengkuyung dhateng kula;
9. Mas Imam Maskur Rahmat ingkang tansah kula tresnani awit sampun paring panyengkuyung dhateng kula;
10. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010, saha mba/mas angkatan 2009, sarta sadaya pihak ingkang sampun paring panjurung saha donganipun dhateng panyerat satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Kula anggenipun damel skripsi menika dereng saged kawastanan jangkep menapa malih sampurna. Pramila sedaya pamraayogi saha panyaruwe tansah katampi saha kaaturaken agunging panuwun. Mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap kula panjenengan sami.

Yogyakarta, 9 Juni 2014

Panyerat,



Budi Sih Yuliarini

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN... ..	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA... ..	vii
WOSING ISI	ix
DHAPTAR <i>TABEL</i>	xi
SARINING PANALITEN	xii
DHAPTAR SINGKATAN.....	xiii
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis.....	4
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	5
BAB II GEGARAN TEORI.....	7
A. Sociolinguistik.....	7
B. <i>Variasi</i> Bahasa	8
C. <i>Dialek</i> Banyumas	13
D. Pisuhan	23
1. Wujuding Pisuhan	24
2. <i>Referen</i> Pisuhan.....	34

3. Ancas Pisuhan	40
E. Konteks Bahasa	44
F. Humor	50
G. Lawakan Curanmor	52
H. Panaliten ingkang Jumbuh	53
 BAB III CARA PANALITEN	 55
A. Jinising Panaliten	55
B. Data & Sumber Data	55
C. Caranipun Ngempalaken Data	57
D. Pirantining Panaliten	58
E. Caranipun Ngalalisis Data	61
F. Validitas saha Reliabilitas Data	62
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	 64
A. Asiling Panaliten	64
B. Pirembagan	89
1. Pisuhan Awujud Tembung Lingga	90
2. Pisuhan Awujud Tembung Andhahan	119
3. Pisuhan Awujud <i>Frasa</i>	148
4. Pisuhan Awujud <i>Klausa</i>	183
 BAB V PANUTUP	 220
A. Dudutan	220
B. <i>Implikasi</i>	224
C. Pamrayogi	224
 KAPUSTAKAN	 226
 <i>LAMPIRAN</i>	 228

DHAPTAR *TABEL*

	Kaca
<i>Tabel 1:</i> Kartu data.....	60
<i>Tabel 2:</i> Wujud, Jinis, Ancas, saha Indikator Pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor	65
<i>Tabel 3:</i> Tabel Analisis Wujud, Jinis, <i>Referen</i> , saha Ancas Pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor.....	228

BASA PISUHAN DIALEK BANYUMAS WONTEN ING LAWAKAN CURANMOR

**Dening Budi Sih Yuliarini
NIM 10205244011**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken basa pisuhan *Dialek Banyumas* salebeting Lawakan Curanmor. Panaliten menika ngandharaken wujud, *referen*, saha ancas pisuhan *Dialek Banyumas* salebeting Lawakan Curanmor.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Data ing panaliten awujud tembung, *frasa*, saha *klausa*. Sumber datanipun wolulukur MP3(*Moving Picture Expert Group Layer-3 Audio*) Lawakan Curanmor kanthi irah-irahan: *Aku dudu Tukang, Anak Elek, Anak Kelalenan, Anak Nurut maring Mamake, Aslinya Mana, Bakul Utek, Beli Kondom, Berak di Sarung, Biksu Tong, Bupati Curanmor, Cerita Sedih, Dewa Pencabut Nyawa, Dorong-dorongan, Gemblung Nyanyi, Kaki Blewung, Kapal Belanda, Karnaval, Kesasar, Lulusan, Matine Dokter Jantung, Mesin Ketik, Nini Jemu, Nyelang Buku, Password ATM, Peraturan FIFA, Rambu-rambu Lalulintas, THR Teluk Penyau, lan Wong Babaran*.

Caranipun ngempalaken data inggih menika ngginakaken teknik *simak*, *sadap*, lan *catat*. Data ingkang sampun dipunkempalaken dipunanalisis kanthi *deskriptif*. Kangge manggihaken *validitas* data inggih menika ngginakaken *triangulasi teori saha validitas semantis* wondene anggenipun manggihaken *reliabilitas* ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujud, *referen* saha ancas pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor. Wujuding pisuhan ing Lawakan Curanmor inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, *frasa*, saha *klausa*. Jinising tembung pisuhan ing Lawakan Curanmor inggih menika tembung aran, tembung kahanan saha tembung kriya. Pisuhan awujud tembung lingga aran gadhah *referen* nama kewan, perangan badhan, saha jinis lembut. Pisuhan awujud tembung lingga kahanan gadhah *referen* kahanan tiyang saha perangan badhan. Pisuhan awujud tembung lingga kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu. Pisuhan awujud tembung andhahan gadhah *referen* perangan badhan, *aktivitas* tartamtu, pedamelan, kahanan tiyang, nama barang, jinis lembut, saha nama dhaharan. Pisuhan awujud *frasa* aran gadhah *referen* nama kewan, kahanan tiyang, pedamelan, nama barang, raket ing sesambetan, panggenan, saha jinising lembut. Pisuhan awujud *frasa* kahanan gadhah *referen* kahanan tartamtu. Pisuhan awujud *klausa* kahanan gadhah *referen* kahanan tiyang saha kahanan tartamtu. Pisuhan awujud *klausa* kriya gadhah *referen* nama kewan lan *aktivitas* tartamtu. Ancas pisuhan salebeting Lawakan Curanmor kangge ngandharaken raos duka, jengkel, kuciwa, getun, gumun, ngina, saha ngandharaken raket ing sesambetan.

DHAPTAR SINGKATAN

A-	: ater-ater anuswara
Ak	: <i>aktivitas</i> tartamtu
Ar	: aran
At	: ater-ater
Cm	: camboran
Cmp	: campuran
Dh	: dhaharan
Dk	: duka
Fr	: frasa
Gm	: gumun
Gt	: getun
Jk	: jengkel
Jl	: jinising lelembut
K	: kahanan/ kahanan tartamtu
Kc	: kuciwa
Kh	: kahanan
Kl	: klausa
Kr	: kriya
Kt	: kahanan tiyang
Nb	: nama barang
Ng	: ngina
Nk	: nama kewan
No	: nomer
Pb	: perangan badhan
Pd	: pedamelan
Pg	: panggenan
Pnm	: panambang
R	: rangkep
Rs	: raking sesambetan

Ssl : seselan
Ta : tembung aran
Tl : tembung lingga
Tmb : tembung
Wc : wancah
Wu : wuwuhan

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka sarana kangge ngandharaken gagasan, pamanggih, saha raos pangraos dhateng tiyang sanes. Ing jaman samenika, basa ingkang dipunginakaken dening tiyang nem *variasinipun* langkung kathah.

Bab menika amargi wonten ewah-ewahaning jaman ingkang ndadosaken tiyang nem menika gadhah cara piyambak kangge sesambetan kaliyan priyantun sanes. Tiyang nem ingkang asring ngginakaken basa ingkang santai lan akrab, boten kados tiyang sepuh nalika mangendikan kaliyan tiyang sepuh sanes ingkang langkung nggatosaken unggah-ungguhipun. Awit saking menika, gayut kaliyan basa pisuhan, kangge tiyang nem basa pisuhan boten namung dipunginakaken wonten ing kahanan misuh-misuh. Wonten ing kahanan remen, gela, bingung, kaget, lan sanesipun, priyantun samenika asring ngginakaken basa pisuhan ingkang boten semesthinipun.

Panganggening basa pisuhan nuwuhaken maneka werni kadadosan, kadosta dukanipun tiyang sanes, gojegan wonten ing bebrayan, saha remenipun tiyang sanes. Basa pisuhan saged nuwuhaken dukanipun tiyang sanes, ananging wonten ing pamanggih sanes pisuhan saged dados pratandha raketipun bebrayan.

Basa pisuhan boten namung dipunginakaken wonten ing masarakat, ananging dipunginakaken ugi wonten ing kasusastran kadosta novel, cerkak,

kethoprak, film, lan ugi lawakan. Lawakan ingkang migunakaken basa pisuhan inggih menika wonten ing Lawakan Curanmor.

Curanmor (Curahan Perasaan dan Humor) inggih menika salah satunggaling acara dhagelan ingkang ngginakaken *Dialek* Banyumas, wonten ing saluran radio kanthi nama Yes Radio FM 104,2 Cilacap. Acara menika wosipun nyariyosaken cariyos-cariyos ingkang lucu ingkang awujud pacelathon antawisipun para paraga (panutur lan mitra tutur).

Wonten ing Curanmor menika wonten mapinten-pinten jinising pacelathon kanthi *dialek* khas Banyumasan ingkang saged damel gumujeng tiyang ingkang mireng. Para panutur wonten ing Curanmor kathah ingkang ngginakaken pisuhan dhateng mitra lawakipun. Pisuhan ingkang asring dipunginakaken inggih menika gegayutan kaliyan peranganing badan, nama kewan, lan kahanan ingkang kirang ngremenaken. Tuladha pisuhan wonten ing Curanmor inggih menika pacelathon antawisipun Krisdayanti kaliyan garwanipun ingkang asmanipun Anang, kados menika:

Anang: “Heh, rika ora usah ngorong-ngorong jajal, kepingin **tek gethok lambene** apa? Pngen **tek kethok lambene** apa? Pngen **tek petek lambene** apa?”

Kris : “Kiye pak, nuyun sewu, nyong sih bukane nantang karo rika tapi kowe sing kebangeten lho pak, kowe sing kebangeten.”

(Sumber: Curanmor, Gemblung nyanyi)

Saking pethikan cariyos Curanmor kanthi judul *gemblung nyanyi* menika saged dipunpangguhaken pisuhan awujud *klausa* ‘tek gethok lambene’, ‘tek kethok lambene’, ‘tek petek lambene’. *Klausa-klausa* wonten nginggil menawi dipunjabaraken saged dipunpangguhaken bilih ‘tek kethok’, ‘tek gethok’, ‘tek petek’ menika dipunwastani wasesa, lajeng ‘lambene’ dipunwastani lesan.

Pisuhan saking pethikan menika menawi dipungayutaken kaliyan *referen* pisuhan menika awujud *aktivitas* tartamtu. *Aktivitas* ingkang dipunmaksud inggih menika *aktivitas* saking Anang badhe ngiris ngangge alat utawi ngidek ngangge suku. *Aktivitas* kasebut dipunjajari amargi Anang mangkel dhateng Krisdayanti satemah medal tembung-tembung ingkang boten sae inggih menika 'tek kethok', 'tek gethok', lan 'tek petek.

'Lambe' menika minangka perangan badan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken tuturan, ananging kanthi pamilihing tembung ingkang kirang sae. Menawi tembung lambe pikantuk panambang -mu lan dipunandharaken nalika misuh menika sampun gadhah raos ingkang kirang sae lan saru. Tembung kethok, tek gethok, lan tek petek, ugi tembung lambe ingkang sampun pikantuk panambang lan dipunandharaken nalika misuh menika sampun gadhah raos ingkang kirang sae lan saru.

Saking andharan ingkang sampun kaserat wonten ing inggil, tembung pisuhan menika narik sanget kangge dipuntaliti wujud, *referen*, lan ancas saking pisuhan kasebut. Pisuhan Curanmor wonten ingkang ngginakaken basa ingkang saru lan kirang sopan sahingga saged damel pamiyarsa gumujeng lan remen kaliyan Lawakan Curanmor.

B. Underaning Prekawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten menika, saged kapendhet undheraning prekawis babagan pisuhan. Underaning prekawis ing panaliten menika inggih menika:

1. wujud basa pisuhan ingkang wonten ing Lawakan Curanmor,
2. *referen* basa pisuhan ingkang wonten ing Lawakan Curanmor
3. struktur basa ingkang wonten ing Lawakan Curanmor,
4. ancas panganggening pisuhan ingkang wonten Lawakan Curanmor.

C. Watesing Prekawis

Adhedhasar saking undheraning prekawis menika, saged kapendhet watesing prekawis babagan pisuhan. Watesing prekawis ing panaliten menika inggih menika:

1. wujud basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor,
2. *referen* basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor,
3. ancas panganggening basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor.

D. Wosing Prekawis

Adhedhasar saking watesaning prekawis ing nginggil menika, kita saged mendhet wosing prekawis babagan basa pisuhan. Wosing prekawis wonten ing panaliten menika inggih menika:

1. kadospundi wujud basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor?
2. punapa kemawon *referen* basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor?
3. punapa kemawon ancas panganggening basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar saking wosing prekawis ing nginggil menika, kita saged mendhet ancasing panaliten. Ancasing ngawontenaken panaliten menika inggih menika:

1. ngandharaken babagan wujud basa pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor,
2. ngandharaken babagan *referen* punapa kemawon ingkang dipunginakaken wonten ing Lawakan Curanmor,
3. ngandharaken ancas panganggening pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaangkah saged suka sumbangan dhateng pangembangan ilmu basa. Kejawi bab menika, panaliten menika saged nambahi ngelmu babagan panaliten ingkang wonten gegayutanipun kaliyan basa mliginipun panganggening tembung pisuhan. Kanthi praktis supados pamaos boten ngginakaken basa pisuhan amargi kirang pantes kangge pegesangan padintenan.

G. Pangertosan

Irah-irahan panaliten menika inggih menika Basa Pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor. Kangge njumbuhaken pamikiran kita dhateng irah-irahan menika, badhe dipunandharaken babagan konsep wonten ing ngandhap menika.

1. Pisuhan inggih menika saking tembung lingga pisuh ingkang pikantuk panambang –an. Bilih tembung pisuh miturut W.J.S. Poerwadarminto (1939: 494) menika gadhah teges tembung ingkang kasar, utawi tembung ingkang saru.
2. *Dialek* Banyumas inggih menika *variasi* basa ingkang titikanipun gadhah tata swanten, tembung (kosa kata), morfologi saha sintaksis ingkang sami(Keraf, 1984:144). Wedhawati dkk. (2005: 17) ngandharaken bilih *Dialek* Banyumas gadhah *kekhasan lingual* ingkang kasusun saking *kekhasan leksikal*, tata swanten, lan *struktur gramatika*. *Dialek* Banyumas inggih menika salah satunggaling *variasi* Basa Jawi ingkang dipunginakaken minangka sarana wawan rembag para panutur wonten ing Lawakan Curanmor.
3. Lawakan inggih menika padamelan ingkang lucu lan saged damel gumujeng tiyang ingkang ningali utawi mirengaken.
4. Curanmor inggih menika salah satunggaling acara dhagelan wonten saluran radio kanthi nama Yes Radio FM 104,2 Cilacap. Acara menika isinipun nyariyosaken cariyos-cariyos ingkang lucu ingkang awujud pacelathon antawisipun panutur kaliyan mitra tururipun. Sumber data ingkang dipunginakaken inggih menika Curanmor ingkang wujudipun sampun Mp3, satemah panaliti boten prelu ngrekam malih.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

Panaliten kanthi irah-irahan *Basa Pisuhan Dialek Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor* kalebet panaliten disiplin ilmu *sosiolinguistik*. Gegaran teori ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika antawisipun teori-teori *sosiolinguistik*, *variasi basa*, *Dialek Banyumas*, *pisuhan*, *konteks basa*, *humor*, lan *Lawakan Curanmor*.

1. Sosiolinguistik

Tembung *sosiolinguistik* kasusun saking kalih unsur inggih menika *sosio* kaliyan *linguistik*. *Linguistik* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag babagan basa (fonem, morfem, tembung, ukara), struktur, hakekat saha pambentukan unsur-unsur basa. *Sosio* menika setunggal akar kaliyan sosial, inggih menika babagan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan masarakat, kelompok masarakat, saha *fungsi-fungsi* kemasarakatan. *Sosiolinguistik* miturut Nababan (1991: 2) salah satunggaling ilmu basa ingkang ngandharaken aspek-aspek masarakat basa, mliginipun maneka warni panganggening basa ing masarakat.

Pamanggih saking Nababan sami kaliyan pamanggihipun Chaer & Agustina (2010: 2) ingkang ngandharaken bilih *Sosiolinguistik* inggih menika bidang ngelmu ingkang ngrembag basa, gegayutan kaliyan panganggening basa ing masarakat.

Saking andharan ing inggil *Sosiolinguistik* saged dipunwastani ngelmu ingkang wonten gegayutanipun kaliyan basa lan masarakat. *Sosiolinguistik* ngrembag babagan prekawis-prekawis basa ingkang wonten gegayutanipun kaliyan panutur minangka pangangge basa lan minangka perangan saking masarakat. Objek panalitenipun inggih menika antawisipun *variasi* basa saha bab ingkang ndadosaken pamilihing basa minangka sarana sesambetan ing masarakat.

2. *Variasi* Basa

Miturut pamanggihipun Wardaugh (1986: 22), *variasi* basa inggih menika cara priyantun ngandharaken unen-unen, tembung, lan titikan *gramatikal* ingkang dipunsebabaken dening *faktor eksternal*. *Faktor eksternal* menika kadosta *faktor geografis* saha *faktor sosial*. Tuladhaning *variasi* basa ingkang dipunsebabaken dening *faktor geografis* inggih menika *dialek*. Kangge ngandharaken tembung *ana* ‘wonten’ ing Basa Jawi *Dialek* Banyumas dipunlisanaken [ana] dene ing Basa Jawi *dialek* Yogyakarta-Surakarta tembung kasebut dipunlisanaken [ɔnɔ].

Dialek Banyumas lan *Dialek* Yogyakarta-Surakarta minangka wujud saking *variasi* basa asipat linguistik dipuntingali saking *faktor geografis*. Wujudipun *variasi* basa kejawi dipuntemtokaken *faktor linguistik* ugi dipuntemtokaken kaliyan *faktor nonlinguistik*. Suwito (1983: 3) ngandharaken menawi *variasi* basa boten namung dipuntemtokaken dening *faktor linguistik*, ananging dipuntemtokaken ugi dening *faktor nonlingistik*. *Faktor linguistik* menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan unen-unen, *tata* wujudipun tembung, *tata* ukara, saha *tata* makna. *Faktor*

nonlinguistik inggih menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan *faktor sosial*. Awit saking menika, ingkang ngengingi bab *faktor sosial* saged dipunpirsani saking yuswa, jinisipun kelamin, pakaryan, pendidikan, *status sosial* utawi *sosial-ekonomi*, saha kathah kagiyatan.

Gegayutan kaliyan *variasi* basa ing inggil, Chaer lan Agustina (2004: 62) mbedakaken jinising *variasi* basa. Jinisipun *variasi* basa miturut Chaer lan Agustina saged dipunbedakaken saking segi (1) panutur, (2) panganggenipun, (3) *keformalan*, lan (4) sarana.

a) *Variasi* Basa Saking Segi Panuturipun

Chaer lan Agustina (2004: 63-68) *variasi* basa saking segi panuturipun inggih menika *variasi* basa ingkang asipat *individual*. Jinisipun *variasi* basa saking segi panuturipun saged kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Idiolek*

Idiolek inggih menika tuturanipun priyantun ingkang dipunsebabaken dening *faktor fisik* saha *faktor psikis*. Tuladhanipun inggih menika wonten priyantun ingkang ngendikanipunipun lirih ananging cepet, wonten priyantun ingkang ngendikanipunipun sero ananging alon.

2) *Dialek/ dialek geografis*

Dialek/ dialek geografis inggih menika *variasi* basa wonten ing daerah *geografis* tartamtu. *Dialek* Basa Jawi kathah jinisipun, antawisipun *Dialek* Yogyakarta-Surakarta, *Dialek* Banyumasan, saha *Dialek* Jawa Timuran. Tuladha *Dialek* Basa Jawi inggih menika kangge ngaturaken *kulå* wonten ing *Dialek*

Banyumasan ngginakaken tembung ‘inyong’ utawi ‘nyong’, menawi ing *dialek* Yogyakarta-Surakarta ngginakaken tembung ‘aku’.

3) *Kronolek* utawi *dialek temporal*

Kronolek utawi *dialek temporal* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing jaman tartamtu. Wujudipun *kronolek* menika kados dene *variasi* basa Basa Indonesia wonten ing taun 1930, taun 1950, saha *variasi* basa ing jaman samenika. Tuladha sanesipun inggih menika Basa Jawi Kina lan Basa Jawi Enggal.

4) *Sosiolek/ dialek sosial*

Sosiolek/ dialek sosial inggih menika *variasi* basa ingkang dipunsebabaken dening bedanipun kelas sosial panuturipun. *Sosiolek* taksih saged dipunperang dados maneka warni *variasi* basa. Perangan menika saged dipunbedakaken adhedhasar tingkat golongan, status, lan kelas sosial panuturipun (*akrolek, basilek, vulgar, kokial, slang, jargon, argon, lan kan/ cant*).

b) *Variasi* Basa Saking Segi Panganggenipun

Chaer lan Agustina (2004: 68) *Variasi* basa adhedhasar panganggenipun dipunsebut *fungsiolk, ragam, utawi register*. *Register* inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge maksud tartamtu. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing bidang *militer, kasusastran, jurnalistik, saged dipungolongaken minangka register*.

c) *Variasi Basa Saking Segi Kaformalanipun*

Miturut pamanggihipun Martin Joos wonten ing Chaer lan Agustina (2004: 70-71) *variasi* basa adhedhasar kaformalanipun dipunperang dados gangsal, antawisipun *ragam frozen*, *ragam formal*, *ragam usaha/konsultatif*, *ragam casual*, saha *ragam intimate*.

1) *Gaya/ ragam beku/frozen*

Gaya/ ragam beku/frozen inggih menika ragam ingkang dipunginakaken kangge swasana resmi, saha paugeran ingkang sampun gumathok.

2) *Gaya/ ragam resmi/formal*

Gaya/ ragam resmi/ formal inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing buku pelajaran, *rapat dinas*, saha layang resmi. Ragam menika dipunsebut *ragam standar/ baku* ingkang dipunginakaken ing swasana resmi.

3) *Gaya/ ragam usaha/ konsultatif*

Gaya/ ragam usaha/ konsultatif inggih menika ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing pangendikan biasa ing sekolah/ rapat. Ragam menika antawisipun *ragam formal* lan *ragam santai*.

4) *Gaya/ ragam santai/casual*

Gaya/ ragam usaha/ konsultatif inggih menika ragam ingkang dipunginakaken ing swasana *santai* utawi boten resmi. Tembung-tembung ingkang dipunginakaken kasusun dening *unsur dialek*.

5) *Gaya/ ragam akrab/ intimate*

Gaya/ ragam akrab/ intimate inggih menika ragam ingkang dipunginakaken antawisipun tiyang ingkang kekancan kanthi raket utawi kulawarga. Ragam menika kathah dipunginakaken *kode* ingkang asipat *pribadi*. *Kode pribadi* menika namung dipunmangertosi dening kelompok priyantun ingkang ngginakaken ragam *intimate* kasebut.

d) *Variasi* Basa Saking Segi Sarana

Variasi basa saged dipunpirsani saking segi sarana utawi *jalur* ingkang dipunginakaken. *Variasi* basa adhedhasar sarana ingkang dipunginakaken menika saged dipunbedakaken dados *ragam lisan* saha *ragam tulis*.

Dialek Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor menika raket sanget gegayutanipun kaliyan *variasi* basa. Gegayutan antawisipun *variasi* kaliyan pisuhan *Dialek* Banyumas inggih menika.

1) *Variasi* Basa saking Segi Panutur

Panutur saha mitra tutur wonten ing Lawakan Curanmor ngginakaken basa ingkang awujud *dialek*, mliginipun *dialek* geografis ingkang awujud *Dialek* Banyumas. Babagan *Dialek* Banyumas dipunandharaken wonten sub bab piyambak wonten ing salajengipun.

2) *Variasi* basa saking segi kaformalanipun

Menawi dipuntaliti saking segi kaformalanipun, *gaya bahasa* ingkang dipunginakaken dening panutur saha mitra tutur wonten ing Lawakan Curanmor mliginipun babagan pisuhanipun menika ngginakaken *ragam santai*. Basa *ragam*

santai utawi basa ingkang asring dipunginakaken wonten ing padintenan ingkang asring ngginakaken *dialek*. Basa menika ingkang langkung asring ngginakaken *ragam* ngoko sanes *ragam* krama, kadangkala ugi dipun-ginakaken basa ingkang kasar lan saru.

Basa kasar lan saru menika ingkang langkung asring dipunginakaken wonten pisuhan Lawakan Curanmor. Sejatospun basa kasar lan saru menika namung gadhah ancas supados damel pamiarsa saged kahibur lan gumujeng nalika midhangetaken Lawakan Curanmor, boten wonten ancas kangge ngina tiyang utawi niat sanesipun ingkang boten sae.

3) *Variasi* basa saking segi sarana

Variasi basa wonten ing Lawakan Curanmor menika ngginakaken ragam lisan, saking MP3 Lawakan Curanmor. Panaliti saged naliti kanthi cara *transkripsi* mindah saking ragam lisan dados ragam tulisan.

3. Dialek Banyumas

Dialek ing Basa Jawi wonten mapinten-mapinten jinisipun. Tuladhanipun jinisipun inggih menika *Dialek* Jawa Standar, saha *Dialek* Banyumas. Saderengipun ngrembag babagan *Dialek* Banyumas, badhe dipunrembag rumiyin babagan *Dialek* Standar. *Dialek* Standar (*Dialek* Yogyakarta-Surakarta) inggih menika *dialek* ingkang gadhah tetenger inggih menika: a) gadhah paramasastra; b) wonten karya sastraipun; c) dipun-ginakaken wonten ing kahanan resmi; d) gadhah basastranipun; e) pusat saking kabudayanipun wonten ing kraton.

Panaliten menika ngrembag basa pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor. Wedhawati (2005: 17-20) ngandharaken bilih wewengkon ingkang taksih ngginakaken Basa Jawi *Dialek* Banyumas dipunginakaken ing wewengkon Karesidenan Banyumas, saperangan Karesidenan Pekalongan, lan saperangan sisih Kilen Karesidenan Kedu. Wates wewengkon panganggening Basa *Dialek* Banyumas wonten ing sisih Kidul Kilen kaliyan Kabupaten Cilacap, wonten ing sisih Ler Kilen kaliyan Kabupaten Tegal, wonten ing sisih Ler Wetan kaliyan Kabupaten Pekalongan, lan wonten ing sisih Kidul Wetan kaliyan Kabupaten Kebumen.

Wedhawati dkk. (2005: 17) ngandharaken bilih *Dialek* Banyumas gadhah *kekhasan lingual* ingkang kasusun saking *kekhasan leksikal*, tata swanten, lan *struktur gramatikal*. *Kekhasan leksikal* gadhah tetenger inggih menika wonten saperangan leksem ingkang boten sami kaliyan *dialek* sanesipun, upaminipun ‘budin’ kangge nyebut ‘tela’ ananging wonten ing *dialek* sanesipun wonten ugi ingkang nyebut ‘pohung’, ‘tela kaspá’, utawi ‘tela jendral’. Babagan *kekhasan fonetis* lan *kekhasan gramatikal* langkung jangkep dipunandharaken wonten ing gandhap menika.

a) *Kekhasan* Tata Swanten *Dialek* Banyumas

Wedhawati dkk. (2005: 17) ngandharaken bilih fonem *Dialek* Banyumas gadhah *kekhasan* menawi dipuntandhingaken kaliyan *dialek* sanesipun. *Kekhasan* fonem kasebut saged dipunperang dados kalih, inggih menika *kekhasan* fonem vokal lan *kekhasan* fonem konsonan.

1) *Kekhasan* Fonem Vokal

Vokal-vokal ingkang khas wonten ing *Dialek* Banyumas inggih menika.

(a) Fonem /i/

Fonem /i/ ingkang awujud wanda sigeg dipun-ngendikaaken [i], ananging wonten ing *Dialek* Standar (*Dialek* Yogyakarta-Surakarta) dipun-ngendikaaken [ɪ].

(b) Fonem /u/

Fonem /u/ ingkang awujud wanda sigeg dipun-ngendikaaken [u], ananging wonten ing *Dialek* Standar (*Dialek* Yogyakarta-Surakarta) dipun-ngendikaaken [ʊ].

(c) Fonem /a/

Fonem /a/ ingkang awujud wanda sigeg dipun-ngendikaaken [a], ananging wonten ing *Dialek* Standar (*Dialek* Yogyakarta-Surakarta) dipun-ngendikaaken [ɔ].

Tuladha *kekhasan* fonem vokal kados ing ngandhap menika.

Fonem	Ortografi	Fonetik		Tegesipun
		<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	
/i/	Pitik	[pitik]	[pitɪʔ]	‘pitik’
/u/	Abuh	[ab ^h uh]	[ab ^h Uh]	‘abuh’
/a/	Lara	[laraʔ]	[lɔrɔ]	‘gerah’

Fonem /i/ awujud wanda sigeg ing tembung 'pitik' salebeting *Dialek* Banyumas dipun-ngendikaaken [i] satemah dipun-ngendikaaken [pitik], ananging wonten ing *Dialek* Standar, fonem /i/ awujud wanda sigeg dipun-ngendikaaken [I] satemah dipun-ngendikakaken [pitI?] ingkang tegesipun 'pitik'. Fonem /u/ awujud wanda sigeg ing tembung 'abuh' salebeting *Dialek* Banyumas dipun-ngendikaaken [u] satemah dipun-ngendikakaken [ab^huh], ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /u/ awujud wanda sigeg dipun-ngendikakaken [U], satemah dipun-ngendikakaken [ab^hUh] ingkang tegesipun 'abuh'. Ingkang pungkasan inggih menika fonem /a/ ingkang awujud wanda sigeg ing tembung 'lara' salebeting *Dialek* Banyumas dipun-ngendikaaken [a], satemah dipun-ngendikaaken [lara?] ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /a/ awujud wanda sigeg dipun-ngendikakaken [ɔ] satemah dipun-ngendikakaken [lɔɾɔ] ingkang tegesipun 'gerah'.

2) Kekhasan fonem konsonan

Dialek Banyumas gadhah *kekhasan* fonem antawisipun fonem/ b, d, g, k/, lan /ʔ/. Menawi dipuntandhingaken kaliyan *Dialek* Standar, fonem menika dipun-ngendikaaken [p], [t], [k], [ʔ], lan [Ø] (Wedhawati, 2005: 18).

Tuladha *kekhasan* konsonan kados ing ngandhap menika.

Fonem	Ortografi	Fonetik		Tegesipun
		<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	
/g/	Endhog	[ənd ^h og]	[ənd ^h ɔk]	'tigan'

/b/	Abab	[ab ^h ab ^h]	[ab ^h ap]	‘obab’
/d/	Babat	[b ^h ab ^h ad]	[b ^h ab ^h at]	‘babat’
/k/	Bapak	[b ^h apak]	[b ^h apa?]	‘bapak’
/?/	Ora	[ora?]	[ora]	‘boten’

Fonem /g/ awujud wanda menga ing tembung ‘endhog’ salebeting *Dialek* Banyumas dipun-ngendikakaken [g], lan fonem /o/ saderengipun konsonan /g/ dipun-ngendikakaken /o/, satemah tembung ‘endhog’ dipun-ngendikakaken [ənd^hog], ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /g/ awujud wanda menga dipun-ngendikakaken [k], lan fonem /o/ saderengipun konsonan /g/ dipun-ngendikakaken [ɔ] satemah tembung ‘endhog’ *Dialek* Jawi Standar dipun-ngendikakaken [ənd^hɔk] ingkang tegesipun ‘tigan’

Fonem /b/ wonten ing wanda sigeg tembung ‘abab’ wonten ing *Dialek* Banyumas dipun-ngendikakaken [b^h] satemah tembung ‘abab’ dipun-ngendikakaken [ab^hab^h] ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /b/ wonten ing wanda sigeg dipun-ngendikakaken [p] satemah tembung ‘abab’ wonten *Dialek* Jawi Standar dipun-ngendikakaken [ab^hap] ingkang tegesipun ‘abab’.

Fonem /d/ wonten ing wanda sigeg tembung ‘babat’ wonten ing *Dialek* Banyumas dipun-ngendikakaken [d] satemah tembung ‘babat’ dipun-ngendikaaken [b^hab^had] ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /d/ wonten ing wanda sigeg dipun-ngendikakaken [t], satemah tembung ‘babat’ wonten *Dialek* Jawi Standar dipun-ngendikakaken [b^hab^hat] ingkang tegesipun ‘babat’.

Fonem /k/ wonten ing wanda sigeg tembung ‘bapak’ wonten ing *Dialek* Banyumas dipun-ngendikaaken [k] satemah tembung ‘bapak’ dipun-ngendikaaken [b^hapak], ananging wonten ing *Dialek* Standar fonem /k/ wonten ing wanda sigeg dipun-ngendikaaken [ʔ], satemah tembung ‘bapak’ wonten *Dialek* Jawi Standar dipun-ngendikakaken [b^hapaʔ] ingkang tegesipun ‘bapak’.

Tembung ‘ora’ wonten ing *Dialek* Banyumas dipun-ngendikakaken ngginakaken fonem /ʔ/ wonten ing pungkasan tembung satemah tembung ‘ora’ dipun-ngendikakaken [oraʔ], ananging wonten ing *Dialek* Standar boten wonten fonem /ʔ/ ingkang dipunginakaken wonten ing pungkasaning wanda menga, satemah tembung ‘ora’ wonten *Dialek* Jawi Standar dipun-ngendikaaken [ora] ingkang tegesipun ‘boten’.

3) Tetenger *Silabis*

Wedhawati dkk. (2005: 18) ngandharaken *Silabe* (wanda) wonten ing *Dialek* Banyumas menika gadhah tetenger ingkang langkung panjang menawi dipuntandhingaken kaliyan *Dialek* Standar, tuladhanipun wonten ngandhap.

<i>Ortografi</i>	Fonetik		Tegesipun
	<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	
Temenan	/təmənan/	/tənan/	‘saestu’
Gemiyén	/g ^h əmiyən/	/mb ^h iyən/ /b ^h iyən/	‘jaman rumiyin’
Kecipir	/kəcipir/	/cipir/	‘kecipir’

Kecébonḡ	/kəcebo /	/ceb ^h ɔ /	‘kecebong’
Mlandhingan	/mland ^h i an/	/mland ^h I /	‘mlandhingan’

Wonten saperangan tembung-tembung ing *Dialek* Banyumas ingkang langkung panjang menawi dipunbandhingaken kaliyan tembung-tembung ing *Dialek* Jawi Standar ingkang tegesipun sami. Boten wonten tetenger ingkang pesthi gegayutan kaliyan wanda punapa mawon ingkang saged damel tembung-tembung ing *Dialek* Banyumas langkung panjang.

Basa *Dialek* Jawi Standar menika bentuk enggal saking tembung-tembung ing *Dialek* Banyumas ingkang kabentuk amargi wonten ater-ater, seselan, utawi panambangipun ingkang ical/ *lebur*. Tuladhanipun inggih menika.

Tembung /təmənan/ saking *Dialek* Banyumas gadhah teges ingkang sami kaliyan tembung /tənan/ wonten ing *Dialek* Jawi Standar tegesipun ‘saestu’. Tembung /tənan/ kabentuk saking tembung /təmənan/ kanthi ngicalaken seselan ‘em’.

Tembung /g^həmiyən/ *Dialek* Banyumas gadhah teges ingkang sami kaliyan tembung /mb^hiyən/ /b^hiyən/ wonten ing *Dialek* Jawi Standar tegesipun jaman rumiyin. Tembung /mb^hiyən/ kabentuk saking tembung /g^həmiyən/ kanthi ngicalaken setunggal wanda ‘ge’ lan nyeselaken ‘b’ wonten ing antawisipun huruf ‘m’ lan ‘i’ dados tembung /mb^hiyən/, utawi bentuk sanes kanthi ngicalaken setunggal wanda ‘ge’ lan ngicalaken huruf ‘m’ lajeng nambahi huruf ‘b’ saderengipun tembung ‘iyen’ dados /b^hiyən/. Kados mekaten ugi kangge tembung-tembung /kəcipir/, /kəcebo / lan /mland^hi an/ wonten *Dialek*

Banyumas, lan dados tembung-tembung /cipir/, /ceb^hɔ / lan /mland^hI / ingkang tegesipun ‘kecipir’, ‘kecebong’, lan ‘mlandhingan’.

b) *Kekhasan Gramatikal Dialek Banyumas*

Wedhawati dkk (2005: 19) ngandharaken *kekhasan* gramatikal *Dialek* Banyumas katingal saking wujud-wujud gramatikal ingkang beda kaliyan *dialek* sanesipun (beda ugi kaliyan *dialek* standar).

1) *Kekhasan wuwuhan*

Kekhasan wuwuhan *Dialek* Banyumas mliginipun wonten ing bentuk {-aken} lan *pasif persona* II. Panambang –aken wonten ing *Dialek* Banyumas gadhah *korespondensi* kaliyan panambang {-aké} wonten ing *Dialek* Standar, nalika wonten ing wujud verba aktif ugi wonten ing wujud verba pasif.

<i>Ortografi</i>	<i>Fonetik</i>		<i>Tegesipun</i>
	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Dialek Standar</i>	
Njupukaké	[ñj ^h ukutaken]	[ñj ^h pU?ake]	‘mendhetaken’
Ditukokaké	[ditukɔkən]	[ditukɔ?ake]	‘dipuntumbasaken’

Kados ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil bilih wuwuhan *Dialek* Banyumas mliginipun wonten ing panambang {-aken} ing wujud [ñj^hukutaken] gadhah *korespondensi* kaliyan panambang {-aké} ing wujud [ñj^hpU?ake] wonten ing *Dialek* Standar ingkang tegesipun mendhetaken. Sami ugi kaliyan wuwuhan *Dialek* Banyumas mliginipun wonten ing panambang {-aken}

ing wujud [dit^hukəkən] gadhah *korespondensi* kaliyan panambang {-aké} ing wujud [ditukəʔake] wonten ing *Dialek* Standar ingkang tegesipun dipuntumbasaken.

Kekhasan Dialek Banyumas sanesipun inggih menika *kekhasan pasif persona* II wonten ing *Dialek* Banyumas wujudipun ater-ater {di}, ananging menawi wonten ing *Dialek* Standar ngginakaken ater-ater awujud {kok-}.

Ortografi	Fonetik		Tegesipun
	<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	
Dijipuk	[d ^h iʝ ^h ukut]	[kəʔj ^h upUʔ]	‘dipunpendhet’
Dituku	[d ^h ituku]	[kəʔtuku]	‘dipuntumbas’

Kados ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil bilih *kekhasan pasif persona* II wonten ing *Dialek* Banyumas wujudipun ater-ater {di} ing wujud [d^hiʝ^hukut], ananging menawi wonten ing *Dialek* Standar ngginakaken ater-ater awujud {kok-} satemah wujudipun dados [kəʔj^hupUʔ] ingkang tegesipun ‘dipunpendhet’. Sami ugi kaliyan *persona* II wonten ing *Dialek* Banyumas wujudipun ater-ater {di} wujudipun [d^hituku], ananging menawi wonten ing *Dialek* Standar ngginakaken ater-ater awujud {kok-} satemah wujudipun dados [kəʔtuku] ingkang tegesipun ‘dipntumbas’. Khusus ing wilayah Pekalongan, panganggening wujud *pasif persona* II menika wujudipun {kok-}, sami kaliyan panganggening proklitik *Dialek* Standar.

2) Kekhasan reduplikasi

Tembung rangkep wonten ing *Dialek* Banyumas wujudipun dwi lingga, ananging wonten ing *Dialek* Standar wujudipun dwi purwa lan ugi wonten ingkang ngginakaken dwi ingga (Wedhawati, 2005: 20).

<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	Tegesipun
[rəga-rəga]	[rərəg ^h n, rəg ^h ɔ- rəg ^h ɔ]	‘regi-regi’
[lu a- lu a]	[ləlū an, lu ɔ- lu ɔ]	‘tindakan’

Tembung rangkep wonten ing *Dialek* Banyumas wujudipun dwi lingga kados ing wujud [rəga-rəga], ananging wonten ing *Dialek* Standar wujudipun dwi purwa ing wujud [rərəg^hn], wonten ing *Dialek* Jawi Standar ugi saged dados wujud dwi lingga ingkang wujudipun dados [rəg^hɔ- rəg^hɔ] tegesipun ‘regi-regi’. Sami ugi kaliyan tembung rangkep wonten ing *Dialek* Banyumas ingkang wujudipun dwi ingga ing tembung [lu a- lu a] beda kaliyan ing *Dialek* Standar ingkang wujudipun dwi purwa wujudipun [ləlū an], wonten ing *Dialek* Jawi Standar ugi saged dados wujud *reduplikasi* jangkep ingkang wujudipun dados [lu ɔ- lu ɔ] tegesipun ‘tindakan’.

3) Kekhasan Sintaksis *Dialek* Banyumas

Wedhawati dkk. (2005: 20) ngandharaken *kekhasan sintaksis Dialek* Banyumas saged dipuntingali wonten ing struktur *frasa*. *Kekhasan* menika wonten ing *frasa posesif*. Wonten ing *Dialek* Banyumas, nomina ingkang dipunlajengaken kaliyan *pronominal persona milik* tetep dipungandheng kaliyan wujud {-é/ -né},

ananging wonten ing *Dialek* Standar wujud {-é/ -né} menika saged ical, kejawi ing wujud *pemilik* inggih menika persona III (kadosta, bapak).

<i>Dialek</i> Banyumas	<i>Dialek</i> Standar	Tegesipun
kancané inyong	Kancaku	‘kanca kula’
kancané kowé	Kancamu	‘kancanipun panjenengan’
kancané bapak	kancané bapak	‘kancanipun bapak’

Wonten ing *Dialek* Banyumas, nomina ingkang dipunlajengaken kaliyan *pronominal persona milik* tetep dipungandheng kaliyan wujud {-é/ -né} kados ing *frasa* kancané inyong, ananging wonten ing *Dialek* Standar wujud {-é/ -né} menika saged ical, kejawi ing wujud *pemilik* inggih menika persona III satemah wujudipun dados kancaku ingkang tegesipun ‘kanca kula’. Sami ugi wonten ing *Dialek* Banyumas ing *frasa* ‘kancané kowé’, nomina ingkang dipunlajengaken kaliyan *pronominal persona milik* tetep dipungandheng kaliyan wujud {-é/ -né}, ananging wonten ing *Dialek* Standar wujud {-é/ -né} menika saged ical, kejawi ing wujud *pemilik* inggih menika persona III satemah wujudipun dados ‘kancamu’ ingkang tegesipun ‘kancanipun panjenengan’, ananging nalika wonten *frasa* ‘kancané bapak’ ing *Dialek* Banyumas gadhah wujud ingkang sami ing *Dialek* Standar ingkang tegesipun ‘kancanipun bapak’.

Kekhasan-kekhasan *Dialek* Banyumas menika dados pambada kaliyan dialek sanesipun, amargi saking kekhasan-kekhasan dialek menika basa ingkang dipunginakaken nalika misuh ugi wonten bedanipun. Ananging boten sedaya basa pisuhan *Dialek* Banyumas beda kaliyan basa pisuhan dialek sanesipun,

upaminipun Dialek Yogyakarta-Surakarta. Saperangan wonten basa-basa ingkang sami ingkang dipunginakaken kaliyan Dialek Banyumas lan Dialek Yogyakarta-Surakarta kangge ngandharaken pisuhan.

4. Pisuhan

Tembung pisuh miturut W.J.S. Poerwadarminto (1939: 494) gadhah teges tembung ingkang kasar, utawi tembung ingkang saru. Tembung-tembung kasar inggih menika tembung ingkang boten jumbuh kaliyan tata krama. Tembung-tembung menika dipunginakaken minangka wujuding raos duka, jengkel, utawi getun.

Tuladha pisuhan saged dipunpanggihi wonten ukara ”Oh la iki yo **asu** yoan “ (Santoso, 2013:13). Ukara menika kalebet pisuhan amargi tembung ‘asu’ menika gadhah ancas minangka panggantos tiyang ingkang dipunpisuhi. Pisuhan menika kalebet pisuhan awujud tembung lingga ingkang jinisipun tembung aran, lan gadhah *referen* nama kewan.

a) Wujuding Pisuhan

Wijana lan Rohmadi (2006:115) ngandharaken bilih wujud pisuhan saged kaperang dados tiga jinis inggih menika pisuhan tembung, pisuhan awujud *frasa* (kelompok tembung) lan *klausula*. Jinising pisuhan wonten Basa Indonesia kaliyan Basa Jawi menika sami. Saptomo (2001:21) ngandharake bilih pisuhan abasa Jawi miturut wujudipun menika kaperang dados tiga, inggih menika pisuhan awujud tembung, *frasa*, lan *klausula*.

1) Pisuhan Awujud Tembung

Pisuhan ingkang awujud tembung kaperang dados pisuhan ingkang awujud tembung lingga lan tembung andhahan. Tembung lingga miturut Hadiwidjana (1967: 18) inggih menika tembung ingkang dipunanggep taksih wungkul, ananging sampun luwih saking setunggal kecap. Sami kaliyan Hadiwidjana, Sasangka (2001:34) ngandharaken bilih tembung lingga menika tembung ingkang taksih wetah lan dereng rinaketan wuwuhan punapa-punapa.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga

Sasangka (2001: 34-35) tembung lingga inggih menika tembung ingkang taksih wutuh/ wungkul ingkang dereng rinaketan imbuhan punapa-puanapa. Tembung lingga wonten ingkang wujudipun setunggal wanda, kalih wanda, utawi tigang wanda. Tembung lingga ingkang dumados saking setunggal wanda upaminipun, gong, bom, las, tik, lan cet. Tembung lingga ingkang dumados saking kalih wanda upaminipun, pari, pitik, amben, lan wajan. Bilih tembung lingga ingkang dumados saking tigang wanda upaminipun rekasa, kulina, kapiran, padharan, lan mustaka. Wanda wonten ing Basa Jawi dipunbedaaken dados kalih werni inggih menika wanda menga (*suku terbuka*) lan wanda sigeg (*wanda tertutup*). Wanda menga inggih menika jinising wanda ingkang pungkasanipun huruf vokal, wondene menawi pungkasaning wanda awujud konsonan dipunwastani wanda sigeg.

(1) Tembung Lingga Jinis Aran

Miturut Sasangka (2001: 98) tembung aran utawi *kata benda* (nomina) inggih menika tembung ingkang ngandharaken namanipun barang utawi menapa mawon ingkang dipun-anggep barang. Pangertosan tembung aran ingkang langkung jangkep miturut Hadiwidjana (1967: 26-27) tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken babagan barang, kaperang dados tiga inggih menika, barang kodrat, barang yasan, lan barang pindha.

Barang kodrat saged dipunperang dados kalih werni, inggih menika ingkang gesang/ aran sukma (*nomina insani*) tuladhanipun tiyang, kewan, saha tetuwuhan, wonten ugi barang kodrat ingkang boten gadhah nyawa/ aran tansukma saupamitimbangan, bantal, kasur, sandal, watu, banyu, lan gunung. Tuladha saking barang yasan inggih menika papan, pangan sandhang, piranti, kawruh, pangkat, kabudayan, krabat, lan tunggangan. Barang pindhan inggih menika sedaya bentuk sasanipun barang ananging lenggahipun wonten papan kados barang, upaminipun wonten ukara menika.

“Pak guru mulang nulis, maca, ngambar.”

Tembung aran wonten ing salebeting ukara ing nginggil lenggahe dados jejer utawi lesan, lan minangka wangsulanipun pitakenan Napa? lan Sinten?.

Miturut pamanggihipun Sasangka (2001: 98) babagan tembung aran, tembung aran saged sinambung kaliyan ‘dudu/ sanes’ lan ‘ana/ wonten’, ananging boten saged sinambung kaliyan tembung ‘ora/ boten’. Tembung aran ugi saged dijemberaken kanthi nuwuhaken tembung ‘sing + tembung kahanan’ utawi

tembung ‘sing + tembung kriya. Pamanggihipun Sasangka sami kaliyan pamanggihipun Mulyana (2007: 52) bilih ciri saking tembung aran menika saged sinambung kaliyan ‘dudu/ sanes’, saged ugi sinambung kaliyan *preposisi* tuladhanipun ing, saka, menyang. Tuladha pisuhan ingkang kalebet tembung aran inggih menika asu, setan, tai.

“ O lha iki yo **asu** yoan! “
(Santoso, 2013: 13)

Tembung ‘asu’ wonten ing tuturan menika kalebet ing tembung pisuhan ingkang kalebet tembung lingga amargi tembung menika taksih awujud tembung ingkang wungkul utawi dereng rinaketan imbuhan punapa-punapa. Tembung ‘asu’ dumados saking kalih wanda inggih menika ‘a’ lan ‘su’. Kalih wanda menika kalebet jinis wanda menga.

Tembung ‘asu’ kalebet jinising tembung aran, amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’. Tembung ‘asu’ menawi dipunsambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados tembung ‘dudu asu’.

(2)Tembung Kahanan/ sipat

Sasangka (2001: 103- 104) ngandharaken tembung sipat (adjektiva) ugi dipunsebut tembung watak utawi kahanan inggih menika tembung ingkang saged ngandharaken kahanan utawi watak saking barang utawi bab. Tembung sipat dipunperang dados kalih inggih menika tembung watak lan tembung kahanan. Sami kaliyan pamanggihipun Mulyana (2007: 60) bilih tembung kahanan inggih

menika tembung ingkang saged ngandharaken kahanan barang utawi ingkang dipunbarangaken.

Tuladha saking tembung watak inggih menika, drengki, srei, jail, methithil, lan bombongan, dene ingkang kalebet tembung kahanan upaminipun tembung mlarat, sugih, sengsara, mulya, begja, lan cilaka. Tembung sipat gadhah titikan saking tembung-tembungipun ingkang saged sinambung kaliyan tembung luwih, rada, paling, lan banget. Tuladha pisuhan tembung adjektiva inggih menika, edan, gendheng, goblok, lan koplak. Saged dipuntingali wonten ing ukara menika.

“ **Goblok** tenan bocah iki.”
(Saptomo, 2001: 30)

Tembung ‘goblok’ menika kalebet tembung kahanan amargi kangge nerangaken sifatipun lare menika.

(b) Tembung Andhahan

Tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun boten wungkul. Tembung menika awujud tembung lingga ingkang sampun dipunrimbag (Hadiwidjana, 1967: 19). Sami ugi pamanggihipun Sasangka babagan tembung andhahan, Sasangka (2001: 36) ngandharaken bilih tembung andhahan menika tembung ingkang sampun owah/ beda saking tembung lingganipun amargi sampun pakentuk wuwuhan. Sasangka ugi ngandharaken bilih tembung andhahan sami mawon kaliyan tembung lingga ingkang sampun dipunrimbag. Miturut Sasangka jinising wuwuhan/ pangrimbag/ afiks Basa Jawi menika wonten sekawan. Pangrimbag wonten Basa Jawi miturut Sasangka inggih menika ater-

ater, seselan, panambang, lan imbuhan bebarengan/ campuran. Tuladha pisuhan ingkang kalebet wonten ing tembung andhahan inggih menika, bajingan, diancuk, lan mbanyaki. Tuladha menika saged dipunpirsani wonten tembung menika.

“Bajingan!”
(Saptomo, 2001: 33)

Tembung bajingan asalipun saking tembung bajing ‘tiyang nakal’ utawi ‘tiyang ingkang pedamelanipun mlampahaken grobag’ ingkang pikantuk panambang –an. Tembung bajing kalebet jinis nomina. Tembung ‘bajing’ gantos dados ‘bajingan’ kalebet *perubahan* ingkang sipatipun *infleksional*, amargi gantosipun wujud asal boten ndadosaken gantosipun kategori tembung.

Tembung andhahan sanesipun wonten ingkang dipunwastani tembung rangkep. Sasangka (2001: 90) ngandharaken bilih tembung rangkep menika kaperang dados tiga, inggih menika dwipurwa, dwilingga, lan dwiwasana. Dwipurwa inggih menika tembung ingkang dumadi saking pangrangkepipun purwa saking tembung lingga. Tembung dwipurwa dipunginakaken kangge damel tembung aran lan tembung kriya. Tuladha saking tembung dwipurwa inggih menika: resik + R dados ‘resik’, tuku + R dados ‘tetuku’, lan sulih + R dados ‘sesulih’. Tembung rangkep dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang dipunrangkep (Sasangka: 2001: 92). Wonten malih dwilingga salin swara ingkang lingganipun karangkep kanthi ewah wonten aksara swaranipun. Tuladha saking dwilingga inggih menika; udan-udan, mlaku-mlaku, lan mlayu-mlayu. Bilih tuladha saking dwilingga salin swara inggh menika; udat-udut, bola-bali, lan oka-aku. Jinising tembung rangkep sanesipun inggih menika tembung rangkep

dwiwasana. Dwiwasana miturut Sasangka (2001:94) inggih menika tembung ingkang ngrangkep wanda wekasan utawi pangrangkep wasananipun tembung. Tuladha saking tembung lingga dwiwasana inggih menika, ‘cengingak-cenginguk’, ‘cekakak-cekikik’, lan ‘cengangas- cengingis’.

Wonten malih tembung andhahan ingkang dipunwastani tembung wancah. Tembung wancah inggih menika tembung ingkang sampun boten utuh lan sampun kawancah wonten saperangan lingganipun. Hadiwidjana (1967: 25) ngandharaken bilih tembung wancah dipunginakaken dening tiyang ingkang sampun tepang lan kulina. Tembung camboran inggih menika tembung ingkang kadadosan saking tembung kalih ingkang dipungandheng lan dados tembung enggal ingkang gadhah teges enggal ugi. Sudaryanto wonten ing Endang Nurhayati & Siti Mulyani (2006: 102) ngandharaken salebeting Basa Jawi kapanggihaken 7 cara kangge ngiket tembung camboran, inggih menika (1) kawontenanipun makna enggal ingkang boten saged dipunwangsulaken dhateng makna dasaripun, (2) kasalarasan makna enggal ingkang taksih karambu-rambukkaken dening makna wujud dasaripun, (3) kasalarasan makna saha utawi wujud *fonemik* antawisipun wujud dasar, (4) kawontenanipun wujud dasar ingkang *prakategorial*, (5) kawontenanipun wujud dasar ingkang arupi *unsur unik*, (6) kawontenan wujud penggalan minangka wujud dasar, saha (7) kawontenan wujud *onomatopoeia* minangka wujud dasar. Tuladha saking tembung camboran inggih menika ‘raja lele’ ingkang tegesipun dados jinising uwos, semar mendem ingkang tegesipu jinising dhaharan.

2) Pisuhan Awujud *Frasa*

Mulyana (2004: 35) ngandharaken *frasa* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang dipundamel saking gabungan kalih tembung utawi langkung ingkang sifatipun sanes predikatif. Kejawi mekaten Soeparno (2003: 81) ngandharaken bilih *frasa* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang kaperang saking kalih tembung utawi langkung, tembung menika kalebet unsur saking *klausa* lan sanes makna *preposisi*.

Langkung *spesifik* malih babagan *frasa* pisuhan wonten ing Basa Jawi, Saptomo (2001: 35) ngandharaken bilih pisuhan Basa Jawi ingkang awujud *frasa* adedhasar golongan tembung saged kaperang dados kalih, inggih menika *frasa* nominal lan *frasa* adjektival. Sasangka (2001: 132) ngandharaken bilih *frasa* nominal menika *frasa* ingkang intinipun awujud tembung aran. Tuladha saking *frasa* nominal inggih menika; payung kertas, klambi anyar, sepatu kulit, lemari kayu jati, rambut dawa ireng, dudu watu, lan dudu gunung. Menawi *frasa* adjektival/ *frasa* kahanan miturut pamanggihipun Sasangka (2001: 134) inggih menika *frasa* ingkang intinipun awujud tembung kahanan utawi tembung watak, tuladhanipun, bagus tenan, seneng banget, lan kuning enom.

(a) Pisuhan awujud *frasa* nominal

Tuladha saking pisuhan Basa Jawi ingkang awujud *frasa* nominal miturut Saptomo (2001: 35-36) antawisipun, setan alas, asem tenan, bajingan tengik, tai asu, lan tai kucing. Tuladha pisuhan ingkang awujud *frasa* nominal saged dipuntingali wonten ing ukara menika.

“**Setan cilik**, aja macem-macem yen isih pengin mangan sega!”
(Saptomo, 2001: 36)

Frasa ‘setan cilik’ wonten ing ukara nginggil kalebet *frasa* endosentrik atributif. *Frasa* kasebut kasusun saking tembung ‘setan’ ingkang dados pusat/ inti saking *frasa* kasebut, lan tembung ‘cilik’ ingkang dados atribut.

Tembung ‘setan’ kalebet kategori tembung nomina. Tembung ‘cilik’ kalebet kategori tembung adjektiva. Amargi unsur pusatipun kalebet tembung nomina satemah *frasa* ‘setan cilik’ kalebet *frasa* nomina.

(b) Pisuhan awujud *frasa* adjektiva

Frasa adjektival inggih menika *frasa* ingkang pusatipun wonten ing tembung adjektiva. Tuladha saking pisuhan Basa Jawi ingkang awujud *frasa* adjektival miturut Saptomo (2001: 35-36) antawisipun, edan tenan, goblok tenan, lan rada koplak. Tuladha pisuhan ingkang kalebet *frasa* adjektival saged dipun tingali wonten ing ukara menika.

“**Edan tenan**. Aku ngimpi dioyak-oyak dening arwahe pitik sing tak beleh.” (Saptomo, 2001: 37)

Wonten ing *frasa* ‘edan tenan’ ingkang dados unsur pusatipun inggih menika tembung ‘edan’ ingkang kalebet ing kategori adjektiva, lan tembung ‘tenan’ ingkang dados atribut. Amargi unsur pusatipun kalebet tembung adjektiva satemah *frasa* kasebut kalebet *frasa* adjektiva.

3) Pisuhan Awujud *Klausa*

Ramlan (1983: 78) ngandharaken bilih *klausa* inggih menika satuan gramatik ingkang kasusun saking jejer, wasesa, lesan, jejangkep, lan keterangan utawi boten. Sasangka (2001: 136) ngandharaken *klausa* inggih menika rerangkening tembung ingkang saged ngudhar satunggaling gagasan utawi salah satunggaling bab. Tetenger *klausa* wonten ing basa lisan miturut Sasangka (2001: 136) inggih menika sakboten-botenipun kedah wonten wasesanipun. Ananging wonten ing basa sinerat, *klausa* sakboten-botenipun kadadosan saking jejer saha wasesa. Saking pangertosan menika, saged dipunpendhet dudutan bilih ingkang kedah wonten ing *konstruksi klausa* inggih menika wasesa. Anggenipun nemtokaken pisuhan kalebet *klausa* menapa boten kedah saged mangertos tetengeripun *klausa*. Pisuhan ingkang awujud *klausa* wingkingipun asring dipuntambahi pronominal. Tuladha saking pisuhan ingkang awujud *klausa* inggih menika, clurit lambemu, matamu suwek, lan kekrek lambemu. Tuladha saged dipuntingali wonten ukara menika.

“Macem-macem **tak kekrek lambemu** sisan”.
(Santoso, 2013:21)

‘Kekrek lambemu’ wonten ing ukara menika kalebet *klausa*. Kekrek menika minangka wasesa lan lambemu menika awujud lesan. Wonten ing tembung menika tembung ‘tak kekrek’ minangka wasesa ingkang dados ciri *klausa* ingkang asipat predikatif.

Tembung motor mabur mujudaken lambang utawi simbol; *sarana angkutan ingkang saged mabur* mujudaken pikiran, ide, utawi konsep; bilih gambar ➔ mujudaken *acuan*.

Makna *referensial* ngisarataken babagan makna ingkang langsung nuju dhateng setunggal perangan, upaminipun araning barang, kahanan, proses, tetenger, sipat lsp. Tuladhanipun: nesu.

Tembung ‘nesu’ ingkang dipundadosaken *acuan* inggih menika kahanan, upaminipun pasuryanipun mrengut, lathinipun menjep, utawi ngginakaken ujaran kanthi nada ingkang inggil. Satemah saged dipunpendhet dudutanipun bilih ingkang dipunwastani *referen* inggih menika *acuan* ingkang dipundadosaken lambang utawi simbol kangge sarana ngandharaken pikiran/ ide/ konsep.

Pisuhan ing Basa Jawi ingkang ngginakaken *referen* saged dipuntingali wonten tuladha in ngandhap:

“O lha iki yo **asu** yoan ! “
(Santoso, 2013: 13)

Kanthi *referensial* tembung ‘asu’ gadhah *acuan* dhateng kewan tartamtu. Wonten ukara ing nginggil tembung ‘asu’ dening panutur boten dipunginakaken kangge nyebut kewan tartamtu ananging dipunginakaken kangge misuh dhateng tiyang. ‘Asu’ wonten ing masarakat Jawi dipun-anggep gadhah *asosiasi* negatif (mliginipun kangge masarakat ingkang agaminipun Islam, asu menika kewan ingkang najis).

Miturut Saptomo (2001: 40-43) nalika saweg duka/ nesu, panutur boten mikiraken tegesing tembung-tembung ingkang dipun-ngendikaaken. Pisuhan

ingkang dipun-ngendikaaken dening panutur anamung kangge alat nglampiasaken emosi.

Wonten ing kadadosan kados mekaten kadadosan *penyelewang* nalika nerapaken makna/teges. Tembung ‘asu’ boten dipunginakaken kangge nyebut namanipun kewan, ananging dipunginakaken kangge nyebut tiyang ingkang saweg dipunpisuhi. Wonten ing babagan menika ‘asu’ dipunginakaken kanthi *metaforis*. Tegesipun, celukan ‘asu’ dening panutur sanes dipunmaksudaken kangge nunjuk kewan asu, ananging dipunginakaken kangge nyebut tiyang/ tiyang.

Saged dipunpendhet dudutan bilih *referen asu* ingkang wiwitanipun ngacu/ nudhuhaken dhateng kewan tartamtu pindah dhateng tiyang/tiyang tartamtu ingkang gadhah sifat kados kewan ingkang dipundadosaken *referen*. Tiyang ingkang dipunpisuhi menika dipunanggep kados asu ingkang wonten ing masarakat asring dipunsebut kewan ingkang najis lan galak.

Wijana lan Rohmadi (2006: 125) ngandharaken wonten wolung *referen* pisuhan wonten ing basa Indonesia, inggih menika kahanan: kahanan, nama kewan, jinising demit, araning barang, perangan badan/ sarira, kecaketan keluarga, *aktivitas*, lan padamelan.

Sedaya *referen* menika saged dipundadosaken sarana pisuhan utawi kangge misuh amargi miturut Wijana lan Rohmadi (2006: 125) wolung *referen* kalawau gadhah *substansi* ingkang saged dipundadosaken sasaran pisuhan, inggih menika:

- 1) babagan ingkang dipunanggep bodho,

- 2) bab-bab ingkang boten limrah,
- 3) babagan ingkang terkutuk lan boten diparengaken dening agami,
- 4) babagan ingkang boten kabegjan / kacilakan,
- 5) babagan ingkang damel jijik tumrap tiyang,
- 6) babagan ingkang dipunanggep ngganggu pagesangan tiyang wonten pangertosan ingkang sajembaripun.

Menawi Wijana lan Rohmadi ngandharaken biih *referen* pisuhan wonten ing basa Indonesia wonten wolung jinis, Saptomo (2001: 39) ngandharaken *referen* pisuhan ing Basa Jawi wonten kalih welas. *Referen* pisuhan Basa Jawi miturut Saptomo inggih menika: nama kewan, perangan bada/ sarira, pedamelan, dhaharan, araning barang, tai/ kotoran tiyang lan kewan, kahanan tiyang, etnik/ nagari, kacaketan kaluarga, jinising dhemit, nama tempat utawi dhaerah asal, lan *aktivitas* tartamtu.

Menawi dipuntingali, *referen* ingkang dipunandharaken dening Wijana lan Rohmadi ingkang cacahipun wolu saged mlebet wonten jinis *referen* ingkang dipunandharaken dening Saptomo ingkang cacahipun kalihwelas. Panaliti nggabungaken pamanggih saking Wijana lan Rohmadi saha pamanggih saking Saptomo babagan *referen* pisuhan kangge panaliten babagan jinis lan ancas *referen* pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor. Tamtunipun wonten bedanipun antawisipun Wijana lan Rohmadi saha Saptomo ing panaliten menika.

Menawi Wijana lan Rohmadi ngginakaken basa Indonesia kangge jinis pisuhanipun, bilih Saptomo ngginakaken Basa Jawi ingkang saperangan ageng

kathah ngginakaken Basa Jawi baku inggih menika *dialek* Yogyakarta- Surakarta. Pisuhan ingkang dipuntaliti dening panaliti inggih menika pisuhan Basa Jawi wonten ing *Dialek* Banyumas. Tuladha saking saben jinis *referen* saged dipuntingali ing ngandhap menika (Saptomo, 2001: 39-71).

- 1) Tuladha *referen* nama kewan antawisipun, asu, anjrit, celeng, jangkrik munyuk, kampret, kirik, lan wedhus. *Referen* kewan ingkang asring dipunginakaken wonten ing pisuhan abasa Jawi inggih menika kewan-kewan ingkang gadhah sifat ala antawisipun hewan ingkang najis miturut agami, kewan ingkang remenipun gelut, kewan ingkang gadhah sipat rakus, saha kewan ingkang njijiki lan reged.
- 2) Tuladha *referen* saking perangan badan inggih menika endhasmu, gundulmu, matamu, utekmu, lambemu, matane, dhengkulmu, rupamu, lan silit. Pisuhan Basa Jawi ingkang *referenipun* nunjuk perangan badan menika tembung-tembung ingkang *tabu* ingkang kedahipun boten dipunginakaken amargi boten sopan.
- 3) Tuladha *referen* padamelan antawisipun bajingan, bajigur, kere, lonthe, gondhes, bajingan, lan maling. Pisuhan Basa Jawi ingkang *referenipun* nunjuk pedamelan/ *profesi* tartamtu inggih menika padamelan ingkang sipatipun negatif, pedamelan ingkang boten dipunkajengaken dening sedaya tiyang ingkang sehat jasmani rohaninipun.
- 4) Tuladha *referen* dhaharan antawisipun, gembus, asem, lan tela. Pisuhan Basa Jawi ingkang *referenipun* nunjuk dhateng dhaharan tartamtu inggih menika

dhaharan ingkang gizinipun sekedhik sanget ingkang asring dipundhahar dening tiyang padhusunan.

- 5) Tuladha *referen* araning barang antawisipun gombal, slompret, lan semprul. Pisuhan Basa Jawi ingkang *referenipun* nunjuk dhateng araning barang tartamtu menika barang- barang ingkang gadhah sipat negatif. Barang-barang menika boten patosa migunani lan kualitasipun boten sae satemah boten saged dipunmafaataken kados samesthinipun.
- 6) Tuladha *referen* kotoran tiyang/ kewan inggih menika tai, telek, lan entut. Pisuhan Basa Jawi ingkang *refenipun* nunjuk dhateng kotoran tiyang/ kewan inggih menika kotoran tiyang/kewan dipunanggep tembung-tembung ingkang tabu saha njijiki.
- 7) Tuladha *referen* kahanan tiyang antawisipun, edan, gendheng, goblok, kenthir, kemplu, koplak, modar, pekok, lan sableng. Pisuhan Basa Jawi ingkang *refenipun* nunjuk kahanan inggih menika kahanan ingkang gadhah sipat negatif, inggih menika kahanan ingkang boten dipunkajengaken dening sedaya tiyang.
- 8) Tuladha *referen* etnik/ nagari inggih menika, cina edan, cina gosong, bule edan, lan landa edan. Pisuhan Basa Jawi ingkang *refenipun* nunjuk etnik/ nagari inggih menika tiyang ingkang gadhah sipat kikir/ pelit, boten gadhah *tata* krama, lan tiyang ingkang saremenipun piyambak.
- 9) Tuladha *referen* kecaketan kulawarga/ raket ing sesambetan antawisipun, bapakmu, kakekane, mbahmu, lan mbokmu. Pisuhan Basa Jawi ingkang

refenipun nunjuk kecaketan kulawarga inggih menika dipunginakaken kangge sebutan tiyang ingkang kinurmatan.

- 10) Tuladha *referen* setan inggih menika eblis, dhemit, setan, thuyul lsp. Setan ingkang dipundadosaken *referen* pisuhan Basa Jawi gadhah sifat kejem, upaminipun sipat *pembanggang*, ngganggu tiyang, *nyesataken* tiyang lan nyolong/mendhet arta tiyang sanes.
- 11) Tuladha *referen* panggenan antawisipun, cah nggunung, lan wong ndesa. Panggenan ingkang dipunginakaken *referen* pisuhan Basa Jawi inggih menika panggenan ingkang dipunanggep gadhah sipat negatif, upaminipun *keterbelakangan lan keterasingan*.
- 12) Tuladha *referen aktivitas* inggih menika, diancuk, dlogok, dladuk, lan minggata. *Aktivitas* ingkang dipunginakaken *referen* pisuhan inggih menika *aktivitas* ingkang dipunanggep negatif upaminipun *aktivitas* ingkang dipunharamaken agami, utawi dipunpilih basa ingkang kasar.

c) Ancas Saking Pisuhan

Miturut Saptomo (2001:72) bilih ancas saking pisuhan inggih menika kangge sarana ngandharaken raos duka, jengkel, getun, kuciwa, gumun, ngina tiyang sanes, ugi kangge nggambaraken raket ing sesambetan. Ancas saking pisuhan kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan limrahipun dipunginakaken nalika panutur nandhang duka. Duka inggih menika raos kirang mranani amargi angsal perilakon ingkang boten

salimrahipun (Moeliono, 1988: 559). Nalika tiyang nandhang duka tiyang menika boten mikir malih lan saged ngendika kanthi kasar. Ngendika kanthi kasar inggih menika ngendika kanthi ngginakaken tembung-tembung ingkang boten sopan, ngendika ngginakaken tembung-tembung ingkang kotor lan njijiki. Tuladhanipun inggih menika 'asu, bajingan, ndhasmu, setan alas'. Saged dipuntingali wonten ing ukara menika, "**Bajigur** malah plirak-plirik". Saking tuturan menika *panutur* nandhang duka amargi dipunpliriki kaliyan tiyang sanes nalika wonten ing bis.

2) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Jengkel inggih menika raos ndongkol ing manah dhumateng priyantun sanes amargi dipunapusi utawi dipunremehaken (Moeliono, 1988: 432). Menawi tiyang ngertos bilih piyambakipun dipunapusi dening tiyang sanes ndadosaken tiyang menika jengkel amargi piyambakipun ngraos dipunremehaken dening tiyang sanes. Wujud saking raos jengkel menika dipunandharaken ngginakaken pisuhan. Tuladha saking pisuhan ingkang ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing tuturan menika.

“ **Asui**, dikandhani malah cengengesan”
(Saptomo, 2001: 40)

Tembung 'asui' minangka tembung kangge ngandharaken raos mangkel panutur amargi piyambakipun ngraos sampun dipunremehaken nalika piyambakipun matur kaliyan tiyang sanes.

3) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Kuciwa

Kuciwa inggih menika pangraos boten puas amargi kekajenganipun boten kalaksanan (Moeliono, 1988: 402). Pisuhan Basa Jawi ingkang nggambaraken raos kuciwa tuladhanipun.

“**Asemi**, diwenehi gawean malah ora nggenah.
(Saptomo, 2001: 77)

Pisuhan ‘asemi’ wonten ing ukara nginggil dipunginaken dening panutur minangka sarana kangge ngandharaken raos kuciwa amargi pedamelan ingkang dipunlampahi boten kados ingkang dipunkajengaken.

4) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Getun

Getun inggih menika pangraos boten sekeca ing manah amargi sampun nglampahi lepat upaminipun nglampahi padamelan ingkang boten sae lan ngraos dosa (Moeliono, 1988: 830). Tuladha pisuhan ingkang ngandharaken raos getun inggih menika.

“**Jangkrik**, jebul salah sing dicekel.”
(Saptomo, 2001: 79)

Pisuhan ‘jangkrik’ wonten ing ukara nginggil dipunginakaken kangge ngungkapaken raos getun amargi panutur boten sengaja nyepeng astanipun *pramuniaga* ingkang dipunwastani asta boneka.

5) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Gumun

Gumun inggih menika pangraos takjub utawi heran nalika ningali utawi mirengaken bab tartamtu (Moeliono, 1988: 376). Priyantun ingkang ningali bab

ingkang aneh utawi kahanan ingkang kirang limrah biasanipun gadhah pangraos gumun. Gumun ugi wonten ingkang kangge ngalem tiyang sanes, kangge ngalem menika kadang kala dipunandharaken kanthi boten sadar ngginakaken tembung pisuhan, kadosta:

“**Edani**, kendel tenan iki.”
(Saptomo, 2001: 80)

Pisuhan ‘edani’ wonten ing ukara nginggil dipunginakaken kangge ngungkapaken raos gumun nalika panutur ningali tenaga petinju nalika nrima anteman saking lawan.

6) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Raos Ngina

Ngina inggih menika ngandhapaken tiyang sanes (Moeliono, 1988: 308). Ngina saged kadadosan amargi wonten raos kirang remen dhateng tiyang sanes lan menapa ingkang dipunandharaken dening tiyang sanes. Pisuhan ingkang ngemot ancas kangge ngina tiyang sanes saged dipuntingali wonten ing tuturan menika.

“**Cah ndesa** memper, kaya ngono wae nggumun.”
(Saptomo, 2001: 81)

Frasa ‘cah ndesa’ wonten ing ukara nginggil dipunginakaken dening panutur kangge ngina tiyang sanes ingkang dipunanggep tiyang ingkang boten gadhah pengalaman kados tiyang dusun ingkang kirang pendidikan.

7) Pisuhan Minangka Sarana Kangge Ngandharaken Rumaketing Sesambetan/ Intim

Intim inggih menika raos akrab utawi raketing sesambetan wonten ing pagesangan (Moeliono, 1988: 336). Raketing sesambetan menika saged katingal saking ukara ingkang dipunginakaken. Wonten ing kahanan santai asring dipunpanggihaken tembung-tembung pisuhan minangka sarana kangge sesambetan supados langkung akrab antawisipun panutur saha mitra tutur. Bilih kawontenan sampun akrab, panutur saha mitra tuturipun ngraos sampun boten wonten malih bedanipun babagan status sosial.

5. Konteks Basa

Konteks basa inggih menika kahanan nalika wonten tuturan. Kahanan ingkang dipunmaksud inggih menika *latar belakang* saking wontenipun *komunikasi* saha *interaksi* antawisipun panutur saha mitra tutur (Mulyana, 2004: 20).

Miturut Mulyana (2004: 21) wonten ing pangendikan, *konteks* menika wigatos sanget. *konteks* menika kedah dipunpahami antawisipun panutur saha mitra tuturipun. Menika wigatos sanget amargi wonten ing salebeting tuturan, menawi konteksipun boten cetha saged damel beda anggenipun negesi tuturanipun. Tuturan ingkang sami saged nuwuhaken makna ingkang beda menawi dipun-ngendikakaken wonten *konteks* ingkang beda. Kados tuladha ing ngandhap menika:

“Kae padha rebutan kursi empuk.” Tembung menika saged gadhah teges ingkang beda inggih menika.

- 1) Tiyang ingkang rebutan kursi ingkang empuk menawi dipunlenggahi.
- 2) Tiyang ingkang rebutan jabatan wonten ing pamarintahan.

Miturut Hymes wonten ing Mulyana (2004: 21-22) *konteks* menika kasusun saking mapinten-pinten aspek wonten salebeting tuturan. Hymes damel akronim kangge ngrembag babagan wujuding konteks. Akronim saking konteks-konteks menika mujudaken tembung *SPEAKING*. Saben setunggal huruf saking tembung *speaking* menika gadhah pangertosan kados wonten ing ngandhap menika.

a) *S~ setting and scene*

Setting and scene inggih menika latar fisik lan latar psikis (swasana). *Setting* ngandhut teges panggenan lan wekdal kadadeyan sambung rasa/*komunikasi*. *Scene* menika ngengingi babagan swasana psikologis ingkang taksih wonten gegayutanipun kaliyan prastawa komunikasi. Bedanipun wekdal, panggenan, lan swasana tuturan nyababaken wontenipun *variasi* basa. Tuladha saking *setting* saged dipunpanggihaken wonten ing peken kados ukara menika.

“Mbah, kangkunge reginipun pinten?”

Menika salah satunggaling tuturan ingkang gadhah *setting* wonten ing peken lan *scene* ngenyang kangkung.

b) P~ *participant*

Participant kasusun saking panutur (*sender*), mitra tutur (*addreser*), pamiarsa (*audience*), lan tiyang ingkang dipunngendikakaken. Gegayutanipun kaliyan babagan menika kadosta, status sosial, tingkat pendidikan, lan yuswa.

Gegayutan ingkang dipunsebutaken wonten nginggil menika ugi tumut dados bahan pratimbang kangge panutur nalika ngandharaken tuturanipun. Tuladha saking *participant* saged kapanggihaken wonten ing tuturan menika.

Simbah: "Kalawau sare tabuh pinten Mbah?"

Putu: "Jam lima Le".

(Santoso, 2013:11)

Kahanan menika nalika wonten tiyang enem matur kaliyan tiyang sepuh, tiyang enem kalawau ngginakaken basa krama amargi kangge wujud pikurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh, ananging simbah kalawau ngendika kanthi ngginakaken basa ngoko amargi kalih tiyang ingkang langkung enem.

c) E~ *end*

End menika awujud kasil ingkang dipunkajengaken (*ends in views goal*) saha ancas ingkang dipunkajengaken (*ends in views of goal*). Sedaya panutur ngajengaken kasil tanggapan saking pesan ingkang dipunaturaken kanthi pas kaliyan ancas tuturan menika. Tuladhanipun saged kapanggihaken wonten ing ukara menika.

"Kula nyuwun sangu Pak kangge tumbas jajan."

Ukara menika nedhahaken bocah ingkang nyuwun sangu dumateng bapakipun ngginakaken basa ingkang sopan lan manis supados dipunparingi sangu.

d) *A~ act*

Act kasusun saking wujud pesan (*message form*) lan wosing pesan (*message content*). Wosing pesan dipunaturaken kanthi wujud pesan. Wujud pesan ingkang dipunpilih panutur dipuntamtukaken dening wosing pesan ingkang badhe dipunaturaken, babagan menika ingkang namtukaken kasil utawi tanggapan ingkang dipunkajengaken saking mitra tuturipun. Wujud pesan tindak tutur saged awujud.

1) *Lokusi*

Lokusi inggih menika wujuding tindak tutur ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken andharan awujud informasi. Tuladha saking lokusi inggih menika.

“Wah, hawane sumuk tenan.”

Ukara wonten nginggil namung ngandharaken biih hawa wonten ing mriku sumuk sanget. Boten wonten ancas sanesipun saking ukara menika.

2) *Ilokusi*

Ilokusi inggih menika tindak tutur ingkang gadhah ancas kangge suka informasi lan ugi kangge nglakokaken setunggal kagiatan. Tuladha saking *ilokusi* inggih menika.

“Wah, hawane sumuk tenan.”

Ukara ‘Wah, hawane sumuk tenan’ menika kejawi kangge suka informasi ugi kangge alasan tiyang kasebut kipas-kipas ngginakaken asta.

3) *Perlokusi*

Perlokusi inggih menika tindak tutur ingkang pocapanipun gadhah ancas kangge damel tiyang sanes kapengaruh. *Efek* ingkang dipunjalar saking menika saged dipun-sengaja lan saged amargi boten dipunsengaja. Tuladha saking *perlokusi* inggih menika.

“Wah, hawane sumuk tenan.”

Menawi ukara menika dipun-ngendikaaken dening majikan nalika wonten ing dalem, lajeng tiyang ingkang dados pambantu wonten ing dalem menika mireng, mesthinipun pambantu mendhetaken kipas angin kangge ndoronipun. Wonten mriki majikan saged mawon boten wonten maksud kangge nyuwun pendhetaken kipas angin dening pambatanipun, saged mawon majikan namung saweg mangendikan piyambak.

e) *K~ key*

Key inggih menika nada, solah bawa, swasana, utawa semangat ingkang nedahaken tingkat formalitas pawicantenan. Tuladhanipun nalika tiyang duka menika nada wicantenipun inggil, solah bawanipun kaku, beda kaliyan tiyang ingkang nembe sedih swantenipun lirih, solah bawanipun lungkrah lan swasana ingkang ngandhut raos sedih.

f) *I~ instrumentalities*

Instrumentalities kalebet wonten ing sajroningipun *chanel*s (saluran ingkang dipunpilih) lan *form of speech* (wujud tuturan). Inggih paling wigatos

inggih menika basa minangka sarana tutur lan sedaya ingkang nyengkuyung prastawa tutur. Tuladha saking *instrumentalities* inggih menika basa tulis ing telegram ingkang cekak, basa seratan novel ingkang nggatosaken *tata* seratan, utawi basa lisan.

g) N~ *norms*

Norms kasusun saking *norma interaksi (norm of interaction)* lan *norma interpretasi (norm of interpretation)*. Inggih menika aturan utawa sedaya ingkang mageri prastawa tutur. Wonten pangandikan, tiyang kedah ngengeti punapa ingkang pareng dipunandharakenaken, punapa ingkang pantes dipunandharaken, lan punapa ingkang boten pareng dipunandharaken. Tuladhanipun nalika wonten tiyang ingkang sedih boten pareng matur babagan ingkang nambah sedhah tiyang kalawau, kedah saged ngibur manahipun tiyang saweg sedhah.

h) G~ *genre*

Genre saged dipuntegesi kanthi register, wujud wacana, ragam basa, lsp. Wujud-wujud panganggening basa menika ingkang salajengipun ngasilaken pambada wonten basa. Tuladhanipun basa telpon, sms, register irah-irahan kalawarti, wacana pidhato, lan sanesipun, sedayanipun gadhah *kekhasan* (pambada) piyambak-piyambak.

6. Humor

Miturut Sudarmo (2006: 58) “*humor (lelucon) adalah suatu kahanan yang secara mental cenderung merangsang orang untuk tertawa*”. Lawak gadhah ancas supados pamirsa/ pamiarsa saged gumujeng lan remen ing manah kanthi ngandharaken lelucon ingkang narik kawigatosan lan ngandhut raos lucu. Lucu menika kanthi wiyar inggih menika damel tiyang gumujeng lan saged dados panglipur.

Wonten ing lawak tingkatan utawa inggil-andhapipun lawak menika saged kaperang dados tiga. Sudarmo (2006: 59) ngandharaken bilih tingkatan saking lawak menika saged kaperang dados tigang gradasi, ingkang awujud (*slapstick*) kasar, gampil dipunmangertosi, dipunpahami pamirsa/ pamiarsa, wonten ugi plesetan/ parody, ugi wonten olah logika utawi lawakan ingkang kedah saged nganalisa ngginakaken akal.

a) *Slapstick*

Slapstick dipunsebut lelucon ingkang kasar. Tuladhanipun inggih menika geguyon kanthi nggebuk mustakanipun tiyang ngginakaken tongkat. Damel tiyang kejengkang amargi kursi ingkang badhe dipunlenggahi dipunpendhet. Utawi lawakan sanes ingkang awujud kasar lan babagan ingkang saru. Lawakan ingkang kados menika gampil sanget kangge damel kemekelen guyon saking pamiarsa utaminipun saking masarakat ingkang gadhah latar pendidikan, sosial, ekonomi tertamtu. Tuladha ingkang gampil kemawon, nalika wonten lawakan tiyang ingkang ngeplak sirah lan misuh-misuh kaliyan mitra tuturipun, lajeng mitra

tuturipun ndhagel. Menika kathah pamiarsa ingkang gampil mangertos lan gumujeng.

b) Plesetan

Plesetan ugi dipunsebut *imitation and parody* dening tiyang barat. Wonten ing Indonesia ugi asring dipunwastani parodi. Wosing lawakan plesetan inggih menika mlesetaken sedaya ingkang sampun mapan lan popular. Wonten teges politik, lawakan saged dados piranti eskapisme saking kesumpekan kahanan ingkang wonten. Tuladhanipun Rudi ngendika “Wedyan tenan, Gogon diundang Preside SBY kok ora gelem.” Lajeng Bayu nyaut “Lha yo wegah, wong jenengku Gogon kok diundang Presiden SBY.”

c) Olah logika

Olah logika inggih menika lawakan ingkang gadhah gaya analisis. Lawakan menika dipunremeni saking masarakat tartamtu, utaminipun saking masarakat ingkang gadhah pendidikan inggil. Tuladha saking lawakan ingkang mbetahaken olah logika inggih menika.

Joko inggih menika pemuda saking padusunan ingkang mrantau wonten kutha Jakarta, piyambakipun bingung lan kesesat wonten ing Jakarta. Joko mlampah ngampiri setunggal tiyang ingkang saweg lenggah piyambakan wonten ing halte bus.

“ Dhek, nuwun sewu kula badhe nyuwun pirsane, gedhung ingkang inggil menika namanipun napa nggih?” Lajeng dipunjawab, “Mulia Tower.” Jejaka saking dusun menika bungah sanget. “ Asiiik.... Aku wis tekan Monas.”

7. Lawakan Curanmor

Curanmor (*Curahan Perasaan dan Humor*) inggih menika salah satunggaling acara dhagelan ingkang ngginakaken *Dialek* Banyumas, wonten ing saluran radio kanthi nama Yes Radio FM 104,2 Cilacap. Acara menika isinipun nyariosaken cariyos-cariyos ingkang lucu ingkang awujud pacelathon antawisipun para paraga (panutur lan mitra tutur).

Lawakan Curanmor ngandharaken cariyos-cariyos ingkang entheng ing salabeting masarakat kanthi logat/ *dialek* Banyumasan ingkang khas sanget. Cariyos-cariyos ingkang sedhih, seneng, duka, lucu, lan medeni sedaya wonten ing Curanmor dipunbungkus kanthi lucu. Kejawi swanten panutur lan mitra tutur ingkang wonten ing Curanmor, ugi wonten swanten *sound effect* ingkang damel gesang cariyos. Antawisipun swanten tiyang gumujeng, swanten tabuhan kenthong, swanten kecapi, *sound effect* kahanan wonten griya sakit, *sound effect* kados kahanan wonten ing terminal, sarta *sound effect* sanesipun supados cariyosipun langkung katingal gesang. Kejawi swanten *sound effect* menika wonten ugi swantenipun Kaki Samidi minangka pamaos prolog wonten cariyos wonten ing purwaka, tengahan, lan pungkasan cariyos saben judul cariyos.

Panaliten ingkang ngrembag babagan pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor menika langkung asring ngginakaken *sound effect* tiyang ingkang sami gumujeng. *Sound effect* tiyang ingkang sami gumujeng dipunginakaken kangge tetenger bilih pisuhan wonten ing Curanmor menika ugi saged damel gumujeng satemah ugi kalebet lawakan.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika tesis kanthi irah-irahan Makian dalam Bahasa Jawa dening Sri Wahono Saptomo taun 2001. Panaliten menika mbabar wujuding pisuhan Basa Jawi, *referensi* pisuhan ing Basa Jawi, saha ancas pisuhan ing Basa Jawi.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih menika Pisuhan Wonten ing Lawakan Rabies dening Apriyanto Dwi Santoso taun 2013. Panaliten menika wujud pisuhan Basa Jawi, *referensi* pisuhan ing Basa Jawi, saha ancas pisuhan ing Basa Jawi.

Inkang pungkasan ngengingi panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika kanthi irah-irahan Pisuhan abasa Jawi Salebeting Film *Punk In Love* dening Vina Inayatul Mauna taun 2013. Panaliten menika ngrembag wujud pisuhan Basa Jawi, saha ancas pisuhan ing Basa Jawi.

Asiling panaliten menika ngandharaken bilih pisuhan Basa Jawi menika awujud tembung , *frasa*, saha *klausa*. *Referen* pisuhan Basa Jawi menika wonten kalih welas inggih menika: namaning kewan, padamelan, perangan badan, dhaharan, barang, kotoraning tiyang utawi kewan, kahanan tiyang, etnik lan bangsa, kekerabatan, jenenging lelembut, papan panggonan, lan kagiatan tartamtu. Ancas saking pisuhan Basa Jawi inggih menika ngandharaken raos duka, jengkel, getun, getun, gumun, kangge ngina, lan ngandharaken raos intim.

Wonten bab-bab ingkang sami antawisipun skripsi ingkang dados *referensi* kaliyan panaliten menika inggih menika ngrembag babagan wujud, *referen*, saha ancas pisuhan Basa Jawi. Bedanipun inggih menika wonten ing

subjek panaliten, inggih menika Lawakan Curanmor (Curahan Perasaan dan Humor) ingkang ngginakaken basa *Dialek* Banyumas, beda kaliyan panaliten Santoso lan Mauna ingkang ngginakaken *dialek* Yogyakarta-Surakarta.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten menika panaliten *deskriptif*. Inggih menika panaliten ingkang nggambaraken data punapa wontenipun saking tiyang/ prekawis ingkang dipunteliti. Panaliti naliti pisuhan mliginipun babagan wujud, *referen*, saha ancas saking pisuhan ingkang dipunpanggihaken wonten ing Lawakan Curanmor.

B. Data lan Sumber Panaliten

Data menika awujud tembung, *frasa*, utawi *klausa* pisuhan ingkang wonten salebeting Lawakan Curanmor lajeng dipunandharaken *referen* lan ancasipun. Sumber data panaliten inggih menika Mp3 Lawakan Curanmor ingkang nyariosaken cariyos-cariyos ingkang lucu ingkang awujud pacelathon antawisipun para panutur dhumateng mitra tuturipun. Lawakan Curanmor ingkang dipundadosaken objek panaliten menika wonten kathah, kanthi irah-irahan menika.

1. Aku Dudu Tukang.
2. Anak Elek.
3. Anak Kelalenan.
4. Anak Nurut maring Mamake.
5. Aslinya Mana.

6. Bakul Utek.
7. Beli Kondom.
8. Berak di Sarung.
9. Biksu Tong.
10. Bupati Curanmor.
11. Cerita Sedih.
12. Dewa Pencabut Nyawa.
13. Dorong-dorongan.
14. Gemblung Nyanyi.
15. Kaki Blewung.
16. Kapal Belanda.
17. Karnaval.
18. Kesar.
19. Lulusan.
20. Matine Dokter Jantung.
21. Mesin Ketik.
22. Nini Jemu.
23. Nyelang Buku.
24. Password ATM.
25. Peraturan FIFA.
26. Rambu-rambu Lalulintas.
27. THR Teluk Penyu.
28. Wong Babaran.

Wonten ing MP3 Lawakan Curanmor menika kathah dipunpanggihaken pisuhan minangka kajian panaliten. Panaliten menika dipunlampahi wiwit tanggal 1 Februari 2014 dumugi 14 Februari 2014.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika inggih menika kanthi mirengaken MP3 Lawakan Curanmor saha nggatosaken pisuhan ingkang wonten ing MP3 Lawakan Curanmor. Teknik ngempalaken data ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika teknik *simak*, *sadap*, lan *catat*.

Teknik *simak* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kanthi Teknik *Simak Bebas Libat Cakap* (Sudaryanto, 2001: 135). Teknik menika dipunginakaken kangge madosi data kanthi nyemak panganggening basa ananging panaliti boten tumut ing pangendikan (Sudaryanto, 2001: 135). Panutur sumber data kanthi objektif boten mangertos bilih tuturanipun saweg dipun*sadap* dening panaliti kangge dipundadosaken data panaliten (Sudaryanto, 2001: 136). Piranti ingkang dipunginakaken wonten ing teknik menika inggih menika panaliti piyambak (Sudaryanto, 2001: 136).

Teknik salajengipun ingkang dipunginakaken kangge manggihaken data inggih menika teknik *sadap*. Sudaryanto (2001:133) ngandharaken bilih teknik *sadap* menika metode *simak* ingkang dipunlampahi kanthi nyadap saking wontenipun panggening basa dening setunggal tiyang utawi tiyang kathah. Wonten ing teknik nyemak lan *sadap* menika panaliti nyadap data awujud lisan

saking MP3 Curanmor. Kangge manggihaken data, panaliti mirengaken MP3 Lawakan Curanmor saha nggatosaken kanthi permati satemah panaliti saged manggihaken tembung, *frasa*, lan *klausa* ingkang kalebet pisuhan.

Menawi teknik *simak* lan teknik *sadap* sampun dipunlampahi, salajengipun inggih menika kanthi teknik *catat*. Teknik *catat* miturut Kesuma (2007: 45) inggih menika teknik nyaring data kangge nyathet kasilipun nyemak wonten ing kartu data. Caranipun nyathet data wonten ing kartu data salebeting panaliten menika ngginakaken *transkripsi ortografis*. *Transkripsi ortografis* menika transkripsi ingkang ngginakaken ejaan. Sedaya ingkang dipunmirengaken saking Lawakan Curanmor dipuncathet lajeng dipunpilah ingkang awujud pisuhan. Kasil saking *transkripsi* ingkang awujud pisuhan menika dipunlebetaken wonten ing kartu data.

Kangge manggihaken wujud pisuhan panaliti njumbuhaken data kaliyan teori ingkang dados dhasar. Kangge manggihaken *referen* pisuhan panaliti ngayutaken *konteks* pisuhan kaliyan kahanan wonten ing sakiwa tengenipun jumbuh kaliyan *referen* kalawau. Menawi sedaya data babagan pisuhan sampun dipunkempalaken salajengipun dipuncathet wonten ing kartu data.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika inggih menika *human instrument*. Miturut andharan saking Moleong (1998: 19) *human instrument* dipunginakaken amargi panaliti minangka piranti kangge ngempalaken data. Panaliten menika kalebet *human instrument* amargi panaliti ingkang nyaring data

dumugi narik dudutan saking panaliten kanthi irah-irahan Basa Pisuhan *Dialek* Banyumas wonten ing Lawakan Curanmor.

Nyaring data menika ateges panaliti ingkang ngempalaken, nyamektaaken, milah dados ing perangan-perangan tartamtu (*klasifikasi*), saha nata data kanthi *sistematis* (Kesuma, 2007: 29). Supados data ingkang dipunpendhet saged *sistematis*, panaliti ngginakaken piranti pambiyantu awujud kartu data kangge ngempalaken data. Saking kartu data menika saged dipunginakaken kangge madosi wosing perkawis saking panaliten menika ingkang awujud wujud, *referen*, saha ancas tembung-tembung pisuhan wonten Lawakan Curanmor.

Supados data ingkang dipunpendhet saged sistematis, kartu data dipunjangkepi kaliyan pamilah ingkang awujud sangang perangan inggih menika:

1. nomer data,
2. sumber/ irah-irahan,
3. *konteks* tuturan,
4. ukara pisuhan,
5. wujud pisuhan,
6. jinising pisuhan,
7. *referen* pisuhan,
8. teges saking pisuhan,
9. ancas pisuhan.

Kartu data menika saged kangge nggampilaken panaliti saha kangge ngecek data ingkang badhe dipunrembag. Tuladha saking kartu data saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Kartu data

Nomer	71
Sumber	(Data 4, MP3 Curanmor No. 14, Gemblung Nyanyi)
<i>Konteks</i>	Anang nesu dhateng garwanipun ingkang naminipun Krisdayanti, amargi nembang kemawon ananging boten cetha.
Ukara	Anang : “heh, rika ora usah ngorong-ngorong jajal, kepingin tek gethok lambene apa? Pengen tek kethok lambene apa?”
Wujud pisuhan	<i>Klausula</i> <u>tek kethok lambene</u> W L
Jinising tembung	<i>Kriya</i> Tembung ‘tek kethok lambene’ negesaken lumakuning kahanan. Tembung ‘tek kethok lambene’ saged dinegatifaken satemah dados tembung ‘ora tek kethok lambene’.
<i>Referen</i> pisuhan	<i>Aktivitas tartamtu</i> ‘Tek kethok lambene’ gadhah <i>referen</i> inggih menika, Anang badhe ngiris lambenipun Krisdayanti ngangge alat.
Teges pisuhan	Anang menika kepingin Krisdayanti boten nembang kemawon.
Ancas pisuhan	Ancas saking pisuhan ingkang awujud tembung ‘tek kethok lambemu’ menika kangge ngandharaken raos duka.

E. Caranipun Nganalisis Data

Wonten ing panaliten menika caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik *deskriptif*. Kanthi cara *deskriptif* panaliti ngandharaken wujud, *referen*, saha ancas saking pisuhan ingkang dipunpanggihaken wonten ing MP3 Lawakan Curanmor.

Wonten kalih tataran kangge nganalisis data ing panaliten menika, inggih menika.

1. Tataran ngempalaken saha nyamektakaken data.

Tataran wiwitan inggih menika tataran panaliti kangge ngempalaken saha nyamektakaken data ingkang awujud MP3 Lawakan Curanmor. MP3 Lawakan Curanmor ingkang sampun sumekta dipunsemak kanthi saestu supados pikantuk data ingkang dipunpendhet saged leres.

2. Tataran *klasifikasi*

Tataran *klasifikasi* dipunlampahaken kanthi piranti pambiyantu ingkang awujud kartu data. Saking kartu data menika saged dipunpanggihaken wujud, *referen*, saha ancas pisuhan salebeting Lawakan Curanmor. Basa pisuhan ingkang sampun kacathet menika banjur dipunkelompokaken miturut wujudipun ingkang kalebet tembung, *frasa*, utawi *klausa*. Salajengipun data ingkang sampun dipunkelompokaken kalawau dipunrembag babagan *referen* kanthi njumbuhaken kaliyan kahanan wonten ing sakiwa tengening panaliti, banjur dipuntegesi kanthi leksikal. Menawi teges saking pisuhan sampun ngertos, salajengipun dipunanalisis ancasiipun. Banjur salajengipun dipunrembag kanthi *deskriptif*.

Deskriptif inggih menika nggambaraken punapa wosing parembagan inggih menika wujud, *referen* lan ancas pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor. Dados data menika langkung cetha saha gampang dipunmangertosi.

F. Validitas saha Realibilitas Data

Kangge madosi data ingkang valid, wonten ing panaliten menika ngginakaken teknik *triangulasi teori* inggih menika ngginakaken teori minangka dhasar dipunjumbuhaken kaliyan data ingkang sampun dipunpanggihaken. Teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori ingkang wonten gegayutanipun kaliyan pisuhan ing Lawakan Curanmor.

Panaliti ugi ngginakaken *validitas sematis*, inggih menika cara negesi data kanthi nggatosaken konteksipun, inggih menika *konteks* salebeting data ingkang awujud tembung pisuhan ingkang dipuntaliti. Tuladha ingkang saged kapanggihaken saha tuladha saking *triangulasi* data inggih menika:

“**Jangkrik**, jebul salah sing dicekel.”
(Saptomo, 2001: 79)

Saking tuladha ing inggil dipungayutaken kaliyan teori babagan wujud saking pisuhan menika. Tembung ‘jangkrik’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘jangkrik’ kalebet tembung aran amargi saged dipunpanggihaken wujud negatifipun kanthi tembung ‘dudu’ minangka ciri tembung aran.

Salajengipun wonten *reliabilitas*, *reliabilitas* menika kangge ngukur kapitadosan saking data ingkang dipunpanggihi. Panaliti ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. Panaliti ningali lan nganalisis data kanthi teliti lan dipunambali satemah

data saged valid. Panaliti ngambali malih nyemak Lawakan Curanmor lan naliti bilih data ingkang kapanggihaken lan dipunserat sami kaliyan data ingkang dipunpanggihi wonten kalodhangan sanes.

Wonten ing panaliten menika dipunpangihaken 98 data ingkang dipunrembag babagan wujud basa pisuhanipun, *referen* basa pisuhanipun, saha ancas saking basa pisuhanipun nalika panaliti pados data ingkang kaping sepisan. Salajengipun panaliti ngambali malih wonten ing kalodhangan sanes. Wonten ing kalodhangan sanes jumlah saha jinisipun data panaliten sami kaliyan panaliten saderengipun lan sampun kapanggihaken data ingkang ajeg inggih menika wonten 98 data.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Perangan menika ngemot asiling panaliten inggih menika wujud, *referen* saha ancas pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor. Panaliti manggihaken wujud-wujud pisuhan saking Lawakan Curanmor. Saking wujud pisuhan ingkang sampun kapanggihaken menika banjur dipunrembag *referenipun* kanthi ningali kahanan wonten ing masarakat. Pisuhan ingkang sampun kapanggihaken babagan *referenipun* lajeng dipunpadosi ancasipun kanthi ningali konteks saking tuturan panutur dhateng mitra tutur lawakipun.

Data ingkang ngemot babagan wujud, *referen*, saha ancas pisuhan asiling panaliten menika lajeng dipunkelompokaken supados langkung gampil dipunanalisis. Data asiling panaliten menika banjur dipunlebetaken wonten ing *tabel* analisis. Wujud saking data asiling panaliten ngemot wujud, *referen*, ancas pisuhan saha *indikator* saking data menika. Asiling panaliten dipunandharaken ing *tabel* analisis. *Tabel* analisis asiling panaliten ingkang ngemot wujud, *referen*, ancas pisuhan, saha *indikator* saking data saged dipuntingali wonten ing *tabel* 1.0.

Tabel 1.0 Wujud, Jinis, Referen, Ancas, saha Indikator Pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor.

No	Wujud	Jinis	Referen	Ancasing Pisuhan	Indikator
1	2	3	4	5	6
1	Tembung Lingga	Aran	Nama Kewan	Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Kuwe rambute ditata dhisit, aja kaya landhak.” (Data no. 3 MP3 Curanmor no. 4)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> nama kewan kanthi wulu kaku lancip-lancip kados eri - Kangge ngandharaken raos jengkel Yugo amargi ajrih lan kuwatos nalika saweg umpetan wonten tiyang ingkang ngertos nalika saweg nyolong kelapa amargi rikmanipun ibunipun ingkang awud-awudan.
				Ngandharaken Raos Kuciwa	<p>“Kampret kowe pancen!” (Data 3, MP3 Curanmor no. 7)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> bangsa lawa alit - Penjaga apotek kuciwa amargi pacaripun putrane inggih menika Rambo kanyata tiyang ingkang tumbas kondom kaliyan piyambakipun wonten ing apotek.
				Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Biyungku kucrit ya ramaku clurut.” (Data 7, MP3 Curanmor no. 21)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<p>owah saking asalipun</p> <ul style="list-style-type: none"> -Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ -<i>Referen</i> bangsa tikus ambunipun langu -Kangge ngandharaken raket ing sesambetan, amargi tuturan menika ancasipun kangge gojegan antawisipun Ari dhateng bapakipun nalika ibunipun dipunenyek kados kucrit.
			Perangan Badhan	Ngandharaken Raket ing Sesambetan	<p>“Lak Lek Lak Lek..Ngundang sapa kowe? Kelek?” (Data no.5, MP3 Curanmor no. 17)</p> <ul style="list-style-type: none"> -Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun -Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ -<i>Referen</i> lekukaning cangklakan -Kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawisipun Indra kaliyan kanca raketipun.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Nek anu arep ngetokna bol kuwe aja kang cangkem, kang ngisor bae bole gole ngetokna pak!” (Data 1, MP3 Curanmor no. 28)</p> <ul style="list-style-type: none"> -Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun -Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ -<i>Referen</i> pungkasaning usus -Kangge ngandharaken raos jengkel suster dhateng tiyang amargi nimbali kanthi swanten sero sanget nalika wonten griya sakit.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
			Jinis Lelembut	Ngandharaken Raos Kuciwa	<p>“Oh... belis kowe pancen!” (Data 5, MP3 Curanmor no. 11)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> jinising lelembut ingkang damel petenging manah - Kangge ngandharaken raos kuciwa kanca-kancanipun Samiran amargi Samiran nembe ngendika bilih kunci kamar hotel ketilaran wonten ing mobil nalika sedayanipun sampun dumugi tingkat 99.
		Kahaman	Kahaman Tiyang	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Nyong kon ndandani lampu mburi? Sori, gujis!” (Data 9, MP3 Curanmor no. 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kahaman= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> tiyang kathah ngendika - Kangge ngandharaken raos duka garwa kakung dhateng sisihanipun amargi dipundhawuhi ndandosi lampu.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Aja risik-risikan kaya kuwelah, nyong isin karo ramamu, gobel!” (Data 2, MP3 Curanmor no. 7)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kahaman= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> tiyang ingkang bodho sanget

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					-Kangge ngandharaken raos jengkelipun Rambo dhateng pacaripun amargi nyaket terus nalika wonten bapakipun.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Inyong wis cekelan kenceng banget, budheg!” (Data 7, MP3 Curanmor no. 22)</p> <p>-Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun</p> <p>-Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ <i>Referen</i> risak talinganipun satemah boten saged mireng</p> <p>-Nini Jemu mangkel dhateng wayahipun amargi dipungleweh nalika dibonceng.</p>
				Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Modyar mbok rika angger dadi bojone inyong?” (Data 2, MP3 Curanmor no. 25)</p> <p>-Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun</p> <p>-Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’</p> <p>-<i>Referen</i> tiyang ingkang sampun Seda</p> <p>-Kangge ngandharaken raketing sesambetan antawisipun garwa kakung dhateng sisihanipun kanthi ndamel peraturan FIFA. Peraturan FIFA(<i>Fenggemar Inti Fiala duniA</i>.</p>
				Kangge Ngina	<p>“Lurus jalan terus, bodhol!” (Data 5, MP3 Curanmor no. 26)</p> <p>-Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun</p> <p>-Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<ul style="list-style-type: none"> - <i>Referen</i> tiyang ingkang boten mudhengan, bodhol menika plesetan saking bodho - Polisi lalulintas maosaken peraturan lalulintas ing plang, saha ngina pangangge margi ingkang nglanggar peraturan lalulintas.
			Perangan Badhan	Kangge Ngina	<p>“Heh thak buthak!” (Data 1, MP3 Curanmor no. 23)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> mustaka boten wonten rekmanipun - Sukarni ngina petugas perpustakaan nalika saweg nyisiri mustakanipun ingkang gundhul.
				Ngandharaken Raos Kuciwa	<p>“Minggat bae nganah, minggat !” (Data 11, MP3 Curanmor no. 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan - <i>Referen</i> tindak ngeblas - Garwa estri kuciwa kaliyan garwa kakungipun amargi boten purun mbiyantu punapa-punapa nalika saweg repot ngemong putranipun.
				Ngandharaken Raos Kuciwa	<p>“Nyong Jendral, pimpinane rika, kاملeng nggawen!” (Data 2, MP3 Curanmor no. 16)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan - <i>Referen</i> dipunjotos mustakanipun




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					Jendral kapal Belanda rumaos kuciwa amargi dipunremehaken dening tukang tropong ingkang sejatosipun kakangipun.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“ Kiyé nang njero angkotan kota wis panas, aja gawe tambah panas, reang bae!”</p> <p>(Data 5, MP3 Curanmor no. 2)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan - <i>Referen</i> nywanten rame - Sopir angkotan mangkel nalika ningali kenetipun padu kaliyan penumpang.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Cengkeweng ngeneh senggawe!”</p> <p>(Data 1, MP3 Curanmor no. 4)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun - Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngasta barang ngginakaken asta setunggal sinambi dipunjunjung - Kangge ngandharaken raos jengkel ibu dhateng putranipun amargi boten purun mandheg udud.
2	Tembung Andhahan Ater-Ater	Kahaman	Perangan Badhan	Kangge Ngina	<p>“Ngutek apa ora ya?</p> <p>(Data 8, MP3 Curanmor no. 16)</p> <div style="text-align: center;"> <p>Ngutek</p> <p>{Ater-ater A-} utek.</p> </div> <ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung kahaman= saged dipunsambung tembung ‘ora’ dados ‘ora ngutek’




Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<ul style="list-style-type: none"> - <i>Referen</i> lebeting mustaka ingkang dados kempalaning saraf-saraf - Pegawe Mercusuar ngina Jendral Kapal Belanda ingkang sampun lepat nalika mercusuar dipunwastani kapal ingkang badhe nabrak kapalipun.
		Kriya	Perangan Badhan	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Tenang bae rausah mbacot, nyong bali anu arep adus, arep lunga maning!” (Data 2, MP3 Curanmor no. 21)</p> <p>Mbacot</p> <p>{Ater-ater A-} bacot</p> <ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan - <i>Referen</i> tutuk, mangendikan - Siska duka dhateng garwanipun amargi didhawuhi “minggat”.
			Aktivitas Tartamtu	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Kowe aja ngenyek !” (Data 1, MP3 Curanmor, No. 1)</p> <p>Ngenyek</p> <p>{Ater-ater A-} enyek</p> <ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngremehaken tiyang sanes Kangge ngandharaken raos duka garwa estri dhateng sisihanipun amargi swantenipun garwa estri dipunanggep swaten adzan nalika saweg mrentah wungu garwa kakungipun.
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Aring ngomong aja ndheplak!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 6)</p> <p>Ndheplak</p> <p>{Ater-ater A-} dheplak</p> <ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> mbikak barang kanthi wiyar - "X" duka dhateng bakul utek amargi



Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					dipunwastani ndherekaken bakul utek.
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Aja ngegas gole ngomong!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 15)</p> <p>- Ngegas  {Ater-ater A-} gas</p> <p>- Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan <i>Referen</i> nambahi cepeting lampah <i>kendharaan bermotor</i></p> <p>- Polisi lalulintas mangkel kaliyan Kaki Blewung ingkang nimbali piyambakipun anggota pramuka.</p>
				Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“ Wis mulai blajaran ndlepus kowe yah?” (Data 4, MP3 Curanmor No. 17)</p> <p>- Ndlepus  {Ater-ater A-} dlepus</p> <p>- Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan <i>Referen</i> ngendika ingkang boten kasunyatan</p> <p>- Bu guru mangkel lan boten pitados kaliyan muridipun ingkang nyuwun ijin pamit wangsul kanthi alesan kangmasipun gerah amargi piyambakipun asring ngapusi.</p>
				Kangge Ngina	<p>“Anake dhewek sing bektine <i>nangudzubillah</i> ngantik kaya rika, mandan ngaca!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 24)</p> <p>- Ngaca  {Ater-ater A-} kaca</p> <p>- Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan <i>Referen</i> ningali layangan awakipun</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<p>piyambak wonten pangilon/ kaca Kangge ngina garwa kakungipun amargi pedamelanipun nyolong.</p>
			Pedamelan	Kangge Ngina	<p>“Lha kowe amben wengi nggarong!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 24)</p> <p>Nggarong </p> <p>Ater-ater A- garong</p> <p>Jinis tembung kriya= nindhakaken pakaryan</p> <p>Referen mendhet barangipun tiyang kanthi peksa</p> <p>Kangge ngina garwa kakungipun amargi pedamelanipun nyolong.</p>
	Tembung Andhahan Seselan	Kahaman	Kahaman Tiyang	Ngan- dhar- aken Raos Duka	<p>“Laku-lakune rika aja jemotos jajal!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 22)</p> <p>Jemotos </p> <p>Jotos em</p> <p>Jinis tembung kahaman= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung 'ora'</p> <p>Referen kepenak kangge dipunjotos/ dipunpukul ngginakaken asta kanthi ngepel</p> <p>Kangge ngandharaken raos dukanipun Sukro dhateng Nini Jemu nalika ngertos Nini Jemu</p>
		Kriya	Aktivitas Tartamtu	Ngandh araken Raos Duka	<p>“Pateni malah padha, kurang ajar!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 19)</p> <p>Pateni </p> <p>Pati en</p> <p>Jinis tembung kriya= gadhah teges nindhakaken pakaryan</p> <p>Referen pisahing suksma saking badhan</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					Bu Guru duka kaliyan murid-muridipun ingkang boten purun anteng saha wonten setunggal murid ingkang ngenyek piyambakipun.
	Tembung Andhahan Panambang	Aran	Nama Barang	Kangge Ngina	<p>“Aja mbaor-mbaor bae jajal yung, wadon tapi telake jan kaya barongan guli nyangar!” (Data 8, MP3 Curanmor No. 1)</p> <p>- Barongan  Barong { -an }</p> <p>- Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’</p> <p>- <i>Referen</i> tontonan ingkang wujudipun kewan galak</p> <p>- Garwa kakung ngina garwa estrinipun kados barongan amargi ngendika terus.</p>
	Tembung Andhahan Campuran	Kriya	<i>Aktivitas</i> Tartamtu	Ngandh araken Raos Jengkel	<p>“Arep nglemboni gurune ya!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 17)</p> <p>- Nglemboni  {Ater-ater A-} lembo {-ni}</p> <p>- Jinis tembung kriya= gadhah teges nindhakaken pakaryan</p> <p>- <i>Referen</i> ngendika ingkang boten nyata</p> <p>- Bu Guru jengkel lan boten pitados kaliyan salah setunggal muridipun amargi nate dipunapusi, satemah nalika muridipun ijin wangsul kanthi alesan kangmasipun gerah Bu Guru boten suka ijin.</p>
	Tembung Rangkep	Kahanan	Kahanan Tiyang	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Mulane dadi Biku kuwe aja mangas-mangas, ilmune ditularaken aring liane aja kowe thok!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 9)</p> <p>- Wujud tembung dwi lingga asalipun</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<p>saking tembung lingga ‘mangas’.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> tiyang ingkang peretungan sanget - Kangge ngandharaken raos duka Dewa kaliyan Biksu Tong amargi Biksu Tong boten purun mangsulaken kitab suci.
		Kriya	Aktivitas Tartamtu	<p>Ngandharaken Raos Duka</p>	<p>“Lah yawis lah, bodho-bodhoa lah, sing penting nyong aja mati siki!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 12)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung dwi lingga salin swara= asal saking tembung lingga ‘bodho’ lan pakentuk panambang -a - Jinis tembung kriya= gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> dipunpasrahaken dhateng tiyang sanes, sampun boten peduli - Kakine duka amargi Dewa Pencabut Nyawa badhe mendhet nyawanipun, piyambakipun mekso supados yuswanipun dipuntambah malih.
				<p>Ngandharaken Raos Jengkel</p>	<p>“Aja malah muncu-muncu kaya kuwe!” (Data 7, MP3 Curanmor No. 6)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung dwi lingga= saking tembung lingga ‘muncu’ - Jinis tembung kriya= gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngajengaken tutuk - Kangge ngandharaken raos mangkelipun Bakul Utek amargi sadeyanipun dipunenyek dening tiyang.
	Tembung Wancah	Aran	Perangan Badhan	Kangge Ngina	<p>“Heh thak buthak!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 23)</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung wancah= ‘Thak’ saking ‘Buthak’ - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> mustaka ingkang boten wonten rekmanipun Sukarni ngenyek petugas perpus ingkang gundhul nalika saweg sisiran.
	Tembung Camboran	Aran	Jinis Lelembut	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Oalah, cepet...cepat thoet, wong mabok gawe masalah bae!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 13)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wujud tembung camboran= gadhah teges ingkang beda saking aslinipun - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> jinis lelembut ingkang purun nyolong lare alit - Kangge ngandharakrn raos duka Sandal amargi dipunapusi kaliyan tiyang ingkang nyuwun dipunsurung kanyata nyuwun dipunsurung yun-yunanipun, sanes mobil ingkang macet.
3	<i>Frasa</i>	Aran	Nama dhaharan	Ngandharaken Raos Duka	<p>“Pancen rika ibarat budin kuwe budin kacel!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 22)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= nerangaken namaning dhaharan - <i>Referen</i> ketela ingkang atos - Kangge ngandharaken raos duka Sukro dhateng Nini Jemu amargi boten purun dipun-ngendikani supados sampun udud amargi saweg gerah lan sampun sepuh.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
			Nama Kewan	Kangge Ngina	<p>“Kathing satu, kathing dua, kathing tiga, kiye suara wong apa suara kethek kiye?” (Data 4, MP3 Curanmor No. 16)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= nerangaken namaning kewan - <i>Referen</i> swanten kewan saking bangsa munyuk - Petugas mercusuar ngenyek swantenipun Jendral Kapal Belanda kados swanten kethek nalika ditelpon dening Jendral Kapal Belanda.
				Kangge Ngina	<p>“Ndapaa sing ngomong nggantheng apa kepriwe, wong raine rai coro kaya kae koh ngenyek anake inyong!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 2)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> rai kewan bangsa cere kanthi ukuran ageng - Bu penumpang ngina kenet angkotan kota ‘rai coro’ amargi putranipun sampun dipunenyek kaliyan kenet menika.
			Pedamelan	Kangge Ngina	<p>“Wong kere tuku motor, ubres bakale!” (Data 5, MP3 Curanmor No. 15)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> tiyang mlarat ingkang ngemis - Polisi lalulintas gumujeng lan ngina Kaki Blewung amargi piyambakipun boten

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					purun ngurubaken motore ananging badhe nengga lampu lalulintas werninipun gantos biru.
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Senajan nyong potongane wong kere, tapi untuk urusan sogok menyogok nyong ora nganggo.</p> <p>(Data 3, MP3 Curanmor No. 26)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> tiyang mlarat ingkang ngemis - Kangge ngandharaken raos duka polisi lalulintas dhateng tiyang ingkang nglanggar lalu lintas amargi dipunkinten badhe nilang dhateng penggina dalam ingkang nglanggar lalulintas supados saged dhahar eco.
			Kahanan Tiyang	Ngandharaken Raos Duka	<p>“O...Dewa Pencabut Nyawa lengob!”</p> <p>(Data 4, MP3 Curanmor No. 12)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> awujud tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> Dewa ingkang boten mudhengan - Kangge ngandharaken raos duka kakine amargi Dewa Pencabut Nyawa tetep mendhet nyawanipun kakine sesampunipun wonten perjanjian bilih yuswanipun badhe dipuntambah selangkung taun.
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Ooo... bocah sedeng kowe yah!”</p> <p>(Data 2, MP3 Curanmor No. 8)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					- <i>Referen</i> lare ingkang radi edan Kangge ngandharaken raos duka “Y” dhateng “X” amargi mbucal hajat wonten ing nginggil klasanipun “Y”.
				Ngandharaken Raos Getun	“Oalah... guru kenthir! ” (Data 1, MP3 Curanmor No. 18) - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> guru ingkang edan - Kangge ngandharaken raos getun murid dhateng gurunipun amargi Gurunipun suka saran ingkang boten leres dhateng muridipun nalika muridipun kesasar wonten ing alas.
				Kangge Ngina	“Oalah... duwe bojo, bojo dalo. ” (Data 3, MP3 Curanmor No. 24) - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> garwa ingkang sisah mangertos dhateng piwulang - Garwa kakung gemujeng lan ngina garwa estrinipun nalika ngendhika bilih pin ATM tiyang ingkang badhe dipunrampok menika bintang bintang ping enem.
				Kangge Ngina	“O.. buthak kenthir! ” (Data 5, MP3 Curanmor No. 23) - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> tiyang edan ingkang mustakanipun boten thukul rambut - Sukarni ngina petugas perpustakaan nalika ngertos menawi buku ingkang dipunampilaken Sukarni menika sanes buku waosan ananging buku telpon ingkang namung wonten nomer-nomer telponipun.
				Ngandharaken Raos Jengkel	“ Bocah bodho , kae udu maksude angger rambute lurus jalan terus!” (Data 6, MP3 Curanmor No. 26) - <i>Frasa</i> nomina= inti <i>frasa</i> tembung aran

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<ul style="list-style-type: none"> - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> lare ingkang sisah mangertos menawi dipunwulang - Kangge ngandharaken raos mangkel polisi lalulintas dhateng pelanggar lalulintas amargi tembung lurus wonten ing seratan "LURUS JALAN TERUS" dipunkinten ingkang lurus menika rekmanipun pangangge margi, satemah ingkang kagungan rikma kriting kedah mandheg.
			Namaning Barang	Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Wo.... Minul semprul!” (Data 7, MP3 Curanmor No. 17)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> Minul dipunsamikaken kaliyan jinis taneman mbakau ingkang kualitasipun rendah - Kangge ngandharaken raketing sesambetan antawisipun tebok kaliyan Minul. Tebok bingung amargi ban roda wingking langkung cepet gundhul tinimbang ban roda ngajeng.
			Raketing Sesambetan	Ngandharaken Raos Jengkel	<p>“Kowe kuwe agi ngomong karo gurune apa karo kakimu?” (Data 1, MP3 Curanmor No. 17)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran - Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ - <i>Referen</i> sebutan kangge tiyang sepuh kakung saking bapak utawi ibu - Kangge ngandharaken raos mangkel guru dhateng salah setunggal muridipun amargi nyuwun ijin wangsul ananging boten ngangge basa ingkang sopan.
				Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Kon cekelan motor malah cekelan grogol, ninimu.” (Data 8, MP3 Curanmor No. 22)</p> <ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<p>Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu</p> <p>- <i>Referen</i> sebutan kangge tiyang sepuh estri saking bapak utawi ibu</p> <p>Kangge ngandharaken raketing sesambetan Sukro dhateng Nini Jemu, Sukro nggeguyu Nni Jemu nalika dhawah saking motor amargi piyambakipun nalika dipunbonceng malah cepengan grogol.</p>
			Panggenan	<p>Ngan-dhar-aken</p> <p>Raos</p> <p>Gumun</p>	<p>“Ki, Kakine, kowe lagi sekarat apa lagi nang aring Pasar Legian, malah enyang-enyangan!”</p> <p>(Data 1, MP3 Curanmor No. 12)</p> <p>- <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran</p> <p>Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu</p> <p>- <i>Referen</i> wewengkon kangge dol tinuku barang dagangan wonten dinten pasaran kapisan</p> <p>- Kangge ngandharaken raos gumun Dewa Pencabut Nyawa kaliyan kakine amargi kakine nyuwun tambah yuswa lan nyang-nyangan yuswa kaliyan Dewa pencabut Nyawa.</p>
				<p>Ngan-dhar-aken</p> <p>Raos</p> <p>Jengkel</p>	<p>“O... angger bocah..bocah SDLB!”</p> <p>(Data 2, MP3 Curanmor No. 17)</p> <p>- <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran</p> <p>Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu</p> <p>- <i>Referen</i> lare <i>idiot</i></p> <p>- Kangge ngandharaken raos mangkel guru dhateng salah setunggal muridipun amargi nyuwun ijin kondur boten ngginakaken basa ingkang sopan lan boten wonten unggah-ungguhipun dhateng tiyang ingkang langkung sepuh.</p>
			Jinising Lelembut	<p>Ngandharaken</p> <p>Raos</p> <p>Gumun</p>	<p>“Kiye-kiye umah wong apa umah setan kiye ya?”</p> <p>(Data 1, MP3 Curanmor No. 13)</p> <p>- <i>Frasa nomina</i>= inti <i>frasa</i> tembung aran</p> <p>Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu</p> <p>- <i>Referen</i> dalem ingkang katingal wingit kangge manggon roh ala</p> <p>- Kanggge ngandharaken raos gumun tiyang ingkang</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					mertamu amargi boten wonten ingkang njawab salam wonten dalemipun Sandal Sandil.
		Kahanan	Kahanan Tartamtu	Ngandharaken Raos Kuciwa	<p>“Kebangeten banget yakin, wong pati-pati angkotan kotane tek tumpaki kok malah anake nyong dienyek!”</p> <p>(Data 2, MP3 Curanmor No. 2)</p> <p><i>Frasa</i> adjektiva= inti <i>frasa</i> tembung kahanan</p> <p>Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> mbangetaken tembung keladhuk sanget</p> <p>Ibu ingkang nitih angkotan kuciwa dhateng kenet amargi angkotanipun sampun dipuntumpaki ananging malahan putranipun dipunenyek.</p>
				Ngandharaken Raos Gumun	<p>“Aku jan wis mangkel banget karo kowe.”</p> <p>(Data 1, MP3 Curanmor No. 3)</p> <p><i>Frasa</i> adjektiva= inti <i>frasa</i> tembung kahanan</p> <p>Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> sengit sanget marang tingkahipun tiyang</p> <p>Kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit ananging sampun kesupenan sanget.</p>
				Ngandharaken Raos Gumun	<p>“Gething banget karo kowe yakin.”</p> <p>(Data 2, MP3 Curanmor No. 3)</p> <p><i>Frasa</i> adjektiva= inti <i>frasa</i> tembung kahanan</p> <p>Jinis tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> sengit sanget marang tingkahipun tiyang</p> <p>Kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit sampun kesupenan sanget.</p>
4	Klausu	Kahanan	Kahanan Tiyang	Kangge Ngina	<p>“Apa anu untune rika mrongol dadi ora teyeng mingkem?”</p> <p>(Data 1, MP3 Curanmor No. 19)</p> <p>Untune rika = jejer</p> <p>Mrongol =wasesa</p> <p><i>Klausu</i> adjektiva= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<p><i>Referen</i> wajanipun tiyang ingkang katingal congat-congat majeng</p> <p>Tembung pisuhan ‘untune rika mrongol’ dipunginakaken kaliyan murid dhateng Bu Gurunipun amargi Bu Gurunipun ngendika terus.</p>
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Ora duwe kuping kowe yah?” (Data 2, MP3 Curanmor No. 20)</p> <p>Ora duwe kuping = wasesa</p> <p>Kowe yah = jejer</p> <p><i>Klausula</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> tiyang ingkang risak talinganipun</p> <p>Kangge ngandharaken raos duka tiyang dhateng kancanipun dokter jantung nalika wonten ing pasarean, kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujung cekakakan.</p>
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Ora duwe mata kowe yah?” (Data 3, MP3 Curanmor No. 20)</p> <p>Ora duwe mata = wasesa</p> <p>Kowe yah = jejer</p> <p><i>Klausula</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> tiyang ingkang boten saged ningali</p> <p>Kangge ngandharaken raos duka tiyang dhateng kancanipun dokter jantung nalika wonten ing pasarean, kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujung cekakakan.</p>
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Nyong ora budheg mas, nyuwun sewu mas.” (Data 5, MP3 Curanmor No. 16)</p> <p>Nyong = jejer</p> <p>Ora budheg = wasesa</p> <p><i>Klausula</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’</p> <p><i>Referen</i> tiyang ingkang taksih sehat talinganipun</p> <p>Pegawe mercusuar duka dhateng Jendral Kamargi dipunpaksa kangge mindhah kapal, amargi Jendral Kapal ngintun bilih mercusuar menika kapal ingkang badhe nabrak kapalipun.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
				Ngan-dharaken Raos Duka	<p>“Lambene rika kuwe mambu!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 15)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lambene rika = jejer - Kuwe mambu = wasesa - <i>Klausu</i> adjektiva saha saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> lathi ingkang mambet boten eco - Kangge ngandharaken raos duka polisi lalulintas amargi saderengipun piyambakipun ngendika, sampun dipunwastani badhe nilang mitra tuturipun lan ngedalaken sedaya serat-serat <i>kendaraan bermotor</i>.
				Ngan-dharaken Raos Gumun	<p>“Pikirane ora beres, ora cetha!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 14)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Pikirane = jejer - Ora beres = wasesa - <i>Klausu</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> tiyang ingkang pikiranipun boten dipuntata kanthi becik - Anang gumun dhateng Krisdayanti nalika Anang dipunuwun kangge ngleresaken gendheng kamangka boten wonten gendheng ingkang mlorot, ananging Krisdayanti malah ngendika supados nglorod-nglorodaken gendhenipun.
			Kahanan Tartamtu	Ngan-dharaken Raos Kuciwa	<p>“Alah gujis, mambu lamis lambemu, kowe sedina ngomong ping 200.000 ora bakal nyong ngandel!” (Data 12, MP3 Curanmor No. 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Mambu lamis = wasesa - Lambemu = jejer - <i>Klausu</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> lathi ingkang becik namung ing lahiripun ananging batinipun ala - Kangge ngandharaken raos kuciwa garwa estri dhateng sisihanipun nalika garwa kakung kondur ing dalem lan ngendika badhe tobat.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
				Ngandhar- aken Raos Jengkel	<p>“Rika angger wudele wis madhep ngalor ya ngalor bae!” (Data 2, MP3 Curanmor No. 22)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Wudele = jejer - Wis madhep ngalor = wasesa - <i>Klausa</i> adjektiva= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ - <i>Referen</i> tiyang ingkang pepenginipun kedah keturutan - Kangge ngandharaken raos mangkel Sukro dhateng Nini Jemu amargi boten purun dipunngendikani sampun udud amargi saweg gerah lan sampun sepuh.
		Kriya	Nama Kewan	Ngandhar- aken Raketing Sesambetan	<p>“Mak-mamake kuwe anger mlaku mandan cepet jajal, mlaku kaya bulus, engkad-engkod ora gutul-gutul!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 27)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Mlaku = wasesa - Kaya bulus = lesan - <i>Klausa</i> kriya= gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> tumindak kados kewan eumangkang bangsa penyu ingkang gesang wonten ing dharatan - Kangge ngandharaken raketing sesambetan antawisipun garwa kakung kaliyan garwa estrinipun nalika saweg mlampah-mlampah wonten Teluk Penyu.
			<i>Aktivitas</i> Tartamtu	Kangge Ngandhar- aken Raos Kuciwa	<p>“Ora mikir, buthake thok sing diambani!” (Data 4, MP3 Curanmor No. 23)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Buthake thok = jejer - Sing diambani = wasesa - <i>Klausa</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngambani buthak mustaka ingkang sampun buthak - Kangge ngandharaken raos kuciwa Sukarni dhateng petugas perpustakaan amargi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
					dipunampili buku telpon kaliyan petugas perpustakaan ingkang isinipun namung nomer-nomer telpon.
				Kangge Ngandhar- aken Raos Kuciwa	<p>“Ngapa-ngapa ora gelem kepriwe karepe rika?” (Data 9, MP3 Curanmor No 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Kepriwe = wasesa - Karepe rika = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> kepengin ngertos punpa ingkang dipunkajengaken mitra tutur <p>Garwa estri kuciwa dhateng garwa kakungipun amargi boten purun mbantu garwa estri napa-napa.</p>
				Kangge Ngandhar- aken Raos Kuciwa	<p>“Kowe kuwe lambe wis ora kena diendel, lambene ngathus!” (Data 9, MP3 Curanmor No. 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lambene = jejer - Ngathus = wasesa - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> tiyang ingkang boten saged dipunpitados <p>Kangge gandharaken raos kuciwa kakine dhateng Dewa Pencabut amargi Nyawa mblenjani janjinipun bilih badhe nambah yuswanipun selangkung tahun, ananging boten sios.</p>
				Kangge Ngandhar- aken Raos Jengkel	<p>“Ra mendelik rika matane ya?” (Data 6, MP3 Curanmor No. 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Ra mendelik = wasesa - Rika matane ya = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> boten ngginakaken netranipun kangge ningali <p>Kangge ngandharaken raos mangkel garwa estri dhateng sisihanipun amargi sampun dipunwastani maringi maem cliring dhateng putranipun.</p>
				Ngandhara ken Raos Jengkel	<p>“Lha mulane sing endi? Balang nganggo klapa rika ya.” (Data 2, MP3 Curanmor No. 4)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Balang nganggo klapa = wasesa - Rika= lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngandharaken emosi kanthi mbalang ngginakaken klapa <p>Kangge ngandharaken raos jengkel Yugo dhateng mamakipun amargi suka dhawuh ananging boten cetha.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Rika matane ora melek apa kepriwe?” (Data 1, MP3 Curanmor No. 2)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Rika matane = jejer - Ora melek = wasesa - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> netra ingkang boten dipunginakaken - Kangge ngandharaken raos duka penumpang angkotan kota dhateng kenet nalika dipuntakeni "ngasta napa" kaliyan kenet angkota kamangka sejatosipun sareng kaliyan putranipun.
				Ngandharaken Raos Duka	<p>“Pengen tek kethok lambene apa?” (Data 4, MP3 Curanmor No. 14)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Tek kethok = wasesa - Lambene = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> ngiris lathinipun Krisdayanti ngginakaken alat - Kangge ngandharaken raos dukanipun Anang dhateng Krisdayanti amargi Krisdayanti nembang kemawon, satemah Anang ngraos brisik sanget.
				Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Omehi bae kae, tampongi bae lambene!” (Data 6, MP3 Curanmor No. 2)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Tampongi bae = wasesa - Lambene = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> dipuntampek lathinipun - Kangge ngandharaken raketing sesambetan nalika supir angkotan kota dipuncritani kaliyan salah setunggal penumpang bilih putranipun dipunenyek dhateng kenet.
				Ngandharaken Raketing Sesambetan	<p>“Gelem ya ayuh, ora gelem ya tek gered karo tambang!” (Data 3, MP3 Curanmor No. 11)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Tek gered = wasesa - Karo tambang = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> dipuntarik ngginakaken tambang kados lembu - Kangge ngandharaken raketing sesambetan “Y” dateng “X” nalika munggah hotel liwat tangga darurat amargi liv hotel saweg risak, dipunandharaken kanthi gumujeng.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6
				Kangge Ngina	<p>“Bocah angger gedhene disusoni nang wit randhu kaya (Data 1, MP3 Curanmor No. 5)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Disusoni = wasesa - Nang wit randhu = lesan - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> tiyang ingkang nyusu wit - Tukang fotokopi ngina Dhawijo amargi mesin fotokopi dipunwastani kulkas.
				Ngandharaken Raos Gumun	<p>“O... rika mbok arep ngenteni nang kene nganti motore manak ora bakal biru lampune.” (Data 4, MP3 Curanmor No. 15)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Motore = jejer - Manak = wasesa - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> piranti transportasi rodha kalih ingkang nglairaken putra - Kangge ngandharaken raos gumun polisi lalulintas dhateng Kaki Blewung nalika saweg wonten lampu bangjo amargi boten purun nglampahaken motoripun nalika lampu werni ijem saha nengga lampu lalulintas wernipun gantos biru.
				Ngandharaken Raos Gumun	<p>“Lambene diatur mas, wong lagi ana wog mati koh malah cekakakan!” (Data 1, MP3 Curanmor No. 20)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lambene = jejer - Diatur = wasesa - <i>Klausu</i> kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan - <i>Referen</i> perangan badhan kangge ngendika didhawuhi dipunteta - Kangge ngandharaken raos gumun tiyang ingkang saweg lelayu amargi kancanipun dokter jantung nggugeng sero sanget wonten ing pasarean.

Saking tabel 1.0 saged dipunsumerepi menawi ing Lawakan Curanmor menika dipunpanggihaken pisuhan awujud tembung lingga, tembung andhahan, *frasa*, saha *klausa*. Jinisipun pisuhan ingkang awujud tembung lingga salebeting MP3 Lawakan Curanmor kasebut inggih menika tembung lingga aran, lingga kahanan, saha tembung lingga kriya. Jinis pisuhan ingkang awujud tembung andhahan salebeting Lawakan Curanmor kasebut inggih menika tembung andhahan ingkang wujudipun tembung lingga ingkang karaketan ater-ater, karaketan seselan, karaketan panambang, karaketan campuran, wonten ugi tembung rangkep, tembung wancah, saha tembung camboran.

Wujud pisuhan sanesipun ingkang kapanggihaken ing Lawakan Curanmor inggih menika pisuhan awujud *frasa*. Jinis pisuhan ingkang awujud *frasa* ing Lawakan Curanmor inggih menika *frasa* aran/ nomina saha *frasa* kahanan/ adjektiva. Wujud pisuhan sanesipun inggih menika pisuhan awujud *klausa* ingkang jinisipun *klausa* kahanan, saha *klausa* kriya.

B. Pirembagan

Asiling panaliten salajengipun badhe dipunrembag wonten ing bab menika. Pirembagan pisuhan salebeting Lawakan Curanmor ingkang sepisan ngrembag babagan wujud pisuhan lajeng ngrembag babagan jinising tembung lajeng ngrembag babagan *referen* ingkang dipungayutaken kaliyan kahanan wonten ing masarakat. *Referen* pisuhan menika lajeng dipuntegesi kaliyan *konteks* pisuhan. Teges pisuhan boten saged dipunpisahaken kaliyan *referen* pisuhan amargi saged nyengkuyung pirembagan babagan *referen* menika. Ancas pisuhan

kapanggihaken kanthi ningali kahanan *situasi* lan *konteks*ipun. Pirembagan menika dipun-ginakaken kangge manggihaken wujud, *referen*, saha ancas pisuhan salebeting Lawakan Curanmor. Pirembagan menika dipun-ginakaken kangge manggihaken wujud, *referen*, saha ancas pisuhan salebeting Lawakan Curanmor saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. Pisuhan Awujud Tembung Lingga

Saking asiling panaliten, pisuhan ingkang kalebet tembung lingga wonten ing Lawakan Curanmor menika kaperang dados tiga inggih menika ingkang kalebet tembung aran, kahanan, saha kriya. Saking wujudipun lajeng dipunpadosi *referen* saha ancas saking pisuhan menika miturut *konteks* tuturan panatur dhateng mitra tuturipun. Andharanipun dipunrembag ing bab menika.

a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Aran

Wonten ing pirembagan menika badhe dipunandharaken babagan pisuhan awujud tembung lingga aran wonten ing Lawakan Curanmor. Tembung aran saged katitik kanthi dipunwuwuhi tembung ‘dudu’ kangge negatifaken. Wonten ing Lawakan Curanmor menika tembung lingga aran gadhah *referen* namaning kewan, perangan badhan, lan jinising lelembut. *Referen* ingkang kapanggihaken menika dipuntegesi kanthi kahanan lan *konteks* tuturan. Saking *konteks* tuturan menika saged dipuntingali ancas saking pisuhan menika. Pirembagan saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

1) Pisuhan Tembung Lingga Aran *Referen* Namaning Kewan

Pisuhan awujud tembung lingga aran *referen* namaning kewan kaperang dados tiga inggih menika pisuhan kangge ngandharaken raos jengkel, kuciwa, lan ngandharaken raking sesambetan.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Namaning Kewan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan lan kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Yugo ngemutaken ibunipun supados ngleresaken rikmanipun ingkang mawud-mawud (boten rapi) nalika ibunipun saweg umpetan amargi kuwatos wonten tiyang ingkang ngertos nalika Yugo saweg nyolong kelapa.

(1) Yugo: “Kuwe rambute ditata dhisit, aja kaya **landhak**.”
(Data no. 3 MP3 Curanmor no. 4, Anak Nurut Maring Mamake)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung ‘landhak’. Wonten salebeting tuturan menika tembung ‘landhak’ kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut landhak minangka jinising kewan ananging kangge nyebut mitra tutur inggih menika ibunipun Yugo.

Tembung ‘landhak’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘landhak’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘landhak’ kalebet tembung aran. Tembung ‘landhak’ kalebet tembung aran amargi saged dipungandheng kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu landhak’ lan boten saged dipungandheng kaliyan tembung ‘ora’ kados ‘ora landhak’.

Referen saking pisuhan menika kalebet *referen* namaning kewan. *Acuan* saking tembung ‘landhak’ inggih menika kewan ingkang wulu kaku lancip-lancip kados eri. Wonten ing tuturan menika Yugo mastani mitra tuturipun ‘landhak’. Menika sampun beda saking *acuan* ‘landhak’ minangka jinising kewan ananging tembung ‘landhak’ dipuntujokaken kangge mitra tuturipun. Dados wonten ing ukara menika *referen* saking pisuhan sampun beda tegesipun ananging taksih gadhah gegayutan, bilih rikmanipun mitra tutur dipunsamikaken kaliyan rambut landhak ingkang ngadeg-ngadeg.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos jengkel. *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos jengkel Yugo dhateng ibunipun amargi rikmanipun ibunipun awud-awudan (boten rapi). Wekdal menika Yugo ajrih lan kuwatos bok bilih wonten tiyang ingkang ngertos nalika piyambakipun saweg nyolong kelapanipun tiyang amargi rikma ingkang awud-awudan menika saged nyebabaken konangan. Kangge ngandharaken raos jengkelipun Yugo dhateng ibunipun satemah Yugo mastani ibunipun kados landhak.

(b)Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Namaning Kewan kangge Ngandharaken Raos Kuciwa

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raos kuciwa saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Rambo konangan dhateng bapakipun pacare amargi bapakipun pacare Rambo menika tiyang ingkang kagungan apotek nalika Rambo tumbas kondom.

(2)Penjaga apotek: “**Kampret** kowe pancen!”
(Data 3, MP3 Curanmor no. 7, Beli Kondong)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung ‘kampret’. Tembung ‘kampret’ kalebet pisuhan amargi kalebet tembung kasar lan *referen* saking kampret menika dipunanggep *ala* kaliyan masarakat. Wonten salebeting tuturan menika tembung ‘kampret’ kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut kampret minangka jinis kewan ananging kangge nyebut mitra tutur saking penjaga apotek inggih menika Rambo.

Tembung ‘kampret’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘kampret’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘kampret’ kalebet tembung aran amargi saged dipungandheng kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kampret’ lan boten saged dipungandheng kaliyan tembung ‘ora’ kados ‘ora kampret’.

Referen saking pisuhan menika kalebet *referen* namaning kewan. *Acuan* saking tembung ‘kampret’ inggih menika nama kewan bangsa lawa alit. Wonten ing tuturan menika Penjaga Apotek mastani mitra tuturipun ‘kampret’. Menika sampun beda saking *acuan* ‘kampret’ minangka jinising kewan ananging dipuntujokaken kangge mitra tuturipun. Dados wonten ing ukara menika *referen* saking pisuhan sampun beda tegesipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa penjaga apotek dhateng Rambo amargi pacaripun putranipun inggih menika Rambo kanyata tiyang ingkang tumbas kondom kaliyan piyambakipun wonten ing apotek. Penjaga apotek ingkang kuciwa lajeng misuh kanthi nyebut Yugo menika kampret.

(c)Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Namaning Kewan kangge Ngandharaken Raking Sesambetan

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raking sesambetan. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raking sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Ari nggleweh bapakipun nalika ibunipun dipunenyek kados kucrit.

(3)Ari: “Biyungku kucrit ya ramaku **clurut.**”
(Data 7, MP3 Curanmor no. 21, Mesin Ketik)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung ‘clurut’. Tembung ‘clurut’ kalebet pisuhan amargi *referen* saking clurut menika dipunanggep *ala* kaliyan masarakat. Wonten salebeting tuturan menika tembung ‘clurut’ kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut clurut minangka jinis kewan ananging kangge nyebut mitra tutur saking Ari inggih menika bapakipun Ari.

Tembung ‘clurut’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘clurut’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘clurut’ kalebet tembung aran amargi saged dipungandheng kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu clurut’ lan boten saged dipungandheng kaliyan tembung ‘ora’ kados ‘ora clurut’.

Referen saking pisuhan menika kalebet *referen* namaning kewan. *Acuan* saking tembung ‘clurut’ inggih menika kewan bangsa tikus ingkang ambunipun langu. Wonten ing tuturan menika Ari mastani mitra tuturipun ‘clurut’. Menika sampun beda saking *acuan* ‘clurut’ minangka jinising kewan ananging dipuntujokaken kangge mitra tuturipun. Dados wonten ing ukara menika *referen* saking pisuhan sampun beda tegesipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan saking pisuhan menika ngandharaken raketing sesambetan Ari kaliyan bapakipun amargi tuturan menika ancasipun kangge gojegan antawisipun Ari dhateng bapakipun nalika ibunipun dienyek kados kucrit. Tuturan menika dipun-ngendhikaaken sinambi gojekan kangge ngandharaken raketing sesambetan. Awit saking raketing sesambetan

antawisipun Ari dhateng bapakipun satemah Ari nyebut bapakipun clurut nalika bapakipun nyebut ibunipun kucrit.

2) Pisuhan Tembung Lingga Aran *Referen* Perangan Badhan

Pisuhan tembung lingga aran *referen* perangan badhan wonten ing Lawakan Curanmor gadhah ancas kangge ngandharaken raket ing sesambetan, lan ngandharake raos jengkel. Pisuhan babagan menika saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

(a)Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Namaning Kewan kangge Ngandharaken Raket ing Sesambetan

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan lan kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan saged kangge ngandharaken raket ing sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Indra dipuntimbal "Lek" kaliyan kancanipun.

(4)Indra: “Lak Lek Lak Lek... Ngundang sapa kowe? **Kelek?**”
(Data no.5, MP3 Curanmor no. 17, Karnaval)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung ‘kelek’. Wonten salebeting tuturan menika tembung ‘kelek’ kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut kelek minangka peranganing badhan ananging kangge ngandharaken bilih Indra boten purun dipunundang ‘lek’ kaliyan kanca raketipun.

Tembung ‘kelek’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘kelek’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘kelek’ kalebet tembung aran. tembung ‘kelek’ kalebet tembung aran amargi saged dipungandheng kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kelek’ lan boten saged dipungandheng kaliyan tembung ‘ora’ kados ‘ora kelek’.

Referen saking pisuhan menika kalebet *referen* peranganing badhan. *Acuan* saking tembung ‘kelek’ inggih menika lekuaning cangklakan. Wonten ing tuturan menika Indra boten purun dipunwastani ‘Lek’ amargi kados mastani piyambakipun ‘kelek’.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika boten dipuntegesi salimrahipun ananging dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan Indra kaliyan kanca raketipun. Indra ingkang wekdal menika dipundangu ‘Lek’ kaliyan kancanipun mangsuli kanthi tembung ‘kelek’ kangge gojekan.

(b)Pisuhan Awujud Tembung Lingga *Referen* Perangan Badhan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan lan kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Salah setunggal sedherekipun *pasien* griya sakit nimbali suster kanthi suara sero sanget.

(5)Suster: “Nek anu arep ngetokna **bol** kuwe aja kang cangkem, kang ngisor bae bole gole ngetokna pak!”
(Data 1, MP3 Curanmor no. 28, Wong Babaran)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung ‘bol’. Tembung ‘bol’ kalebet pisuhan amargi kalebet tembung kasar lan *referen* saking ‘bol’ menika dipunanggep *ala* kaliyan masarakat. Wonten salebeting tuturan menika tembung ‘bol’ kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut bol minangka peranganing badhan ananging kangge nyebut caranipun mitra tutur nalika ngendika.

Tembung ‘bol’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘bol’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘bol’ kalebet tembung aran. Tembung ‘bol’ kalebet tembung aran amargi saged dipungandheng kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bol’ lan boten saged dipungandheng kaliyan tembung ‘ora’ kados ‘ora bol’.

Referen saking pisuhan menika kalebet *referen* peranganing badhan. *Acuan* saking tembung ‘bol’ inggih menika pungkasaning usus. Wonten ing tuturan menika Suster nggantos tembung swanten kaliyan tembung ‘bol’ dhateng setunggal tiyang ingkang nimbali piyambakipun kanthi swanten sero sanget. Babagan menika sampun beda saking *acuan* ‘bol’ minangka peranganing badhan ananging dipuntujokaken kangge mitra tuturipun nalika saweg ngendika. Dados wonten ing ukara menika *referen* saking pisuhan sampun beda tegesipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel suster dhateng tiyang amargi nimbali piyambakipun kanthi swanten sero sanget nalika wonten griya sakit.

3) Pisuhan Tembung Lingga Aran *Referen* Jinising Lelembut

Pisuhan Lawakan Curanmor wonten ingkang awujud tembung lingga jinis aran kanthi *referen* jinising lelembut namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud tembung lingga jinis aran kanthi *referen* jinising lelembut kangge ngandharaken raos kuciwa saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kunci kamar hotel ketilaran wonten mobil nalika “X” “Y” sampun minggah tangga lantai 99.

(6)Kancanipun Samiran: “Oh... **belis** kowe pancen!”
(Data 5, MP3 Curanmor no. 11, Cerita Sedih)

Wonten ing tuladha menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘belis’. Tembung ‘belis’ menika kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kangge nyebut belis minangka jinising lelembut ananging kangge nyebut mitra tuturipun inggih menika Samiran ingkang damel susah kanca-kancanipun. Tembung ‘belis’ menika kalebet tembung ingkang kasar lan *referen* saking eblis menika wonten ing masarakat dipunanggep *ala* lan damel petenging manahipun tiyang.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘belis’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘belis’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘belis’ kalebet jinising tembung aran. Tembung ‘belis’ kalebet jinising tembung aran amargi saged dipunsambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu belis’. Titikan sanesipun inggih menika tembung ‘belis’ boten saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’.

Referen saking pisuhan ‘belis’ inggih menika jinising lembut. Belis menika sami tegesipun kalihan ‘setan’. Menawi dipun-gayutaken kaliyan *konteks* tuturan ing inggil dipun-ginakaken kancanipun Samiran dhateng Samiran kangge ngandharaken raos kuciwa satemah nyebut Samiran ‘belis’. Belis wonten ing tuturan menika tegesipun sanes belis kangge nyebut jinising lembut ingkang gadhah sipat *ala* ananging kangge ngandharaken raos kuciwa saking kanca-kancanipun Samiran amargi Samiran nembe ngendika bilih kunci kamar hotel ketilaran wonten ing mobil nalika sedayanipun sampun minggah tangga dumugi tingkat 99.

Pisuhan menika menawi dipuntingali saking ancasipun inggih menika kangge ngandharaken raos kuciwa. Tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunandharaken kanca-kancanipun Samiran kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng Samiran, satemah nyebut Samiran kanthi nama belis.

b) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kahanan

Wonten ing pirembagan menika badhe dipunandharaken babagan pisuhan awujud tembung lingga kahanan/ sipat wonten ing Lawakan Curanmor. Wonten ing Lawakan Curanmor menika tembung lingga kahanan gadhah *referen* kahanan tiyang saha peranganing badhan. *Referen* ingkang kapanggihaken menika dipuntegesi kanthi kahanan lan *konteks* tuturan. Saking *konteks* tuturan menika saged dipuntingali ancas saking pisuhan menika. Pirembagan saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

1) Pisuhan Lingga Kahanan *Referen* Kahanan Tiyang

Pisuhan awujud tembung lingga jinis kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang gadhah ancas kangge ngandharaken raos duka, jengkel, raking sesambetan, lan ngina. Pisuhan awujud tembung lingga jinis kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang gadhah ancas kangge ngandharaken raos duka, jengkel, raking sesambetan, lan ngina saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kahanan *Referen* Kahanan Tiyang kangge

Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga kahanan *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa kakung boten purun nalika dipunsuwun ndandosi listrik kaliyan garwa estri.

(7)Garwa kakung: “Nyong kon ndandani lampu mburi? Sori, **gujis!**”
(Data 9, MP3 Curanmor no. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘gujis’. Tembung gujis menika kalebet tembung pisuhan amargi gujis menika kalebet tembung ingkang kasar lan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘gujis’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘gujis’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘gujis’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘gujis’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora gujis’ utawi ‘sing gujis’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu gujis’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan sipatipun tiyang. *Referen* saking ‘gujis’ menika kathah mangendikan. Wonten ing tuturan menika garwa kakung nyebut garwa estrinipun gujis amargi dipunprentah ndandosi lampu, ndandosi panci, lan ndandosi gendheng, kamangka saderenipun ugi dipundhawuhi ngemong putranipun.

Pisuhan menika menawi dipuntingali saking ancasipun inggih menika kangge ngandharaken raos duka. Garwa kakung duka dhateng garwa estrinipun

amargi dipunprentah ndandosi lampu, pandi, saha gendheng, satemah mastani bilih garwa estrinipun gujis.

(b)Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kahanan *Referen* Kahanan Tiyang kangge
Ngandharaken Raos Jengkel

Kapanggihaken ugi pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor ingkang awujud tembung lingga kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Pacaripun Rambo caket-caket terus kaliyan Rambo nalika wonten bapakipun pacare Rambo.

(8)Rambo: “Aja risik-risikan kaya kuwelah, nyong isin karo ramamu, **gobel!**”
(Data 2, MP3 Curanmor no. 7, Beli Kondong)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘gobel’. Tembung ‘gobel’ menika kalebet tembung pisuhan amargi gobel menika kalebet tembung ingkang radi kasar lan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel amargi pacaripun Rambo caket-caket kaliyan Rambo nalika wonten bapakipun pacaripun.

Tembung ‘gobel’ asalipun saking tembung ‘goblok’ ingkang dipunplesetaken supados langkung alus. Tembung ‘gobel’ menika kalebet pisuhan awujud tembung lingga. Tembung ‘gobel’ menika kalebet pisuhan awujud tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘gobel’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘gobel’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora gobel’ utawi ‘sing gobel’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu gobel’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘gobel’ menika kalebet tembung pisuhan, amargi tembung gobel menika kalebet tembung kasar ingkang wonten ing masarakat dipunanggep kahanan ingkang kirang sae. ‘Gobel’ menika tegesipun sami kaliyan ‘goblok’. ‘Gobel’ menawi dipuntegesi inggih menika kahanan tiyang ingkang bodho sanget. Wonten ing pisuhan menika Rambo ngendika ‘gobel’ amargi pacaripun boten tanggep kaliyan kahanan nalika bapakipun pacaripun saweg wonten caketipun ananging pacaripun malah caket-caket kaliyan Rambo, satemah Rambo ngraos isin kaliyan bapakipun pacaripun.

Pisuhan menika bilih dipuntingali kanthi ancasipun inggih menika kangge ngandharaken raos jengkel. Rambo jengkel dhateng pacaripun amargi caket-caket terus kaliyan Rambo nalika wonten bapakipun pacaripun Rambo.

Pisuhan awujud tembung lingga wonten Lawakan Curanmor kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos jengkel sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Anang brisik nalika Krisdayanti nembang terus amargi swantenipun boten cetha.

(9)Anang: “Oalah mubah...mubah, guli mbiayani kowe les vokal, tambah dadi, dadi **gemblung!**”

(Data 1, MP3 Curanmor no. 14, Gemblung Nyanyi)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘gemblung’. Tembung gemblung menika kalebet tembung pisuhan amargi gemblung menika kalebet tembung ingkang kasar lan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Anang dhateng Krisdayanti amargi nembang kemala.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘gemblung’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘gemblung’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘gemblung’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘gemblung’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora gemblung’ utawi ‘sing gemblung’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu gemblung’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘gemblung’ menika kalebet tembung pisuhan, amargi tembung gemblung menika kalebet tembung kasar ingkang wonten ing masarakat dipunanggep kahanan ingkang kirang sae. ‘Gemblung’ gadhah *acuan* inggih menika kahanan tiyang ingkang boten waras utawi edan. Wonten ing pisuhan menika tembung ‘gemblun’ dipun-ginakaken Anang kangge nyebut Krisdayanti. Wonten ing tuturan menika sampun boten trep saking *acuan* gemblung kanthi teges tiyang ingkang boten waras, ananging namung kangge ngandharaken raos jengkel

dhateng Krisdayanti ingkang nembangipun sampun kados tiyang gemblung amargi boten cetha.

Pisuhan menika bilih dipuntingali kanthi ancasipun inggih menika kangge ngandharaken raos jengkel Anang dhateng Krisdayanti amargi brisik nembang kemala kamangka menawi nembang syair tembangipun ngawuran sanget amargi dipundamel piyambak.

Pisuhan wonten Lawakan Curanmor *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos jengkel sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Nini Jemu dipungleweh wayahipun nalika badhe dibonceng nitih motor.

(10) Nini Jemu: "Enyong wis cekelan kenceng banget, **budheg!**"

(Data 7, MP3 Curanmor no. 22, Nini Jemu)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung 'budheg'. Tembung 'budheg' menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung 'budheg' menika boten kangge nyebut 'budheg' minangka kahanan saking mitra tuturipun Nini Jemu. Tembung 'budheg' dipun-ginakaken Nini Jemu kangge ngandharaken raos jengkel amargi dipungleweh kaliyan wayahipun nalika badhe dipunbonceng nitih motor.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung 'budheg' menika kalebet tembung lingga. Tembung 'budheg' menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung 'budheg' menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung 'budheg' kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan 'ora' utawi 'sing' minangka pratanda saking tembung

kahanan, kados 'ora budheg' utawi 'sing budheg' lan boten saged sinambung kanthi tembung 'dudu' dados 'dudu budheg'.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Budheg menika bilih dipuntegesi inggih menika Salah satunggaling kahanan tiyang ingkang boten saged mireng amargi risak talinganipun.

Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* tuturan, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken Nini Jemu kangge mbudhegaken wayahipun ingkang kasunyatan boten budheg amargi Nini Jemu mangkel. Nini Jemu mangkel nalika piyambakipun sampun munggah wonten jok motor ananging wayahipun taksih taken boten namung kaping kalih kemala punapa sampun munggah, kamangka Nini Jemu sampun mangsuli pitakenanipun.

(c) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kahanan *Referen* Kahanan Tiyang kangge

Ngandharaken Raketing Sesambetan

Pisuhan Lawakan Curanmor wonten ingkang awujud tembung lingga kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang lan gadhah ancas kangge ngandharaken raketing sesambetan. Pisuhan awujud tembung lingga kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raketing sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Peraturan FIFA(*Fenggemar Inti Fiala duniA*) ingkang dipundamel garwa kakung kangge garwa estrinipun kathah sanget lan boten pareng dilanggar.

(11) Garwa kakung: “**Modyar** mbok rika angger dadi bojone inyong?”

(Data 2, MP3 Curanmor no. 25, Peraturan FIFA)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘modyar’. Tembung modyar menika kalebet pisuhan amargi modyar menika kalebet tembung ngoko ingkang kasar. Modyar wonten ing tuturan menika boten kangge nyebut kahanan ingkang salimrahipun ananging dipunginanaken kaliyan garwa kakung dhateng garwa estrinipun kangge ngapokaken garwa estrinipun sinambi gujengan.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘modyar’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘modyar’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘modyar’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘modyar’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados’ora modyar’ utawi ‘sing modyar’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu modyar’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan saking tiyang. *Referen* saking ‘modyar’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling kahanan tiyang ingkang sampun seda. Wonten ing tuturan menika garwa kakung ngendika ‘modyar’ dhateng garwa estrinipun kangge ngandharaken raket ing sesambetan kanthi gojegan antawisipu garwa kakung kaliyan garwa estrinipun. Garwa kakung damel peraturan FIFA(Fenggemar Inti Fiala duniA) ingkang wosipun antawisipun inggih menika garwa estri boten pareng gerah nalika saweg wonten pertandhingan sepak bola, amargi garwa kakungipun boten badhe ngancani dhateng dokter lan boten purun dipunganggu anggenipun ningali bal.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika ngandharaken raket ing sesambetan garwa kakung kaliyan garwa estrinipun amargi dipun-ngendikaaken kanthi gojekan. ‘Modyar’ wonten ing mriki kangge nggambaraken kahanan garwa estrinipun ingkang boten saged punapa-punapa lan kedah manut dhateng peraturan FIFA ingkang dipundamel garwa kakung, dados ‘modyar’ sanes ateges sampun seda.

(d) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kahanan *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Ngina

Pisuhan Lawakan Curanmor wonten ingkang awujud tembung lingga kahanan *referen* kahanan tiyang ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung lingga ingkang gadhah *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Polisi Lalulintas maosaken waosan wonten ing plang peraturan lalulintas nalika wonten tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas.

(12) Polisi Lalulintas: “Lurus jalan terus, **bodhol.**”

(Data 5, MP3 Curanmor no. 26, Rambu-Rambu Lalulintas.)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘bodhol’. Tembung bodhol wonten ing Basa Jawi *Dialek* Banyumas tegesipun barang tartamtu ingkang sampun dangu sanget lan sampun katingal risak. Ananging wonten ing pisuhan Lawakan Curanmor menika tembung bodhol menika plesetan saking tembung bodho, tembung bodhol kalebet pisuhan amargi ngandharaken kahanan tiyang ingkang boten sae. Bodhol wonten ing tuturan menika boten kangge nyebut kahanan

ingkang salimrahipun ananging dipun-ancasnaken kaliyan Polisi Lalulintas dhateng tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘bodhol’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘bodhol’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan.

Tembung ‘bodhol’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘bodhol’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora bodhol’ utawi ‘sing bodhol’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bodhol’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan saking tiyang. *Referen* saking ‘bodhol’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling kahanan tiyang ingkang sisah mangertos dhateng piwulang. Wonten ing tuturan menika Polisi Lalulintas ngendika ‘bodhol’ dhateng tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas kangge ngina tiyang kasebut amargi piyambakipun lepat anggenipun ngartosaken plang peraturan lalulintas kanthi seratan ‘*Lurus Jalan Terus*’. Seratan ‘*Lurus Jalan Terus*’ menika dipuntegesi kaliyan tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas bilih tiyang ingkang rikmanipun kriting boten pareng nerasaken lampah. Sejatosisipun tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas menika boten mangertos bilih piyambakipun lepat, ananging kaliyan polisi piyambakipun dipunwastani ‘bodhol’ amargi boten mudhengan.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika ngandharaken raos ngina. Polisi Lalulintas maosaken waosan wonten ing

plang peraturan lalulintas saha ngina pangancas margi ingkang *nglanggar* peraturan lalulintas kasebut.

2) Pisuhan Lingga Kahanan *Referen* Perangan Badhan

Pisuhan awujud tembung lingga jinis kahanan kanthi *referen* perangan badhan gadhah ancas kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung lingga jinis kahanan kanthi *referen* perangan badhan gadhah ancas kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntinagli wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukarni ningali petugas perpustakaan ingkang gundhul saweg sisiran.

(13) Sukarni: “Heh, thak **buthak!**”

(Data 1, MP3 Curanmor no. 23, Nyelang Buku)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘buthak’. Tembung ‘buthak’ menika kalebet tembung pisuhan amargi dipunandharaken kangge ngina tiyang sanes.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘buthak’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘buthak’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘buthak’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘buthak’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora buthak’ utawi ‘sing buthak’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu buthak’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘buthak’ menika kalebet tembung pisuhan, amargi tembung buthak menika

nerangaken kahanan tiyang ingkang kirang sae lan dipun-ginakaken kangge ngina tiyang sanes. Buthak menika menawi dipuntegesi inggih menika kahanan saking mustakanipun tiyang tanpa thukul rekmanipun.

Pisuhan menika bilih dipuntingali kanthi ancasipun inggih menika kangge ngina tiyang sanes. Sukarni ngina petugas perpustakaan nalika saweg nyisiri mustakanipun ingkang buthak, satemah Sukarni nimbali petugas perpustakaan kanthi nyebut asmanipun buthak.

c) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kriya

Wonten ing pirembagan menika badhe dipunandharaken babagan pisuhan awujud tembung lingga kriya. Titikan saking tembung kriya inggih menika gadhah pangertosan nindakaken pakaryan. Wonten ing Lawakan Curanmor menika tembung lingga kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu saha perangan badhan. *Referen* ingkang kapanggihaken menika dipuntegesi kanthi kahanan lan *konteks* tuturan. Saking *konteks* tuturan menika saged dipuntingali ancas saking pisuhan menika. Pirembagan saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kriya *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud tembung lingga kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Swantenipun garwa estri dipunanggep swanten adzan nalika saweg mrentah wungu sisihanipun.

(14) Garwa estri: “Aja **sembrana** kowe!”

(Data 2, MP3 Curanmor no. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘sembrana’. Tembung sembrana tegesipun boten gadhah subasita saha boten wonten raos ngormati kaliyan tiyang sanes. Sembrana wonten ing tuturan kangge nyebut sipatipun tiyang ingkang dipunpisuhi amargi nyebut swantenipun garwa estrinipun kados swanten adzan.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘sembrana’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘sembrana’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘sembrana’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘sembrana’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan saking tiyang. *Referen* saking ‘sembrana’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling sipat tiyang ingkang kirang tumemen, remenipun ngajak guyon. Wonten ing tuturan menika tembung ‘sembrana’ dipun-ngendikaaken garwa estri dateng sisihanipun amargi swantenipun dipunenyek kados swanten adzan nalika piyambakipun saweg ndhawuhi garwanipun wungu.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos duka. Garwa estri duka kaliyan sisihanipun amargi swantenipun nalika saweg ndhawuhi wungu dipunwastani swanten adzan, satemah garwa estri ngendika bilih garwa kakungipun sembrana.

(b) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kriya *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Kuciwa

Pisuhan awujud tembung lingga kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos getun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa kakung boten purun mbiyantu napa-napa nalika sisihanipun saweg kathah pedamelan.

(15) Garwa estri: “**Minggat** bae nganah, minggat!”

(Data 11, MP3 Curanmor no. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘minggat’. Tembung minggat tegesipun tindakan ananging ngginakaken basa ingkang kasar sanget. Minggat kalebet tembung pisuhan amargi tembung ingkang kasar lan dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng mitra tutur.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘minggat’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘minggat’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘minggat’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘minggat’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* saking ‘minggat’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling *aktivitas* tiyang ingkang ateges tindak nggeblas. Menawi dipuntingali saking kahanan wonten ing masarakat tembung menika namung dipun-ginakaken nalika tiyang saweg emosi. Wonten ing tuturan menika tembung ‘minggat’ dipun-ngendikaaken garwa estri

dateng sisihanipun amargi kuciwa, piyambakipun boten purun mbiyantu punapa-punapa nalika garwa estri saweg repot ngemong putranipun.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos kuciwa. Garwa estri kuciwa kaliyan garwa kakungipun amargi boten purun mbiyantu punapa-punapa nalika saweg repot ngemong putranipun, satemah garwa kakungipun dipundhawuhi ‘minggat’ kaliyan sisihanipun.

Pisuhan tembung lingga kriya wonten Lawakan Curanmor *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Jendral Kapal Belanda rumaos dipunremehaken kaliyan tukang tropong ingkang sejatosipun kakang kandhung piyambakipun.

(16) Tukang tropong: “Nyong Jendral, pimpinane rika, **kampleng** nggawen!”
(Data 2, MP3 Curanmor no. 16, Kapal Belanda)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘kampleng’. Tembung kampleng kangge ngandharaken *aktivitas* tartamtu saking tiyang inggih menika *mukul* pipinipun tiyang sanes ngginakaken asta. Tembung kampleng kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung ingkang dipunanggep kasar wonten masarakat.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘kampleng’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘kampleng’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘kampleng’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘kampleng’ menawi dipuntingali kanthi jinising

tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu, inggih menika *mukul* pipinipun tiyang sanes ngginakaken asta.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* saking ‘kampleng’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling *aktivitas* ingkang kalebet *aktivitas* ingkang dipuntujokaken dhateng tiyang sanes, kanthi teges njotos mustakanipun tiyang. *Referen* menika dipundharaken Jendral dhateng tukang tropongipun amargi ngraos getun. Jendral Kapal Belanda sejatosipun rayinipun tukang tropong, ananging nalika saweg wonten kapal Jendral ingkang pangkatipun langkung inggil dipunbandhingaken kaliyan tukang tropong. Tukang tropong boten ngormati Jendral minangka *atasanipun* satemah Jendral ngaos kuciwa kaliyan tukang tropong kasebut.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan, pisuhan menika dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Jendral kapal Belanda rumaos kuciwa amargi dipunandhapaken kaliyan tukang tropong ingkang sejatosipun kakang kandhungipun piyambak.

(c) Pisuhan Awujud Tembung Lingga Kriya *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud tembung lingga kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sopir angkotan jengkel nalika ningali Kenetipun padu kaliyan penumpang.

(17) Sopir: “Kiyé nang njero angkotan kota wis panas, aja gawe tambah panas, **reang** bae!”

(Data 5, MP3 Curanmor no. 2, Anak Elek)

Wonten ing nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud pisuhan tembung lingga inggih menika ‘reang’. Tembung ‘reang’ kalebet pisuhan amargi dipunandharaken kaliyan tiyang nalika jengkel lan ugi kalebet tembung ingkang kasar.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘reang’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘reang’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘reang’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘reang’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Referen saking ‘reang’ menika sami kaliyan tembung brisik inggih menika nywanten rame. Tembung ‘reang’ wonten ing mriki namung kangge ngandharaken raos jengkel. Supir angkotan jengkel nalika ningali kenet angkutan padu kaliyan Salah setunggal penumpang, kamangka wonten ing angkotan hawanipun benter sanget.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika ancasipun kangge ngandharaken raos jengkel sopir angkotan nalika ningali kenetipun padu kaliyan penumpang angkot.

Pisuhan tembung lingga kriya wonten Lawakan Curanmor *referen* aktivitar tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Raos jengkel ibu dhateng putranipun amargi boten purun mandheg udud.

(18)Ibu: “**Cengkeweng** ngenah senggawe!”

(Data 1, MP3 Curanmor no. 4, Anak Nurut Maring Mamake)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung lingga inggih menika tembung ‘cengkeweng’. Tembung cengkeweng kalebet tembung pisuhan amargi kalebet tembung ingkang kasar menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* wonten pethikan ing nginggil. Tembung cengkeweng wonten ing pisuhan nginggil kalebet basa ingkang kasar amargi dipuntujukaken dhateng tiyang sanes ingkang dipunanggep kados barang nalika saweg emosi.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘cengkeweng’ menika kalebet tembung lingga. Tembung ‘cengkeweng’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah lan dereng angsal wuwuhan punapa-punapa.

Tembung ‘cengkeweng’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘cengkeweng’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu inggih menika ngasta barang kanthi cara ngginakaken setunggal asta.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* saking ‘cengkeweng’ menika *ngacu* saking *aktivitas* tartamtu saking tiyang inggih menika mbekta barang ngginakaken asta setunggal sinambi dipunjunjung. *Referen* menika boten trep menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* amargi wonten *konteks* ingkang dipunmaksud cengkeweng menika dipuntujokaken dhateng tiyang sanes, boten dipuntujokaken dhateng barang utawi kewan. Ibunipun

ngendika bilih putranipun badhe dipuncengkeweng amargi jengkel nalika putranipun boten purun dipun-ngendikani supados mandheg udud.

Menawi dipuntingali kanthi *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos jengkel. Kangge ngandharaken raos jengkel ibu dhateng putranipun amargi boten purun mandheg udud.

2. Pisuhan Awujud Tembung Andhahan

Wonten ing bab menika badhe dipunrembag pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor ingkang kalebet tembung andhahan. Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan saking tembung lingga ingkang pikantuk ater-ater, seselan, panambang saha campuran. Wonten ugi tembung andhahan ingkang awujud tembung rangkep, tembung wancah, saha tembung camboran. Pirembagan babagan pisuhan tembung andhahan saged dipuntingali wonten ing bab menika.

a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater

Pisuhan Lawakan Curanmor awujud tembung andhahan ater-ater kaperang dados kalih inggih menika kanthi jinis kahanan lan kanthi jinis kriya. Ancas saking pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater kahanan ingkang gadhah *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos ngina. salajengipun wonten ugi pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya kanthi *referen* perangan badhan, *aktivitas* tartamtu, saha pedamelan. Ancas saking pisuhan awujud

tembung andhahan jinis kriya inggih menika kangge ngandharaken raos duka, jengkel, saha, ngina.

1) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kahanan

Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kahanan namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika kanthi *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kahanan namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika kanthi *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan ngandhap menika.

Konteks: Pegawe mercusuar ngina Jendral Kapal Belanda nalika ngertos bilih mercusuaripun dipunarani kapal kaliyan piyambakipun.

(19) Pegawe mercusuar: “**Ngutek** apa ora ya?”

(Data 8, MP3 Curanmor no. 16, Kapal Belanda)

Wonten ing Lawakan Curanmor wonten ugi pisuhan ingkang awujud tembung andhahan ingkang jinisipun tembung kahanan. Ing pethikan nginggil awujud tembung andhahan saking tembung lingga ingkang pikantuk ater-ater. Pisuhan ing nginggil gadhah *referen* namaning perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina.

Wonten ing tuladha pisuhan menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ngutek’. Tembung ‘ngutek’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung ngutek menika kalebet kasar lan wonten ing ukara menika pegawe mercusuar ngece mitra tuturipun inggih menika Jendral Kapal Belanda.

Menawi dipuntingali saking wujuding tembung, tembung ‘ngutek’ menika kalebet tembung andhahan. Tembung ‘ngutek’ menika kalebet tembung andhahan amargi sampun ewah saking asalipun lan sampun pikantuk ater-ater ng- saking tembung lingga ‘utek’.

Menawi dipuntingali saking jinising tembung, tembung ‘ngutek’ kalebet tembung kahanan. Tembung ‘ngutek’ kalebet tembung kahanan amargi saged dipunsambung kanthi tembung ‘ora’ dados ‘ora ngutek’ lan tembung ‘sing’ dados ‘sing ngutek’. Titikan sanesipun inggih menika tembung kahanan boten saged dipunsambung kaliyan ‘dudu’ kados ‘dudu ngutek’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika perangan badhan. Tembung ngutek menika bilih dipuntegesi inggih menika ngginakaken utek, utek piyambak gadhah teges perangan badhan ingkang dipun-ginakaken kangge mikir ingkang dados *kempalaning* sarap-sarap pangraos. Menawi dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* tuturan menika pisuhan menika sejatosipun kangge ngina Jendral Kapal Belanda ingkang dipunwastani bilih piyambakipun mboten ngginakaken pikiranipun nalika mrentah pegawe mercusuar mindah kapal, amargi jendral sampun kelentu bilih mercusuar dipunanggep kapal.

Pisuhan menika dipun-ginakaken pegawe mercusuar ngina Jendral Kapal Belanda ingkang sampun lepat amargi mercusuar dipunwastani kapal ingkang badhe nabrak kapalipun, satemah pegawe mercusuar nyuwun pirsaa kaliyan Jendral bilih piyambakipun ‘ngutek’ punapa boten, ingkang tegesipun ngginakaken pikira punapa boten.

2) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya

Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika kanthi *referen* perangan badhan, *aktivitas* tartamtu, lan pedamelan. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya kanthi *referen* perangan badhan dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka, jengkel, lan ngina. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya kanthi *referen* pedamelan dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

(a) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen* Perangan Badhan kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Siska mangsuli garwanipun nalika didhawuhi "minggat" kaliyan garwanipun.

(20) Siska: “Tenang bae rausah **mbacot**, nyong bali anu arep adus, arep lunga maning!”

(Data 2, MP3 Curanmor no. 21, Mesin Ketik)

Wonten ing Lawakan Curanmor wonten ugi pisuhan ingkang awujud tembung andhahan ingkang jinisipun tembung kriya. Pethikan wonten nginggil

kalebet pisuhan awujud tembung andhahan ingkang asalipun saking tembung lingga ingkang pikantuk ater-ater. Pisuhan ing nginggil gadhah *referen* namaning perangan badhan kangge ngandharaken raos duka. Babagan pisuhan menika saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘mbacot’. Tembung ‘mbacot’ asalipun saking tembung lingga ‘bacot’ ingkang pikantuk ater-ater –am. Tembung bacot inggih menika basa kasaripun tutuk, ananging tembung ‘mbacot’ tegesipun ngendika ngangge ‘bacot’, menika tembung ingkang kasar lan saru. Tembung ‘mbacot’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung mbacot menika kalebet kasar lan boten saged dipuntampi wonten ing masarakat, tembung ‘mbacot’ ugi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes. Wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken Siska dhateng garwanipun nalika piyambakipun dipundhawuhi ‘minggat’.

Tembung ‘mbacot’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi kangge nindhakaken *aktivitas* tartamtu inggih menika *aktivitas* mangendikan, ananging tembung mbacot menika kalebet jinis tembung ingkang kasar sanget satemah boten limrah menawi dipun-ginakaken.

Referen saking pisuhan menika inggih menika perangan badhan. Tembung mbacot menika bilih dipuntegesi inggih menika ngendika. Bacot ingkang tegesipun tutuk ananging wonten ing basa ingkang kasar sanget. Tembung ‘mbacot’ boten trep nalika dipun-ginakaken kangge ngendika ing padintenan,

ananging biasanipun dipun-ginakaken tiyang nalika saweg duka dhateng tiyang sanes.

Pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka Siska dhateng garwanipun amargi didhawuhi “minggat” kaliyan garwa kakungipun.

(b) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen Aktivitas*

Tartamtu

Pisuhan wujud tembung andhahan ater-ater kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu wonten ing panaliten menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka, jengkel, lan ngina.

(1) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen Aktivitas*

Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Swantenipun garwa estri dipunanggep swanten adzan nalika saweg ndhawuhi garwa kakungipun wungu.

(21) Garwa estri: “Kowe aja **ngenyek !**”

(Data 1, MP3 Curanmor, No. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ngenyek’. Tembung ‘ngenyek’

asalipun saking tembung lingga ‘enyek’ ingkang pikantuk ater-ater –ang. Tembung ‘ngenyek’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung ngenyek menika dipun-ginakaken nalika tiyang sawed duka kaliyan tiyang sanes. Wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken garwa estri dhateng arwa kakung kangge ngandharaken raos duka nalika piyambakipun dipunenyek bilih swantenipun dipunwastani swanten adzan.

Tembung ‘ngenyek’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘ngenyek’ kalebet tembung kriya amargi kangge nindhakaken *aktivitas* tartamtu inggih menika amargi piyambakipun ngraos dipunenyek kaliyan garwanipun.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ngenyek menika bilih dipuntegesi inggih menika ngremehaken tiyang sanes. Tembung ‘ngenyek’ dipun-ginakaken nalika garwa estri ngraos dipunremehaken kaliyan garwa kakungipun bilih swantenipun kados swanten adzan, kamangka swanten adzan menika biasanipun sero lan panjang.

Pisuhan wonten tuturan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan wonten tuturan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka garwa estri dhateng sisihanipun amargi swantenipun garwa estri dipunenyek swaten adzan nalika saweg mrentah wungu garwa kakungipun.

Pisuhan tembung andhahan kriya wonten Lawakan Curanmor *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: "X" dipunarani kaliyan bakul utek ngetutaken piyambakipun.

(22) X: “Aring ngomong aja **ndheplak!**”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 6, Bakul Utek)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ndheplak’. Tembung ‘ndheplak’ asalipun saking tembung lingga ‘deplak’ ingkang pikantuk ater-ater –an.

Tembung ‘ndheplak’ kalebet jinis tembung kriya. Tembung ‘ndheplak’ kalebet jinis tembung kriya amargi ngandharaken *aktivitas* saking tiyang. Tembung ‘ndheplak’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung ndheplak menika kalebet tembung ingkang kasar lan kangge ngandharaken raos duka. Wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken “X” dhateng bakul utek kangge ngandharaken raos duka nalika piyambakipun dipunwastani sampun ndherekaken bakul utek.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘ndheplak’ menika bilih dipuntegesi inggih menika barang ingkang mbikak kanthi wiar. Sejatospun tembung ndheplak boten trep menawi dipungayutaken wonten ing *konteks* pacelathon padintenan. Tembung ‘ndheplak’ wonten ing *konteks* menika namung kangge ngandharaken raos duka salah setunggal tiyang dhateng bakul utek amargi boten remen nalika piyambakipun dipunwastani ndherek bakul utek. Tiyang ingkang saweg duka menika nganggep tutukipun bakul utek kados barang ingkang mbikak kanthi wiyar.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng bakul utek amargi dipunwastani ndherekaken bakul utek.

(2) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen Aktivitas*
Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Polisi Lalulintas dipuntimbali kanthi sebutan anggota pramuka kaliyan tiyang ingkang dipuntilang.

(23) Polisi Lalulintas: “Aja **ngegas** gole ngomong!”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 15, Kaki Blewung)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ngegas’. Tembung ‘ngegas’ asalipun saking tembung lingga ‘gas’ ingkang pikantuk ater-ater –ang lan sampun pikantuk ewah-ewahan saking ater-ater menika satemah dados tembung ‘ngegas’ .

Tembung ‘ngegas’ kalebet jinis tembung kriya amargi ngandharaken *aktivitas* saking tiyang. Tembung ‘ngegas’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung ngegas menika kalebet tembung ingkang dipun-ginakaken nalika tiyang nandhang duka, tembung menika ugi kalebet tembung ingkang kasar nalika subjekipun tiyang. Wonten ing *konteks* menika Polisi Lalulintas duka dhateng Kaki Blewung nalika dipuntilang piyambakipun polisi kasebut kanthi sebutan anggota pramuka awit saking sragamipun ingkang mirip kaliyan sragam pramuka.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘ngegas’ menika menawi dipuntegesi inggih menika nambahi cepeting lampah kendharaan ingkang mawi mesin, biasanipun nalika ngegas menika mesinipun

mungel langkung sero menawi dipunbandhingaken nalika mesin boten saweg dipungas. Tembung ‘ngegas’ menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* ing pisuhan menika inggih menika tiyang ingkang mangendika, ananging amargi mitra tutur saking tiyang menika boten remen kaliyan tetembungan ingkang dipunandharaken satemah panutur nalika gendika dipunwastani ngegas.

Tembung ‘ngegas’ wonten ing *konteks* menika namung kangge ngandharaken raos jengkel Polisi Lalulintas dhateng Kaki Blewung nalika saweg dipuntalang. Menawi dipuntingali saking ancasipun, pisuhan menika kangge ngandharaken raos mangkel Polisi Lalulintas dhateng tiyang ingkang dipuntalang amargi tiyang menika nimbali piyambakipun *anggota* pramuka nalika badhe dipunsuwun pirsu jejangkeping serat ngginakaken motor.

Pisuhan tembung andhahan kriya wonten Lawakan Curanmor *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Bu Guru boten pitados nalika Salah setunggal muridipun ijin wangsul kanthi alasan kangmasipun gerah.

(24) Bu Guru: “Wis mulai blajaran **ndlepus** kowe yah?”
(Data 4, MP3 Curanmor No. 17, Karnaval)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ndlepus’. Tembung ‘ndlepus’ asalipun saking tembung lingga ‘dlepus’ ingkang pikantuk ater-ater –an lan sampun pikantuk ewah-ewahan saking ater-ater menika satemah dados tembung ‘ndlepus’.

Tembung ‘ndlepus’ kalebet jinis tembung kriya amargi ngandharaken *aktivitas* saking tiyang. Tembung ‘ndlepus’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung ndlepus menika kalebet tembung ingkang dipun-ginakaken nalika boten pitados kaliyan ngendikanipun tiyang sanes, tembung menika ugi kalebet tembung ingkang kasar.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ndlepus menika menawi dipuntegesi inggih menika tiyang ingkang remenipun ngendika ananging sejatosipun bab ingkang dipun-ngendikaaken boten kasunyatan utawi boten leres. *Referen* menika dipunandharaken nalika Bu Guru boten pitados kaliyan Salah setunggal muridipun amargi *kala* wekdal kapengker sampun nate dipunapusi piyambakipun satemah punapa ingkang dipunandharaken murid menika sampun boten dimirengaken.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika kangge ngandharaken raos jengkel Bu Guru dhateng muridipun lan boten pitados kaliyan muridipun nalika nyuwun ijin pamit wangsul kanthi alesan kangmasipun gerah amargi piyambakipun asring ngapusi. Kangge ngandharaken raos mangkelipun Bu Guru ngendika bilih muridipun namung ‘ndlepus’.

(3) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen Aktivitas*
Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Ngina

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen aktivitas*

tartamtu kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Ibunipun boten trima nalika putranipun ingkang manut dipunsamikaken kaliyan bapakipun ingkang pedamelanipun nyolong.

(25) Garwa estri: “Anake dhewek sing bektine *nangudzubillah* ngantik kaya rika, mandan **ngaca!**”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 24, Password ATM)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘ngaca’. Tembung ‘ngaca’ asalipun saking tembung lingga ‘kaca’ ingkang pikantuk ater-ater –ang lan sampun pikantuk ewah-ewahan saking wujudipun satemah dados tembung ‘ngaca’.

Tembung ‘ngaca’ kalebet jinis tembung kriya amargi ngandharaken *aktivitas* saking tiyang. Tembung ‘ngaca’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* ing pethikan nginggil tembung ngaca menika kalebet tembung ingkang dipun-ginakaken kangge ngina tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ngaca menika menawi dipuntegesi inggih menika ningali bayangan awakipun piyambak wonten ing bendha ingkang dipunsebut kaca/ pangilon. Wonten ing *konteks* pisuhan tembung ngaca boten ateges ningali layanganipun piyambak wonten kaca ananging ateges bilih tiyang menika kedah saged rumaos. Garwa estri boten remen nalika garwa kakung ngendika bilih putranipun manut kados bapakipun, lajeng garwa estri ngendika dhateng garwa kakungipun lan dipundhawuhi supados rumaos amargi watekipun ingkang putra boten sami kaliyan watekipun bapakipun.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina garwa estri dhtaeng garwa kakungipun ingkang pedamelanipun nyolong, ananging malah ngendika bilih putranipun manut kados bapakipun.

(4) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Ater-Ater Jinis Kriya *Referen*
Pedamelan kangge Ngandharaken Raos Ngina

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen* pedamelan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Ibunipun boten trima nalika putranipun ingkang manut dipunsamikaken kaliyan bapakipun ingkang pedamelanipun nyolong.

(26) Garwa estri: “Lha kowe amben wengi **nggarong!**”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 24, Password ATM)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan inggih menika tembung ‘nggarong’. Tembung ‘nggarong’ asalipun saking tembung lingga ‘garong’ ingkang pikantuk ater-ater –ang lan sampun pikantuk ewah-ewahan saking wujudipun satemah dados tembung ‘nggarong’.

Tembung ‘nggarong’ kalebet jinis tembung kriya amargi ngandharaken *aktivitas* saking tiyang. Tembung ‘nggarong’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* ing pethikan nginggil tembung nggarong menika kalebet tembung ingkang dipun-ginakaken kangge ngina tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung nggarong menika menawi dipuntegesi inggih menika mendhet barangipun tiyang sanes kanthi cara paksa. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* wonten ing pethikan pisuhan nginggil dipunandharaken garwa estri dhateng sisihanipun ingkang pedamelanipun mendhet barangipun tiyang kanthi cara meksa. Garwa estri ngendika “Lha kowe amben wengi nggarong!” dhateng garwanipun amargi saderengipun garwa kakung ngendika bilih putranipun gadhah watek ingkang sae lan manut kados bapakipun. Garwa estri boten remen nalika garwa kakung ngendika bilih putranipun manut kados bapakipun, awit saking menika garwa estri ngenyek garwa kakungipun ingkang pedamelanipun nggarong.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina garwa estri dhateng garwa kakungipun ingkang pedamelanipun nyolong, ananging malah ngendika bilih putranipun manut kados bapakipun.

b) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan

Pisuhan awujud tembung andhahan seselan wonten ing panaliten menika namung dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika jinis kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka lan tembung andhahan seselan kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka.

1) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan Jinis Kahanan kanthi *Referen*
Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang jinisipun tembung kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukro duka nalika mangertos bilih Nini Jemu damel bandhosan amargi
Nini Jemu nginten menawi motoripun dipunsade kaliyan
piyambakipun.

(27) Sukro: “Laku-lakune rika aja **jemotos** jajal!”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 22, Nini Jemu)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan seselan inggih menika tembung ‘jemotos’. Tembung ‘jemotos’ asalipun saking tembung lingga ‘jotos’ ingkang pikantuk seselan \sqrt{em} . Tembung ‘jemotos’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* ing pethikan nginggil tembung jemotos menika kalebet tembung ingkang dipun-
ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes.

Tembung ‘jemotos’ kalebet tembung kahanan amargi saged dipunsambung kanthi tembung ‘ora’ dados ‘ora jemotos’ lan tembung ‘sing’ dados ‘sing jemotos’. Titikan sanesipun inggih menika tembung kahanan boten saged dipunsambung kaliyan ‘dudu’ kados ‘dudu jemotos’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Tembung jemotos menika menawi dipuntegesi inggih menika damel mangkel kepengin njotos. Tembung jemotos wonten ing *konteks* beda tegesipun kaliyan *referen*

amargi tembung jemotos wonten ing *konteks* menika namung kangge ngandharaken raos duka. Raos duka dipunraosaken Sukro dhateng Nini Jemu amargi lelakonipun damel mangkel kemala. Nini Jemu damel bandhosan kangge dipuntumpaki piyambak amargi ngintun bilih motoripun dipunsade Sukro. Sukro duka awit saking lelakon Nini Jemu menika, satemah ngendika bilih punapa ingkang dipunlampahi Nini Jemu menika ‘jemotos’.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipungginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika dipungginakaken kangge ngandharaken raos dukanipun Sukro dhateng Nini Jemu nalika ngertos Nini Jemu saweg damel bandhosan.

2) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Seselan Jinis Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang jinisipun tembung kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Murid-murid ing kelas boten purun anteng malahan wonten ingkang ngenyek gurunipun nalika saweg dipun-ngendikani kaliyan Bu Guru.

(28) Bu Guru: “**Pateni** malah padha, kurang ajar!”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 19, Lulusan)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan seselan inggih menika tembung ‘pateni’. Tembung ‘pateni’ asalipun saking tembung lingga ‘pati’ ingkang pikantuk seselan \sqrt{en} . Tembung

‘pateni’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* nginggil, tembung pateni menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes.

Tembung ‘pateni’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘pateni’ ngandharaken *aktivitas* saking tiyang kangge ngicalaken nyawanipun tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung pateni menika menawi dipuntegesi pisahing suksma saking badhan. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, tembung pateni dipunandharaken namung kangge ngandharaken raos duka guru dhateng muridipun. Bu Guru misuh kanthi tembung ‘pateni’ dhateng murid-muridipun nalika Bu Guru duka kaliyan murid-muridipun ingkang boten purun anteng saha nalika wonten setunggal murid ingkang ngina piyambakipun.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos duka. Bu Guru duka kaliyan murid-muridipun ingkang boten purun anteng saha wonten setunggal murid ingkang ngenyek piyambakipun satemah piyambakipun mangkel sanget amargi ngraos bilih piyambakipun boten dipunkormati satemah nalika Bu Guru emosi misuh kanthi ukara ” **Pateni** malah padha, kurang ajar!” saha supados murid-murid purun anteng.

c) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Panambang

Pisuhan Lawakan Curanmor awujud tembung andhahan panambang wonten ing panaliten menika namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih

menika jinis aran kanthi *referen* namaning barang kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung andhahan panambang aran kanthi *referen* namaning barang kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa kakung boten purun dipunsuwun ngemong putranipun kaliyan garwa estri.

(29) Garwa kakung: “Aja mbaor-mbaor bae jajal yung, wadon tapi telake jan kaya **barongan** guli nyangar !”
(Data 8, MP3 Curanmor No. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan panambang inggih menika tembung ‘barongan’. Tembung ‘barongan’ asalipun saking tembung lingga ‘barong’ ingkang pikantuk panambang an-. Tembung ‘barongan’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* ing pethikan nginggil tembung barongan menika dipunginakaken kangge ngandharaken raos ngina dhateng tiyang sanes.

Tembung ‘barongan’ kalebet jinising tembung aran amargi saged dipunsambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu barongan’. Titikan sanesipun inggih menika tembung ‘barongan’ boten saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning barang. Tembung barongan menika menawi dipuntegesi tontonan awujud tetirong kewan *galak*. Biasanipun ingkang dados barong menika dipunkrukup bagor lan ngginakaken topeng rai kewan. Nalika wonten ing pertunjukan barong menika dipunlampahaken kaliyan setunggal utawi kalih tiyang, wonten ing bagean

mustakanipun barang dipunlebeti kekalih astanipun tiyang ingkang wonten ing salebetipun supados tutukipun barang saged manga lan nyaplok kanthi wiar. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* tuturan, tembung barongan boten ateges Salah setunggaling piranti kesenian jathilan ananging kangge ngina tiyang amargi tiyang menika ngendika kanthi swanten sero sanget lan manga-manga kewamon, satemah dipunwastani kados barongan. Garwa estri dipunenyek dhateng garwa kakungipun kados barongan nalika garwa estri kanthi swanten ingkang sero nalika ndhawuhi mbiyantu mapinten-pinten pedamelan wonten dalem.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos ngina garwa kakung. Pisuhan menika dipunandharaken Garwa kakung dhateng sisihanipun kangge ngandharaken raos ngina amargi garwa estrinipun ngendika terus boten purun meneng.

d) Pisuhan Awujud Tembung Andhahan Campuran

Pisuhan Lawakan Curanmor awujud tembung andhahan campuran wonten ing panaliten menika namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika jinis kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud tembung andhahan campuran kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Bu Guru boten pitados nalika Salah setunggal muridipun ijin wangsul kanthi alasan kangmasipun gerah, amargi saderengipun sampun nate dipunapusi.

(30) Bu Guru: “Arep **nglemboni** gurune ya?”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 17, Karnaval)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung andhahan campuran inggih menika tembung ‘nglemboni’. Tembung ‘nglemboni’ asalipun saking tembung lingga ‘lembo’ ingkang pikantuk ater-ater ang- lan panambang –ni ingkang sampun ngalami ewah-ewahan. Tembung ‘nglemboni’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* tembung nglemboni dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel dhateng tiyang sanes.

Tembung ‘nglemboni’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘nglemboni’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung nglemboni sami kaliyan goroh ingkang tegesipun ngendika boten wonten ing kasunyatan. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, Bu Guru ngendika dhateng muridipun bilih muridipun ngendika ‘nglemboni’ kangge ngandharaken raos jengkel lan sampun sampun boten pitados amargi piyambakipun sampun nate dipunapusi.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos jengkelipun Bu Guru. Bu Guru boten pitados kaliyan Salah setunggal muridipun amargi nate dipunapusi, satemah nalika muridipun ijin wangsul kanthi alesan kangmasipun gerah Bu Guru boten suka ijin lan dipunwastani ‘nglemboni’.

e) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep

Pisuhan Lawakan Curanmor awujud tembung rangkep. Pisuhan ingkang awujud tembung rangkep wonten ing panaliten menika dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika pisuhan awujud tembung rangkep jinis kahanan lan pisuhan tembung rangkep jinis kriya.

1) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep Kahanan

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud tembung rangkep jinis kahanan namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika pisuhan tembung rangkep kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung rangkep kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali ing pethikan menika.

Konteks: Dewa paring dhawuh supados Biksu Tong pados murid kangge mangsulaken kitab suci menyang Kilen amargi Biksu Tong boten purun dipundhawuhi mangsulaken.

(31)Dewa: “Mulane dadi Biksu kuwe aja **mangas-mangas**, ilmune ditularaken aring liane aja kowe thok!”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 9, Biksu Tong)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung rangkep inggih menika tembung ‘mangas-mangas’. Tembung ‘mangas-mangas’ asalipun saking tembung lingga ‘mangas’ ingkang gadhah dasa nama kaliyan tembung ‘isab’ utawi ‘*pelit*’.

Tembung ‘mangas-mangas’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* tembung mangas-mangas dipun-ginakaken kangge

ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes. Wonten ing *konteks* tembung pisuhan dipun-ginakaken Dewa dhateng Bikso Tong.

Tembung ‘mangas-mangas’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kahanan. Tembung ‘mangas-mangas’ kalebet tembung kahanan amargi saged sinambung kaliyan ‘ora’ utawi ‘sing’ minangka pratanda saking tembung kahanan, kados ‘ora mangas-mangas’ utawi ‘sing mangas-mangas’ lan boten saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu mangas-mangas’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Tembung ‘mangas-mangas’ ingkang asalipun saking tembung ‘mangas’ utawi sami panger tosanipun kaliyan tembung ‘isab’ ingkang ateges tiyang ingkang peretungan sanget nalika paring barang utawi punapa kewamon dhateng tiyang sanes. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, tembung ‘mangas-mangas’ ingkang dipunandharaken dewa dhateng Biksu Tong ingkang ateges bilih piyambakipun boten purun mbagikaken ilmupun dhateng tiyang sanes amargi boten gadhah murid satemah piyambakipun dipundhawuhi dhateng dewa supados damel saimbara kangge dipundadosaken murid ingkang saged mangsulaken kitab suci dhateng Kilen (*Negeri Barat*).

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos dukanipun Dewa. Pisuhan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka Dewa kaliyan Biksu Tong amargi Biksu Tong boten gadhah murid satemah nalika Biksu Tong dipundhawuh kangge mangsulaken kitab suci menyang Kilen piyambakipun boten purun.

2) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep Kriya

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud tembung rangkep jinis kriya dipunpanggihaken setunggal jinis *referen* inggih menika *referen aktivitas* tartamtu lan kalih jinis ancas. Ancasipun inggih menika kangge ngandharaken raos duka saha kangge ngandharaken raos jengkel.

(a) Pisuhan Tembung Rangkep Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud tembung rangkep kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kakine nyuwun tambah umur selangkung taun dhateng Dewa Pencabut

Nyawa nalika Dewa Pencabut Nyawa badhe mendhet nyawanipun kakine.

(32) Kakine: “Lah yawis lah, **bodho-bodhoa** lah, sing penting nyong aja mati siki!”

(Data 2, MP3 Curanmor No. 12, Dewa Pencabut Nyawa)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung rangkep inggih menika tembung ‘bodho-bodhoha’. Tembung ‘bodho-bodhoha’ asalipun saking tembung lingga ‘bodho’ ingkang dipunrangkep saha kadhapukan panambang –a.

Tembung ‘bodho-bodhoha’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* tembung bodho-bodhoha dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes. Menawi dipungayutaken kaliyan

konteks tembung bodho-bodhoha minangka tembung pisuhan ingkang dipunginakaken Kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa.

Tembung ‘bodho-bodhoha’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘bodho-bodhoha’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘bodho’ piyambak ateges boten gadhah ngelmu utawi boten mangertos babagan bab tartamtu. Tembung ‘bodhoa’ ateges masrahaken sedayanipun. Awit saking menika tembung ‘bodho-bodhoa’ saged dipuntegesi sampun boten peduli lan masrahaken sedayanipun kaliyan tiyang ingkang langkung paham babagan tartamtu.

Tembung ‘bodho’ kalebet jinis tembung kahanan, ananging tembung ‘bodho-bodhoha’ kalebet jinis tembung kriya. Tembung ‘bodho-bodhoha’ ingkang dipunandharaken kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa gadhah teges menawi piyambakipun boten ngurus punapa kemala ngengingi bilih Dewa Pencabut Nyawa badhe mendhet suksmanipun, ananging kakine tetep nyuwun supados yuswanipun dipuntambah malih. Awit saking panyuwunan kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa menika piyambakipun dipunjanjeni bilih yuswanipun badhe dipuntambah selangkung taun ananging piyambakipun kedah mbayar arta sewu rupiah dhateng Dewa Pencabut Nyawa.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos dukanipun kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa. Pisuhan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken

kangge ngandharaken raos duka kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa amargi Dewa Pencabut Nyawa badhe mendhet nyawanipun, satemah nyuwun supados yuswanipun dipuntambah malih.

(b) Pisuhan Awujud Tembung Rangkep Kriya kanthi *Referen Aktivitas Tartamtu* kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud tembung rangkep kriya kanthi *referen aktivitas tartamtu* kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Bakul utek jengkel amargi dagangan utekipun dienyek tiyang.

(33) Bakul utek: “Aja malah **muncu-muncu** kaya kuwe!”
(Data 7, MP3 Curanmor No. 6, Bakul Utek)

Wonten ing tuladha nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung rangkep. Pisuhan ingkang awujud tembung rangkep inggih menika tembung ‘muncu-muncu’ ingkang asalipun saking tembung lingga ‘muncu’.

Tembung ‘muncu-muncu’ kalebet tembung andhahan. Tembung ‘muncu-muncu’ kalebet tembung andhahan amargi sampun ewah saking lingganipun, inggih menika sampun dipunrangkep lan dados tembung dwi lingga. Tembung ‘muncu-muncu’ menika kalebet tembung pisuhan amargi wonten ing *konteks* tembung ‘muncu-muncu’ dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos mangkel dhateng tiyang sanes. Wonten ing *konteks* tembung pisuhan dipun-ginakaken bakul utek dhateng tiyang ingkang badhe tumbas utek.

Tembung ‘muncu-muncu’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya. Tembung ‘muncu-muncu’ menawi dipuntingali kanthi jinising tembung kalebet tembung kriya amargi nindhakaken *aktivitas* tartamtu.

Pisuhan menika gadhah *referen* inggih menika *aktivitas* tartamtu. Tembung ‘muncu-muncu’ gadhah *acuan* inggih menika tutuk minangka perangan badhan ingkang dipun-ngajeng-ngajengaken. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, tembung muncu-muncu dipuntegesi boten ateges tutukipun ingkang dipun-ngajeng-ngajengaken ananging namung kangge ngandharaken raos jengkel bakul utek dhateng ingkang ngenyek sadean utekipun.

Menawi dipuntingali saking ancasipun, tuturan ingkang ngemu pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel amargi sadeyanipun dipunenyek kaliyan tiyang.

f) Pisuhan Awujud Tembung Wancah

Wonten ing panaliten menika ugi kapanggihaken pisuhan Lawakan Curanmor ingkang awujud tembung wancah. Tembung wancah kalebet tembung andhahan amargi sampuh ewah saking asalipun. Pisuhan Lawakan Curanmor awujud tembung wancah wonten ing panaliten menika namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika jinis aran kanthi *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud tembung wancah jinis aran kanthi *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukarni nimbali petugas perpustakaan ingkang gundhul nalika gundhuipun saweg dipunsisiri.

(34) Sukarni: “Heh, **thak** buthak!”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 23, Nyelang Buku)

Wonten ing ukara ing inggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung wancah. Pisuhan ingkang awujud tembung wancah inggih menika tembung ‘thak’. Tembung wancah ‘thak’ menika asalipun saking tembung ‘buthak’. Tembung ‘thak’ kalebet tembung pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngina tiyang sanes. Wonten ing tuturan menika tembung ‘thak’ boten kangge nyebut kahanan saking perangan badhan anaging kangge nyebut mitra tuturipun.

Tembung wancahan ‘thak’ menika kalebet tembung andhahan amargi sampun boten wutuh lan sampun ewah saking wujud asalipun. Tembung wancahan ‘thak’ menika saking tembung lingga ‘buthak’ ingkang dipunwancah ing ngajengipun.

Tembung ‘thak’ wonten ing *konteks* menika kalebet tembung aran. Tembung ‘thak’ wonten ing *konteks* menika kalebet tembung aran amargi dipun-ginakaken kangge nyebut namaning tiyang saha saged dipun-negatifaken kanthi ater-ater dudu dados ‘dudu thak’(sanes buthak) lan boten saged dipunsambung kaliyan tembung ‘ora’ lan ‘ora tak’ (boten buthak) amargi tembung ‘thak’ boten dipun-ginakaken kangge ngandharaken kahanan tiyang.

Pisuhan menika gadhah *referen* namaning perangan badhan. Tembung ‘thak’ menika *ngacu* saking salah satunggaling kahanan tiyang ingkang mustakanipun boten thukul rekma. Tembung ‘thak’ wonten ing *konteks* pisuhan

dipun-ginakaken kangge nyebut lan ngina mitra tuturipun awit saking kahanan piyambakipun ingkang buthak.

Miturut *konteks* pisuhan menika ancasipun kangge ngandharaken raos ngina Sukarni dhateng petugas perpustakaan ingkang gundhul nalika saweg sisiran, wonten ing kasunyatan mustaka ingkang gundhul sejatosipun boten prelu dipunsisiri amargi boten wonten rikmanipun ingkang badhe dipunsisiri.

g) Pisuhan Awujud Tembung Camboran

Wonten ing panaliten pisuhan Lawakan Curanmor ugi kapanggihaken pisuhan tembung andhahan ingkang awujud tembung camboran. Pisuhan ingkang awujud tembung camboran wonten ing Lawakan Curanmor namung kapanggihaken setunggal jinis. Inggih pisuhan tembung aran kanthi *referen* jinising lelembut kangge ngandharaken raos duka.

Pisuhan tembung camboran aran kanthi *referen* jinising lelembut kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sandhal dipunuwun ndorong yun-yunan kaliyan tiyang ingkang mabok,

kamangka Sandal ngintun bilih piyambakipun dipunuwun ndorong mobil mogok.

(35) Sandal: “Oalah, cepet...**cepat thoet**, wong mabok gawe masalah bae!”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 13, Dorong-dorongan)

Wonten ing tuladha ing nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud tembung camboran inggih menika tembung ‘cepat thoet’. Tembung ‘cepat thoet’ menika kalebet pisuhan amargi karaos kasar lan dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng tiyang sanes.

Tembung ‘cepet thoet’ menika kalebet wujud tembung andhahan. Tembung ‘cepet thoet’ menika kalebet tembung andhahan amargi sampun boten wutuh lan sampun ewah saking asalipun. Tembung ‘cepet thoet’ kalebet tembung camboran. Tembung ‘cepet thoet’ kalebet tembung camboran amargi menika gadhah susunan ingkang *unik* lan bilih dipuntegesi tembung camboran menika sampun gadhah teges ingkang beda.

Tembung pisuhan menika kalebet jinis aran. Tembung pisuhan menika kalebet jinis aran amargi *acuanipun* saking namaning lelembut saha tembung menika saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika jinising lelembut. Tembung ‘cepet thoet’ menika *ngacu* saking Salah satunggaling jinis lelembut ingkang naminipun cepet, cepet menika gadhah mitos bilih purun nyolong lare alit lajeng dipunselong lan dipunparingaken wonten wit asem ing pasarean. *Acuan* teges ‘cepet’ menika boten wonten gegayutanipun kaliyan tembung ‘cepet thoet’ tegesipun ingkang dipun-ginakaken kangge misuh, tembung cepet thoet wonten ing *konteks* ateges tiyang ingkang *ala* sanget, tembung menika dipunandharaken Sandal dhateng mitra tuturipun nalika piyambakipun ngraos sampun kapusan. Sandal dipunsuwuni tulung kaliyan tiyang ingkang saweg mabok kangge ndhorong, sandal nginten bilih piyambakipun dipunsuwuni tulung kangge ndhorong mobil punapa motor ingkang macet, nalika Sandal sampun purun medal lan niat mbiyantu kanyata dipunsuwun ndhorong yun-yunan kaliyan tiyang ingkanag mabok. Kangge ngandharaken raos duka Sandal dhateng mitra tuturipun

amargi amargi sampun ngraos bilih piyambakipun dipunapusi piyambakipun nyebut mitra tuturipun ‘cepet thoet’.

Miturut *konteks* pisuhan menika ancasipun kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika ancasipun kangge ngandharaken raos duka Sandal amargi dipunapusi kaliyan tiyang ingkang mabok kangge ndhorong, kanyata Sandal dipunsuwun ndorong yun-yunan, sanes dipunsuwun kangge ndhorong mobil.

3. Pisuhan Awujud *Frasa*

Wonten ing babagan menika badhe karembag pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor ingkang awujud *frasa*. Jinising *frasa* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika wonten kalih jinis inggih menika *frasa* nominal kalihan *frasa adjektiva*. *Frasa nomina* inggih menika *frasa* ingkang intinipun awujud tembung aran. *Frasa adjektiva* inggih menika *frasa* ingkang intinipun kalebet ing tembung kahanan. Pirembagan salajengipun saged dipuntingali wonten ing bab menika.

a) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran

Frasa aran utawi *frasa nomina* inggih menika *frasa* ingkang gadhah inti awujud tembung aran utawi bakunipun awujud tembung aran. Tetenger saking tembung aran inggih menika tembung ingkang saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ lan boten saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ lan tembung ‘sing’.

Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* aran ingkang gadhah *referen* nama dhaharan, namaning kewan, perangan

badhan, pedamelan saha kahanan tiyang. Salajengipun ancas saking pisuhan *frasa* aran saged dipuntingali kanthi *konteks* tuturanipun. Ancas pisuhan ingkang awujud *frasa* aran wonten ing Lawakan Curanmor menika inggih menika kangge ngandharaken raos ngina, duka, raking sesambetan, getun, lan jengkel. Pirembagan babagan pisuhan Lawakan Curanmor ingkang awujud *frasa* ingkang langkung jangkep saged dipuntingali wonten ing bab menika.

1) Pisuhan *Frasa* Aran kanthi *Referen* Nama Dhaharan kangge Ngandharaken Raos Ngina

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *Referen* namaning dhaharan dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* namaning dhaharan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukro ngina Nini Jemu amargi Nini Jemu ngeyel nalika dipunkandhani supados boten udud terus amargi saweg gerah lan sampuh sepuh.

(36) Sukro: “Pancen rika ibarat budin kuwe **budin kacel!**”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 22, Nini Jemu)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘budin kacel’. *Frasa* ‘budin kacel’ menika kalebet pisuhan amargi wonten ing tuturan menika boten kangge nyebut budin ingkang atos ananging kangge ngandharaken raos ngina dhateng tiyang sanes

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘budin kacel’. Tembung ‘budin kacel’ menika kalebet *frasa*

nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu budin’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora budin’. Sejatosisipun menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pisuhan ‘budin kacel’ dipun-ginakaken kangge ngandharaken kahanan tiyang ingkang ngeyelan.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning dhaharan. Tembung ‘budin kacel’ menika *ngacu* saking salah satunggaling jinis dhaharan inggih menika jinising pala pendhem inggih menika ketela ingkang jinisipun boten sae amargi boten mampur/ atos nalika dipundhahar. Wonten ing *konteks* pisuhan menika tembung ‘budin kacel’ boten ateges salimrahipun ananging ngandharaken sifatipun tiyang ingkang sekersanipun piyambak utawi ngeyelan menawi dipunkandhani. Nini Jemu ingkang boten purun dipunkandhani supados boten udud malih kaliyan Sukro boten purun manut, satemah Sukro ngina Nini Jemu kados budin kacel.

Miturut *konteks* pisuhan menika ancasisipun kangge ngandharaken raos ngina. Nini Jemu boten purun dipunkandhani supados boten udud malih amargi sampun sepuh lan sampun sering gerah satemah Nini Jemu dipunina kados budin kacel.

2) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran *Referen* Namaning Kewan

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *Referen* namaning kewan dipunpangguhaken setunggal jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud *frasa*

aran kanthi *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Petugas mercusuar ngenyek swantenipun Jendral Kapal Belanda nalika

Jendral telpon amargi swantenipun pedhot-pedhot.

(37) Pegawe mercusuar: “Kathing satu, kathing dua, kathing tiga, kiye suara wong apa **suara kethek** kiye?”

(Data 4, MP3 Curanmor No. 16, Kapal Belanda)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘suara kethek’. *Frasa* ‘suara kethek’ menika kalebet pisuhan amargi wonten ing tuturan menika boten kangge nyebut ‘suara kethek’ minangka swanten kewan ananging kangge nyebut swantenipun Jendral Kapal Belanda.

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘suara kethek’. Tembung ‘suara kethek’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu suara’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora suara’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning kewan. Inggih saged dados *acuan* saking *referen* menika swanten kewan bangsa munyuk. *Referen* saking ‘suara kethek’ menika kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kange nyebut suara kethek minangka swanten saking jinising kewan ananging kangge ngina swantenipun mitra tutur saking pegawe mercusuar. Teges saking pisuhan menika menawi dipuntingali kanthi leksikal inggih menika swanten kewan ingkang mungelipun kakakkukukuk. Nanging bilih

dipungayutaken kaliyan *konteks* tuturan menika teges saking suara kethek menika dipuntegesi swanten ingkang boten cetha saking Jendral Kapal Belanda nalika telpon kaliyan pegawe mercusuar.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan *frasa* suara kethek menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Petugas mercusuar ngenyek swantenipun Jendral Kapal Belanda kados swanten kethek nalika ditelpon kaliyan Jendral Kapal Belanda amargi swantenipun boten cetha, amargi sinyalipun boten sae.

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* namaning kewan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika..

Konteks: Ibu penumpang angkotan boten tampi nalika putranipun dipunenyek-
enyek kaliyan kenet.

(38) Ibu penumpang: “Ndapaa sing ngomong nggantheng apa kepriwe, wong raine
rai coro kaya kae koh ngenyek anake inyong!”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 2, Anak Elek)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘rai coro’. *Frasa* ‘rai coro’ menika kalebet pisuhan amargi karaos saru lan kasar saha wonten ing tuturan menika boten kangge nyebut rai coro minangka namaning kewan ananging kangge nyebut mitra tuturipun.

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘rai coro’. Tembung ‘rai coro’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu rai’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora rai’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning kewan. Inggang saged dados *acuan* saking pisuhan inggih menika rai kewan bangsa cere kanthi ukuran ageng. *Referen* saking ‘rai coro’ menika kalebet tembung pisuhan amargi menika boten kange nyebut rai coro minangka rai saking jinising kewan ananging kangge ngina pasuryan mitra tuturipun ingkang *ala*. Ibu penumpang angkotan kota ngina kenet angkotan kota bilih pasuryanipun kados ‘rai coro’ amargi kenet menika sampun ngenyek putranipun ibu penumpang menika. Kangge ngandharaken raos emosi menika pasuryanipun kenet dipunwastani ‘rai coro’ amargi menika langkung *ala* menawi dipunsamikake kaliyan tembung ingkang dipunadharaken kenet kangge ngeyek putranipun.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika, *frasa* rai coro menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Bu penumpang mbales ngina kenet angkotan kota ‘rai coro’ amargi putranipun sampun dipunenyek kaliyan kenet menika.

3) Pisuhan Awujud *Frasa Aran Referen* Pedamelan

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* perangan badhan namung dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina lan ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka.

(a) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Pedamelan kangge Ngandharaken Raos Ngina

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* pedamelan kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kaki Blewung boten purun ngurubaken motoripun nalika lampu bangjo sampun werni ijem, ananging ngendikanipun badhe dipunurubaken nalika lampu lalulintas gantos werni biru.

(39) Polisi Lalulintas: “**Wong kere** tuku motor, ubres bakale!”
(Data 5, MP3 Curanmor No. 15, Kaki Blewung)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘wong kere’. *Frasa* ‘wong kere’ menika kalebet pisuhan amargi karaos kasar saha wonten ing tuturan menika dipun-ginakaken kangge saran ngina dhateng mitra tuturipun Polisi Lalulintas inggih menika Kaki Blewung.

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘wong kere’. Tembung ‘wong kere’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu wong’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora wong’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika pedamelan. Inkang saged dados *acuan* saking *referen* menika inggih menika tiyang mlarat ingkang pedamelanipun ngemis. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* menika tembung ‘wong kere’ dipun-ginakaken minangka wujud kangge ngandharaken raos ngina dhateng tiyang sanes. Polisi lalu lintas ngina Kaki Blewung nalika mandheg

wonten lampu bangjo, amargi piyambakipun boten purun ngurubaken motoripun nalika lampu lalulintas sampun werni ijem, amargi Kaki Blewung nengga lampu lalulintasipun murub warna favoritipun inggih menika biru, awit saking menika Polisi Lalulintas ngina Kaki Blewung ‘wong kere’ ingkang boten pantes gadhah motor amargi boten ngertos peraturan lalulintas.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* wong kere menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Polisi Lalulintas gumujeng lan ngina Kaki Blewung amargi piyambakipun boten purun ngurubaken motore ananging badhe nengga lampu lalulintas werninipun gantos biru.

(b) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Pedamelan kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* pedamelan kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Polisi Lalulintas dipunkinten badhe nilang dhateng pengancas dalaningkang *nglanggar* lalulintas.

(40) Polisi Lalulintas: “Senajan nyong potongane **wong kere**, *tapi untuk urusan sogok menyogok* nyong ora nganggo.”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 26, Rambu-rambu Lalulintas)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘wong kere’. *Frasa* ‘wong kere’ menika kalebet pisuhan amargi karaos kasar saha wonten ing tuturan menika dipun-ginakaken kangge sarana ngandharaken raos duka Polisi Lalulintas dhateng mitra tuturipun.

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘wong kere’. Tembung ‘wong kere’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu wong’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora wong’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika pedamelan. Inggang saged dados *acuan* saking *referen* menika inggih menika tiyang mlarat ingkang pedamelanipun ngemis. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* menika *frasa* ‘wong kere’ dipun-ginakaken minangka wujud kangge ngandharaken raos lalulintas. Polisi lalu lintas duka dhateng mitra tuturipun amargi piyambakipun ngraos dipunina bilih piyambakipun nilang supados pikantuk arta supados saged dhahar dhaharan eco.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* wong kere menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan kasebut dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka Polisi Lalulintas dhateng tiyang ingkang *nglanggar* lalu lintas amargi dipunkinten badhe nilang lan nyuwun arta dhateng pelanggar lalulintas supados saged dhahar eco.

4) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Kahanan Tiyang

Wonten ing panaliten menika pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *Referen* kahanan tiyang dipunpanggihaken gangsal jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka, raking sesambetan, getun, ngina, lan jengkel.

(a) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Dewa Pencabut Nyawa tetep mendhet nyawanipun kakine sesampunipun wonten perjanjian bilih yuswanipun dipuntambah selangkung taun, amargi kakine *operasi* plastik satemah Dewa pencabut nyawa boten ngertos menawi menika kakine.

(41) Kakine: “O...**Dewa Pencabut Nyawa lengob!**”

(Data 4, MP3 Curanmor No. 12, Dewa Pencabut Nyawa)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘Dewa Pencabut Nyawa Lengob’. *Referen* saking ‘Dewa Pencabut Nyawa Lengob’ menika kahanan tiyang. ‘Dewa Pencabut Nyawa Lengob’ kalebet tembung pisuhan amargi tembung Dewa Pencabut Nyawa Lengob menika kalebet kasar lan *konteksipun* kangge ngandharaken raos duka kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa.

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘Dewa Pencabut Nyawa Lengob’. *Frasa* ‘Dewa Pencabut Nyawa Lengob’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu Dewa Pencabut Nyawa’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora Dewa Pencabut Nyawa’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inggih saged dados *acuan* saking tembung lengob minangka *referen* menika inggih

menika tiyang ingkang boten cerdas, planga plongo lan boten pinter. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* menika *frasa* 'Dewa Pencabut Nyawa Lengob' dipun-ginakaken minangka wujud kangge ngandharaken raos duka Kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa. Kakine duka dhateng mitra tuturipun amargi Dewa Pencabut Nyawa mendhet nyawanipun bibar piyambakipun dipunjanjeni bilih yuswanipun badhe dipuntambah selangkung tahun kaliyan Dewa Pencabut Nyawa.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* Dewa Pencabut Nyawa Lengob menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos duka kakine amargi Dewa Pencabut Nyawa tetep mendhet nyawanipun kakine sesampunipun wonten perjanjian bilih yuswanipun badhe dipuntambah selangkung taun, ananging amargi kakine *operasi* plastik satemah Dewa pencabut nyawa boten ngertos menawi menika kakine.

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *Referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: "X" mbucal hajat wonten klasanipun "Y" nalika saweg tahlilan.

(42) Kakine: "O...**Bocah sedeng!**"

(Data 2, MP3 Curanmor No. 8, Berak di Sarung)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika 'bocah sedeng'. *Referen* saking 'bocah sedeng' menika kahanan tiyang. 'Bocah sedeng' kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* 'bocah

sedeng' menika kalebet kasar lan *konteksipun* kangge ngandharaken raos duka "X" dhateng "Y".

Wonten ing ukara kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* 'bocah sedeng'. *Frasa* 'bocah sedeng' menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung 'dudu' dados 'dudu bocah' lan boten saged dipunsambung kaliyan 'ora' dados 'ora bocah'.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inggih saged dados *acuan* saking *frasa* bocah sedeng inggih menika tiyang ingkang radi gemblung utawi pikirane boten waras. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* menika *frasa* 'bocah sedeng' boten ateges bilih lare menika gemlung wonten teges ingkang kasunyatan ananging namung dipun-ginakaken minangka wujud kangge ngandharaken raos duka "X" dhateng "Y" amargi piyambakipun mbucal hajat wonten ing klasanipun "Y" awit saking boten saged nahan medalipun.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* bocah sedeng menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan menika dipunandharaken kangge ngandharaken raos duka "Y" dhateng "X" amargi mbucal hajat wonten ing nginggil klasanipun "Y".

(b) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Getun

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos getun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sang Guru paring saran ingkang boten leres dhateng muridipun nalika muridipun kesasar wonten ing alas lan kepanggih kaliyan grombolan *suku primitif*, ananging malahan dipundhawuhi mbalang *suku primitif* ngangge watu.

(43) Murid: “Oalah... **guru kenthir!**”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 18, Kesasar)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘guru kenthir’. *Referen* saking *frasa* ‘Guru kenthir’ inggih menika kahanan tiyang. *Frasa* ‘guru kenthir’ kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* ‘guru kenthir’ menika karaos kasar, wonten *konteks* menika *frasa* guru kenthir dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos getun murid dhateng gurunipun.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* ‘guru kenthir’. *Frasa* ‘guru kenthir’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu guru’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora guru’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inggang saged dados *acuan* saking tembung kenthir inggih menika kahanan tiyang ingkang edan. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *frasa* guru kenthir dipun-ginakaken kanthi *metaforis*, inggih menika guru ingkang gadhah watek boten salimrahipun amargi muridipun boten dipunbiyantu nalika nyuwun pambiyantu saking kaum *primitif* ananging malahan dipundhawuhi supados mbalang watu

dhateng *suku primitif*. Nalika muridipun manut kaliyan gurunipun, sedaya *suku primitif* nyerang dhateng murid.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘guru kenthir’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos getun. Pisuhan menika kangge ngandharaken raos getun murid ingkang manut dhateng gurunipun amargi gurunipun suka saran ingkang boten leres dhateng muridipun nalika muridipun kesasar wonten ing alas lan wonten grombolan *suku primitif*, piyambakipun dipundhawuhi mbalang watu dhateng mustakanipun *suku primitif* ngangge watu, nalika pamrayogi menika dipunlampahi sedaya *suku primitif* mbalik nyerang piyambakipun.

(c) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Ngina

Konteks: Garwa putra gemujeng nalika garwa estri ngendhika bilih pin ATM tiyang ingkang badhe dipunrampok menika bintang bintang ping enem.

(44) Garwa kakung: “Oalah...duwe bojo, **bojo dalo.**”
(Data 3, MP3 Curanmor No. 24, Pasword ATM)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘bojo dalo’. *Referen* saking *frasa* ‘bojo dalo’ inggih menika kahanan tiyang. *Frasa* ‘bojo dalo’ kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* ‘bojo dalo’ menika karaos kasar, wonten *konteks* menika *frasa* bojo dalo dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina garwa kakung dhateng estrinipun.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* ‘bojo dalo’. *Frasa* ‘bojo dalo’ menika kalebet *frasa* nomina

amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bojo’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora bojo’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inggang saged dados *acuan* saking tembung dalo inggih menika kahanan tiyang ingkang boten gadhah ngelmu utawi boten pinter ananging kanthi basa ingkang kasar. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *frasa* bojo dalo dipun-ginakaken kaliyan garwa kakung dhateng sisihanipun nalika garwa estrinipun gadhah niat badhe mendhet artanipun tiyang wonten ing ATM. kanthi cara ngintip nalika tiyang ingkang badhe dipuncolong artanipun nglebetaken PIN, garwa estri ngendika dhateng garwa kakungipun bilih *password* ATM tiyang menika bintang bintang kaping enem. Garwa kakung gumujeng lan ngina garwa estrinipun amargi ngendika bilih *password*ipun bintang-bintang, kamangka sedaya *password* menawi dipunlebetaken mesti medalipun bintang sedaya. Awit saking menika garwa estri dipunenyek ‘bojo dalo’ kaliyan garwa kakungipun.

Miturut *konteks* tuturaningkang ngemu pisuhan menika *frasa* bojo dalo menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos getun. Pisuhan menika kangge ngandharaken raos getun murid ingkang manut dhateng gurunipun amargi gurunipun suka saran ingkang boten leres dhateng muridipun nalika muridipun kesasar wonten ing alas lan wonten grombolan suku *primitif*, piyambakipun dipundhawuhi *mbalang* watu dhateng mustakanipun suku *primitif* ngangge watu, nalika pamrayogi menika dipunlampahi sedaya suku *primitif* mbalik nyerang piyambakipun.

Pisuhan awujud *frasa* nomina kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos ngina sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukarni ngina petugas perpustakaan nalika dipungujeng kaliyan petugas perpustakaan nalika ngertos menawi buku ingkang dipunampilaken Sukarni menika buku telpon.

(45) Sukarni: “O..**buthak kenthir!**”

(Data 5, MP3 Curanmor No. 23, Nyelang Buku)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘buthak kenthir’. *Referen* saking *frasa* ‘buthak kenthir’ inggih menika kahanan tiyang. *Frasa* ‘buthak kenthir’ kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* ‘buthak kenthir’ menika karaos kasar, wonten *konteks* menika *frasa* buthak kenthir dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina Sukarni dhateng petugas perpustakaan.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* ‘buthak kenthir’. *Frasa* ‘buthak kenthir’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu buthak’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora buthak’. Tembung buthak kalebet jinising aran amargi dipun-ginakaken kangge nyebut tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inkang saged dados *acuan* saking tembung kenthir inggih menika kahanan tiyang ingkang edan. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, tembung kenthir dipuntegesi kanthi *metaforis* nalika petugas perpustakaan ngampilaken buku telpon dhateng

Sukarni nalika Sukarni nyuwun ngampil buku waosan ingkang sae. Nalika Sukarni ngertos bilih buku ingkang dipunampilaken kaliyan petugas perputakaan menika buku ingkang isinipun namung angka-angka kemala Sukarni ngraos mangkel satemah Sukarni ngina petugas perpustakaan kanthi sebutan 'buthak kenthir'.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* 'buthak kenthir' menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan menika dipunandharaken Sukarni dhateng petugas perpustakaan kangge ngandharaken raos ngina nalika dipungumujeng kanthi nalika ngertos menawi buku ingkang dipunampilaken Sukarni menika sanes buku waosan ananging buku telpon ingkang namung wonten nomer-nomer telponipun.

(d) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Tembung 'lurus' wonten ing seratan "*Lurus Jalan Terus*" lepat anggenipun ngartosaken, amargi dipunkinten ingkang lurus menika rikmanipun pangangge *dalan*, satemah ingkang kagungan rikma kriting kedah mandheg.

(46) Polisi Lalulintas: "**Bocah bodho**, kae udu maksude angger rambute lurus jalan terus!"
(Data 6, MP3 Curanmor No. 26, Rambu-rambu Lalulintas)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika 'bocah bodho'. *Referen* saking *frasa* 'bocah bodho' inggih menika kahanan tiyang. *Frasa* 'bocah bodho' kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* 'bocah bodho' menika karaos kasar menawi dipunmirengaken, wonten *konteks* menika *frasa* bocah bodho dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Polisi Lalulintas dhateng tiyang ingkang *nglanggar* rambu-rambu lalulintas.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* 'bocah bodho'. *Frasa* 'bocah bodho' menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung 'dudu' dados 'dudu bocah' lan boten saged dipunsambung kaliyan 'ora' dados 'ora bocah'.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. Inkang saged dados *acuan* saking tembung bodho inggih menika kahanan tiyang ingkang sisah mangertosipun marang piwulang. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, tembung bodho dipuntegesi kanthi *metaforis* inggih menika nalika Polisi Lalulintas ngertos kening menapa tiyang ingkang dipuntilang menika *nglanggar* rambu-rambu dalan. Rambu-rambu dalaningkang seratanipun "Lurus Jalan Terus" dipuntegesi bilih tembung lurus menika ateges rekma, satemah sedaya tiyang ingkang kagungan rikma kriting kedah mandheg lan boten pareng nglajengaken lampahipun. Polisi Lalulintas ingkang tembe mangertos bilih tiyang menika boten paham rambu-rambu lalulintas lajeng polisi gumujeng lan gumun

wonten tiyang ingkang kados mekaten, amargi saking gumunipun polisi ngendika bilih mitra tuturipun ‘bocah bodho’.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* bocah bodho menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan menika dipunandharaken Polisi Lalulintas dhateng tiyang ingkang *nglanggar* lalulintas amargi lepat anggenipun ngartosaken tembung 'lurus'. Tembung lurus wonten ing seratan "*Lurus Jalan Terus*" lepat anggenipun ngartosaken, amargi dipunkinten ingkang lurus menika rikmanipun pangangge dalan, satemah ingkang kagungan rikma kriting kedah mandheg.

5) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Namaning Barang

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* namaning barang namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* namaning barang namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan saged dipuntingai wonten ing pethikan menika.

Konteks: Tebok bingung amargi ban rodha wingking langkung cepet gundhul menawi dipunbandhingaken kaliyan ban rodha ngajeng, ngendikanipun Minul amargi ban rodha wingkin mumet mikir caranipun nututi ban rodha ngajeng amargi boten nate saged.

(47) Tebok: “Wo.... **Minul semprul!**”

(Data 7, MP3 Curanmor No. 17, Karnaval)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika 'Minul semprul'. *Referen* saking 'Minul semprul' menika kahanan tiyang. 'Minul semprul' kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* 'Minul semprul' menika kalebet *frasa* ingkang kasar, ananging wonten *konteks* menika *frasa* Minul semprul namung kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawisipun Tebok kaliyan Minul nalika saweg gojegan.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* 'Minul semprul'. *Frasa* 'Minul semprul' menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung 'dudu' dados 'dudu Minul' lan boten saged dipunsambung kaliyan 'ora' dados 'ora Minul'.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning barang. Ingkang saged dados *acuan* saking semprul inggih menika jinising tanaman tembakau ingkang *kualitasipun* andhap. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* tembung semprul dipun-ginakaken kanthi *metaforis*, inggih menika pirembaran ingkang boten wonten wosipun sami kaliyan barang ingkang boten wonten ancasingipun inggih menika tembakau kanthi *kualitas* ingkang andhap. Tebok nganggep Minul semprul nalika piyambakipun nyuwun pirsu kenging menapa ban rodha ngajeng langkung cepet gundhul dipunbandingaken kaliyan ban rodha ngajeng, lajeng Minul mangsuli pitaketan bilih ban rodha wingking saben dinten mikir supados saged nututi ban rodha ngajeng ananging boten nate saged nututi, satemah ban rodha wingking langkung cepet mikir. Punapa ingkang dipunandharaken kaliyan Minul dipunanggep boten mlebet ing nalar amargi panci namung dipun-ginakaken

kangge gojegan minangka ngandharaken raketing sesambetan antawisipun Tebok kaliyan Minul.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* Minul semprul menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raketing sesambetan. Pisuhan *awujud frasa* 'Minul semprul' dipun-ginakaken kangge ngandharaken raketing sesambetan antawisipun Tebok kaliyan Minul. Tebok bingung amargi ban rodha wingking langkung cepet gundhul tinimbang ban rodha ngajeng, ngendikanipun Minul amargi ban rodha wingking mumet mikir caranipun nututi ban rodha ngajeng boten nate saged.

6) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Raketing Sesambetan

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* raketing sesambetan. Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* raketing sesambetan dipunpanggihaken kalih jinis, inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel lan kangge ngandharaken raketing sesambetan.

(a) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Raketing Sesambetan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* raketing sesambetan kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingai wonten ing pethikan menika.

Konteks: Salah setunggal murid pamit wangsul dhateng Bu Guru nalika saweg pelajaran, ananging nalika matur boten ngangge basa ingkang sopan.

(48) Bu Guru: “Kowe kuwe agi ngomong karo gurune apa karo **kakimu?**”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 17, Karnaval)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘kakimu’. *Referen* saking *frasa* ‘kakimu’ inggih menika raket ing sesambetan. *Frasa* ‘kakimu’ kalebet tembung pisuhan amargi *frasa* ‘kakimu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel dhateng tiyang sanes.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika *frasa* ‘kakimu’. *Frasa* ‘kakimu’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kaki’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora kaki’. *Frasa* ‘kakimu’ asalipun saking tembung ‘kaki’ lan pikantuk klitika –mu kanthi teges kagunganipun/ *makna milik*.

Referen saking pisuhan menika inggih menika raket ing sesambetan. Ingkang saged dados *acuan* saking *frasa* kakimu inggih menika tembung/ istilah raket ing sesambetan ingkang dipun-ginakaken kangge nyebut tiyang sepuh kakung saking bapak utawi ibu ego. Ananging istilah raket ing sesambetan menika gadhah *Referen* ingkang dipun*negatifaken* menawi dipun-ginakaken wonten ing wujud pisuhan, inggih menika minangka wujud kangge ngenyek tiyang. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *frasa* ‘kakine’ dipun-ginakaken minangka wujud saking emosi Bu Guru kangge ngandharaken raos jengkelipun dhateng Salah setunggal murid amargi boten ngendika kanthi sopan nalika nyuwun ijin pamit. Pisuhan ‘kakimu’ wonten ing ukara kasebut dipun-ginakaken kanthi *metaforis*. Tegesipun, salah setunggal murid ingkang ngendika kanthi boten sopan boten

wonten tata kramanipun nalika nyuwun ijin pamit dhateng gurunipun dipunsamikaken nalika ngendika kaliyan simbahipun piyambak. Wonten ing babagan menika ateges nalika ngendika kaliyan simbahipun piyambak ananging sanes dipuntegesi ngendika kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh ananging wonten ing *konteks* menika ateges ngendika kaliyan tiyang ingkang sampun akrab satemah ngginakaken basa ingkang boten ngginakaken unggah ungguh.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘kakimu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awuju *frasa* ‘kakimu’ dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel guru dhateng Salah setunggal muridipun amargi nyuwun ijin kondur ananging basa ingkang dipun-ginakaken boten wonten unggah-ungguhipun.

(b) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Raket ing Sesambetan kangge Ngandharaken Raket ing Sesambetan

Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* raket ing sesambetan kangge ngandharaken raket ing sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Nini Jemu dhawah lan digeguyu kaliyan Sukro amargi cepengan grogol nalika dipunbonceng nitih motor.

(49) Sukro: “Kon cekelan motor malah cekelan grogol, **ninimu....**”
(Data 8, MP3 Curanmor No. 22, Nini Jemu)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘ninimu’. *Referen* saking *frasa* ‘ninimu’ inggih menika raket ing sesambetan. *Frasa* ‘ninimu’ kalebet tembung pisuhan amargi *frasa*

‘niniu’ menika karaos kasar ananging menika ugi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan dhateng mitra tuturipun.

Wonten ing ukara menika kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa*, inggih menika *frasa* ‘niniu’. *Frasa* ‘niniu’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu nini’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora nini’. *Frasa* ‘niniu’ asalipun saking tembung ‘nini’ lan pikantuk klitika –mu kanthi teges kagunganipun/ *makna milik*.

Referen saking pisuhan menika inggih menika raket ing sesambetan. Ingkang saged dados *acuan* saking *frasa* niniu inggih menika tembung/ istilah raket ing sesambetan ingkang dipun-ginakaken kangge nyebut tiyang sepuh estri saking bapak utawi ibu ego. Ananging istilah raket ing sesambetan menika gadhah *referen* ingkang dipun*negatifaken* menawi dipun-ginakaken wonten ing wujud pisuhan, inggih menika minangka wujud kangge ngandharaken raosipun tiyang. Menawi dipun-gayutaken kaliyan *konteks*, *frasa* ‘niniu’ dipun-ginakaken minangka wujud andharan saking wayah dhateng simbahipun, inggih menika Sukro dhateng Nini Jemu kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawis kekalihipun. Nalika Sukro mbonceng Nini Jemu nitih motor badhe wonten dalemipun Pak Mantri, Nini Jemu dipundhawuhi cepengan, ananging nalika sampun dumugi ing dalemipun Pak Mantri Sukro kaget amargi Nini Jemu dhawah saking motor. Kanyata Nini Jemu dhawah wonten ing margi. Ngendikanipun Nini Jemu piyambakipun ugi sampun cepengan ananging cepengan grogol. Nalika

ngertos bilih Nini Jemu dhawah amargi cepengan grogol Sukro lajeng gumujeng lan ngendika “Kon cekelan motor malah cekelan grogol, **ninimu...**”

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘ninimu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud *frasa* ‘ninimu’ dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawisipun wayah kaliyan simbahipun utawi antawisipun Sukro kaliyan Nini Jemu nalika Nini Jemu dhawah saking motor malah dipungujeng amargi piyambakipun nalika dipunbonceng boten cepengan motor ananging malah cepengan grogol.

7) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Panggenan

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* panggenan. Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* panggenan dipunpangguhaken kalih jinis, inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun lan kangge ngandharaken raos jengkel.

(a) Pisuhan Ingkang Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Panggenan kangge Ngandharaken Raos Gumun

Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* panggenan kangge ngandharaken raos gumun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kakine enyang-enyangan yuswa kaliyan Dewa Pencabut Nyawa nalika nyawanipun kakine badhe dipunpendhet.

(50) Dewa Pencabut Nyawa: “Ki, Kakine, kowe lagi sekarat apa lagi nang aring **Pasar Legian**, malah enyang-enyangan!”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 12, Dewa Pencabut Nyawa)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘Pasar Legian’. *Referen* saking *frasa* ‘Pasar Legian’ inggih menika namaning panggenan. *Frasa* ‘Pasar Legian’ kalebet pisuhan amargi *frasa* ‘Pasar Legian’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. *Frasa* ‘Pasar Legian’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu pasar’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora pasar’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning panggenan. Ingkang saged dados *acuan* saking *frasa* ‘Pasar Legian’ inggih menika wewengkon ingkang dipun-ginakaken kangge dol tinuku barang-barang dagangan wonten dinten pasaran ingkang kapisan. Ananging *frasa* ‘Pasar Legian’ wonten ing *konteks* pisuhan dipun-ginakaken kanthi *metaforis*. *Frasa* ‘Pasar Legian’ wonten ing *konteks* pisuhan dipuntegesi kahanan ingkang rame nalika kakine enyang-enyangan nyuwun tambahan yuswa kaliyan Dewa Pencabut Nyawa. Dewa Pencabut Nyawa gumun dhateng mitra tuturipun ingkang sampun sepuh ananging nalika badhe dipunpendhet nyawanipun taksih nyuwun tambahan yuswa selangkung utawi satus seket tahun malih, lajeng Dewa Pencabut Nyawa puru badhe nambahi yuswanipu selangkung tahun malih kanthi walesan arta sewu Rupiah.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘Pasar Legian’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun Dewa

Pencabut Nyawa kaliyan kakine amargi kakine nyuwun tambah yuswa lan nyang-nyangan yuswa kaliyan Dewa Pencabut Nyawa kados kahanan nalika wonten ing peken.

(b) Pisuhan Inggang Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Panggenan kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan inggang awujud *frasa* aran kanthi *referen* panggenan kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Salah setunggal murid pamit dhateng bu guru badhe wangsul ananging nalika matur boten ngangge basa inggang sopan lan boten ngginakaken unggah-ungguh inggang sae.

(51) Bu Guru: “O... angger bocah..**bocah SDLB!**”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 17, Karnaval)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggang awujud *frasa* inggih menika ‘bocah SDLB’. *Referen* saking *frasa* ‘bocah SDLB’ inggih menika namaning panggenan. *Frasa* ‘Bocah SDLB’ kalebet pisuhan amargi *frasa* ‘bocah SDLB’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. *Frasa* ‘bocah SDLB’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran inggang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bocah’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora bocah’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning panggenan. Inggang saged dados *acuan* saking tembung ‘SDLB’ inggih menika cekakan saking Sekolah Dasar Luar Biasa inggih menika sekolah inggang dipun-ginakaken kaliyan lare inggang gadhah *keterbelakangan mental*. *Frasa* ‘bocah SDLB’

wonten ing *konteks* pisuhan dipun-ginakaken kanthi *metaforis*. *Frasa* ‘bocah SDLB’ wonten ing *konteks* pisuhan dipuntegesi lare ingkang boten gadhah nalar ingkang sae, satemah boten gadhah unggah-ungguh kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh ingkang kedahipun dipunkormati. Nalika Salah setunggal muridipun nyuwun ijin pamit nginakaken basa ingkang boten sopan lan boten ngangge unggah-ungguh Bu Guru ngraos mangkel lan mastani bilih lare menika ‘bocah SDLB’.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘bocah SDLB’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan ingkang wujud *frasa* ‘bocah SDLB’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel guru dhateng salah setunggal muridipun amargi nalika nyuwun ijin kondur boten ngginakaken basa ingkang sopan lan boten wonten unggah-ungguhipun dhateng tiyang ingkang langkung sepuh.

8) Pisuhan Awujud *Frasa* Aran kanthi *Referen* Jinising Lelembut

Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* jinising lelembut. Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* jinising lelembut namung kapanggihaken setunggal jinis, inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan ingkang awujud *frasa* aran kanthi *referen* jinising lelembut namung kapanggihaken setunggal jinis, inggih menika ingkang dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Tiyang ingkang mertamu wonten dalemipun Sandal lan Sandil ngraos gumun amargi salamipun kaping kathah boten wonten ingkang njawab.

(52) Tamu: “Kiye-kiye umah wong apa **umah setan** kiye ya?”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 13, Dorong-dorong)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika ‘umah setan’. *Referen* ingkang dipun-ginakaken wonten ing pisuhan inggih menika jinising lelembut. Tembung ‘setan’ wonten ing *frasa* ‘umah setan’ kalebet pisuhan amargi sipatipun setan ingkang jahat dipunandharaken kangge nyebut mitra tuturipun lan dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. *Frasa* ‘umah setan’ menika kalebet *frasa* nomina amargi inti *frasa* menika jinisipun tembung aran ingkang saged sinambung kanthi tembung ‘dudu’ dados ‘dudu umah’ lan boten saged dipunsambung kaliyan ‘ora’ dados ‘ora umah’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika jinising lelembut. Inggih saged dados *acuan* saking tembung ‘setan’ inggih menika jinising lelembut ingkang gadhah sipat kangge damel tiyang gesang wonten ing dalaningkang sesat. Ananging *frasa* umah setan wonten ing *konteks* pisuhan dipun-ginakaken kanthi *metaforis*. *Frasa* ‘umah setan’ wonten ing *konteks* pisuhan dipuntegesi dalem ingkang sepen, wingit lan kangge manggen roh-roh alus. Pisuhan menika menawi dipuntegesi kanthi *metaforis* lan dipungayutaken kaliyan *konteks* ateges dalem ingkang sepen sanget kados boten wonten tiyang ingkang manggeni amargi nalika tiyang mertamu lan suka salam kaping kathah tetep *mala* boten wonten ingkang mangsuli.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika *frasa* ‘umah setan’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan ingkang wujud *frasa* ‘umah setan’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken gumun tiyang ingkang mertamu amargi boten wonten ingkang njawab salam wonten dalemipun Sandal Sandil.

b) Pisuhan Awujud *Frasa* Kahanan

Frasa kahanan utawi *frasa adjektiva* inggih menika *frasa* ingkang gadhah inti awujud tembung kahanan utawi bakunipun awujud tembung kahanan. Tetenger saking tembung kahanan inggih menika saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ utawi ‘sing’, lan boten saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’. Wonten ing Lawakan Curanmor kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* kahanan namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika ingkang gadhah *Referen* kahanan tartamtu. Salajengipun ancas saking pisuhan *frasa* kahanan saged dipuntingali kanthi *konteks* tuturanipun. Ancasipun pisuhan ingkang awujud *frasa* kahanan wonten ing Lawakan Curanmor menika inggih menika kangge ngandharaken raos kuciwa lan gumun. Pirembagan babagan pisuhan Lawakan Curanmor ingkang awujud *frasa* kahanan ingkang langkung jangkep saged dipuntingali wonten ing bab menika.

1) Pisuhan Awujud *Frasa* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu

Pisuhan awujud *frasa* jinis kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa lan gumun. Pisuhan awujud

frasa jinis kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa lan gumun saged dipuntingali ing ngandhp menika.

(a) Pisuhan Awujud *Frasa* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu Kangge Ngandharaken Raos Kuciwa.

Pisuhan awujud *frasa* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa saged dipuntingali wonten ing pethikan data menika.

Konteks: Kenet angkotan kota ngenyek putranipun ibu penumpang bilih pasuryanipun elek sanget.

(53) Ibu penumpang: “**Kebangeten banget** yakin, wong pati-pati angkotan kotane tek tumpaki kok malah anake nyong dienyek !”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 2, Anak Elek)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung 'kebangeten banget'. *Referen* saking 'kebangeten banget' menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung kebangeten banget menika dipun-ginakaken tiyang dhateng mitra tuturipun kangge ngandharaken raos kuciwa.

Frasa 'kebangeten banget' menawi dipuntingali kanthi jinisipun kalebet *frasa* kahanan. *Frasa* 'kebangeten banget' kalebet *frasa* kahanan amargi tembung intinipun awujud tembung kahanan. Inti saking *frasa* menika inggih tembung 'kebangeten' lan minangka tembung kahanan 'kebangeten' saged dipunsambung kanthi tembung 'ora' dados 'ora kebangeten' lan boten saged dipunsambung kaliyan tembung 'dudu' dados 'dudu kebangeten'.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tartamtu. Tembung kebangeten gadhah *acuan* keladhuk/ kebablasen sanget. Kebangeten bilih dipunsambung kaliyan banget ndadosaken makna sanget dados kahanan ingkang sampun *ala* taksih dipunsangetaken. Wonten ing *konteks* tuturan menika ibu penumpang angkotan ngendika bilih kenetipun kebangeten amargi piyambakipun kuciwa nalika ngraos bilih piyambakipun sampun milih angkotan menika ananging malahan putranipun dipunenyek.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *frasa* ‘kebangeten banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud *frasa* ‘kebangeten banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa ibu ingkang nitih angkotan dhateng kenet amargi angkotanipun sampun dipuntumpaki ananging malahan putranipun dipunenyek putra ingkang pasuryanipun elek sanget.

(b) Pisuhan Awujud *Frasa* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Gumun

Pisuhan awujud *frasa* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu kangge ngandharaken raos gumun saged dipuntingali wonten ing pethikan data menika.

Konteks: Bapak ingkang gumun kaliyan putranipun piyambak amargi putranipun kesupenan sanget.

(54) Bapak: “Aku jan wis **mangkel banget** karo kowe.”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 3, Anak Kelalen)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘mangkel banget’. *Referen* saking ‘mangkel banget’

menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung mangkel banget menika dipunginakaken tiyang dhateng mitra tuturipun kangge ngandharaken raos jengkelipun.

Frasa ‘mangkel banget’ menawi dipuntingali kanthi jinisipun kalebet *frasa* kahanan. *Frasa* ‘mangkel banget’ kalebet *frasa* kahanan amargi tembung intinipun awujud tembung kahanan. Inti saking *frasa* menika inggih tembung ‘mangkel’ lan minangka tembung kahanan ‘mangkel’ saged dipunsambung kanthi tembung ‘ora’ dados ‘ora mangkel’ lan boten saged dipunsambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu mangkel’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tertamtu. Tembung mangkel gadhah *acuan* inggih menika raos sengit marang pratingkahipun tiyang. Wonten ing *konteks* tuturan menika *frasa* ‘mangkel banget’ boten dipunginakaken salimrahipun ananging namung dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit ananging sampun kesupenan sanget kados tiyang ingkang sampun sepuh. Wonten ing *konteks* tuturan menika *frasa* ‘mangkel banget’ amargi gumun dhateng putranipun amargi saben dinten mesthi wonten ingkang kesupen. Inggih sepisan piyambakipun dipundukani kaliyan Guru IPS amargi kesupen nalika dipuntakeni *letak* Pulau Kalimantan. Inggih kaping kalih piyambakipun sekolah kesupen boten ngasta buku gambar, buku halus, setip, bolpoin, lan potelot. Inggih kaping tiga nalika sedaya perlengkapan sampun dipunsiapaken lan boten kesupen malih kanyata piyambakipun kesupen boten ngagem clana nalika badhe tindak sekolah. Inggih pungkasan inggih menika nalika sedaya *perlengkapan* sampun dipuncaosaken, PR

ugi sampun dipungarap, sampun ngagem sragam lengkap lan badhe tindak sekolah kanyata dinten menika Dinten Minggu.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *frasa* ‘mangkel banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan awujud *frasa* ‘mangkel banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit ananging sampun kesupenan sanget.

Pisuhan ingkang awujud *frasa* adjektiva kanthi *referen* kahanan tartamtu kangge ngandharaken raos gumun sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Bapak ingkang gumun kaliyan putranipun piyambak amargi putranipun kesupenan sanget.

(55) Bapak: “**Gething banget** karo kowe yakin.”

(Data 2, MP3 Curanmor No. 3, Anak Kelalen)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan ingkang awujud *frasa* inggih menika tembung ‘gething banget’. *Referen* saking ‘gething banget’ menika kalebet tembung pisuhan amargi tembung gething banget menika dipun-ginakaken tiyang dhateng mitra tuturipun kangge ngandharaken raos jengkelipun. *Frasa* ‘gething banget’ menawi dipuntingali kanthi jinisipun kalebet *frasa* kahanan. *Frasa* ‘gething banget’ kalebet *frasa* kahanan amargi tembung intinipun awujud tembung kahanan. Inti saking *frasa* menika inggih tembung ‘gething’ lan minangka tembung kahanan ‘gething’ saged dipunsambung kanthi tembung ‘ora’ dados ‘ora gething’ lan boten saged dipunsambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu gething’.

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tartamtu. Tembung mangkel gadhah *acuan* inggih menika raos gregeten utawi *gemes* dhateng tiyang sanes ananging langkung *ngacu* dhateng perangan ingkang boten dipunremeni kaliyan panutur ingkang dipunlampahi kaliyan mitra tutur. Tembung gething menawi dipunsambung kaliyan tembung banget ndadosaken makna sanget, inggih menika raos gregetan ingkang dipunraosaken kanthi sanget dhateng tiyang sanes amargi punapa ingkang dipunlampahi mitra tutur boten pas ing manahipun panutur.

Wonten ing *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan menika, *frasa* ‘gething banget’ boten dipun-ginakaken salumrahipun ananging namung dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit ananging sampun kesupenan sanget kados tiyang ingkang sampun sepuh. Wonten ing *konteks* tuturan menika *frasa* ‘gething banget’ dipunandharaken bapak dhateng putranipun amargi gumun dhateng putranipun nalika saben dinten mesthi wonten babagan ingkang kesupen. Inggih sepisan piyambakipun dipundukani kaliyan Guru IPS amargi kesupen nalika dipuntakeni *letak* Pulau Kalimantan. Inggih kaping kalih piyambakipun sekolah kesupen boten ngasta buku gambar, buku halus, setip, bolpoin, lan potelot. Inggih kaping tiga nalika sedaya perlengkapan sampun dipunsiapaken lan boten kesupen malih kanyata piyambakipun kesupen boten ngagem clana nalika badhe tindak sekolah. Inggih pungkasan inggih menika nalika sedaya perlengkapan sampun dipuncaosaken, PR ugi sampun dipungarap, sampun ngagem sragam lengkap lan badhe tindak sekolah kanyata dinten menika Dinten Minggu.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *frasa* ‘gething banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan awujud *frasa* ‘gething banget’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun bapak dhateng putranipun ingkang taksih alit ananging sampun kesupenan sanget.

4. Pisuhan Awujud Klausula

Pisuhan awujud *klausula* wonten ing Lawakan Curanmor kalebet *klausula* basa lisan, satemah ingkang kedah wonten ing *kontruksi kausula* menika inggih menika wasesa. Wonten ing Lawakan Curanmor menika kapanggihaken pisuhan awujud *klausula* ingkang jinisipun kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang, saha kahanan tartamtu. Wonten ugi pisuhan awujud *klausula* ingkang jinisipun kriya kanthi *referen* nama kewan saha *aktivitas* tartamtu. Ancas pisuhan ingkang awujud *klausula* wonten ing pisuhan Lawakan Curanmor inggih menika kangge ngandharaken raos ngina, duka, gumun, getun, jengkel, lan raket ing sesambetan.

(a) Pisuhan Awujud Klausula Kahanan

Wonten ing Lawakan Curanmor menika kapanggihaken pisuhan awujud *klausula* ingkang jinisipun kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang saha kahanan tartamtu.

1) Pisuhan Awujud Klausula Kahanan kanthi Referen Kahanan Tiyang

Pisuhan awujud *klausula* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang dipunperang dados tigang jinis saking ancasipun, inggih menika kangge ngandharaken raos ngina, duka lan gumun.

(a) Pisuhan Awujud *Klausu* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Ngina

Pisuhan awujud *klausu* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Salah setunggal murid wonten kelas ngina Bu Gurunipun amargi ngendika terus boten wonten mandhegipun.

(56) Murid: “Apa anu **untune rika mrongol** dadi ora teyeng mingkem?”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 19, Lulusan)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘untune rika mrongol’. *Klausu* ‘untune rika mrongol’ kalebet pisuhan amargi *klausu* menika minangka kahanan saking perangan badhan tiyang ingkang kirang sampurna lan kangge sarana ngina tiyang sanes.

Pisuhan ‘untune rika mrongol’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung untune rika menika minangka jejer lan tembung mrongol minangka wasesa. *Klausu* ‘untune rika mrongol’ kalebet jinis *klausu* kahanan amargi inti saking wasesanipun saged rinaketan kaliyan tembung ‘sing’ dados ‘sing mrongol’.

Untune rika mrongol

J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘untune rika mrongol’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan tiyang saking wujudipun peranganing badan inggih menika waja ingkang katingal congat-congat majeng satemah katingal kirang sampurna. Wonten ing *konteks* tuturan *klausu* ‘untune rika mrongol’ dipunginakaken kangge ngina mitra tuturipun. Salah setunggal murid ngendika dhateng

gurunipun bilih wajanipun mrongol kangge ngina gurunipun amargi gurunipun ngendika werni-werni nalika para siswa saweg dangdutan sabibaripun pengumuman lulusan.

(b) Pisuhan Awujud *Klausa* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud *klausa* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Wonten ing pasarean, kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggugeng cekakakan.

(57) Tiyang layat: **“Ora duwe kuping kowe yah?”**

(Data 2, MP3 Curanmor No. 20, Matine Dokter Jantung)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘ora duwe kuping kowe yah?’. *Klausa* ‘ora duwe kuping kowe yah?’ kalebet pisuhan amargi *klausa* menika kalebet kasar menawi dipunandharaken dhateng mitra tuturipun lan ugi amargi *klausa* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘ora duwe kuping kowe yah?’ kalebet jinis *klausa* kahanan amargi inti saking *klausa* nerangaken kahanan tiyang, lan saged rinaketan tembung ‘sing’ dados ‘sing ora duwe kuping’. Pisuhan ‘ora duwe kuping rika yah?’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘ora duwe kuping’ minangka wasesa’ lan tembung ‘kowe ya’ minangka jejer.

Ora duwe kuping kowe ya
W J

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘ora duwe kuping kowe yah’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan tiyang saking wujudipun peranganing badan inggih menika talingan ingkang boten wonten satemah boten saged mirengaken. Wonten ing *konteks* tuturan, *referen* ora duwe kuping dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges bilih mitra tuturipun cacat amargi boten gadhah talingan lan boten ugi dipuntegesi bilih mitra tuturipun budheg ananging kangge wujud pitakenan punapa mitra tutur sampun boten saged mirengaken lan ngormati tiyang sanes. Pitakenan menika dipuntujokaken amargi nalika wonten ing pasareanipun Dokter Jantung, salah setunggal kancanipun boten mirengaken donga ingkang saweg dipunwaosaken ananging malahan nggujeng cekakakan. Kancanipun dokter jantung menika nggujeng amargi wonten sanginggilipun pasareanipun menika dipunsukani patung wujud jantung kangge tetenger bilih piyambakipun *kala* taksih gesang dados dokter jantung. Kancanipun dokter jantung menika ugi nyambut damel dados dokter lan dados dokter *kulit dan kelamin*. Awit saking menika piyambakipun nggujeng sero sanget amargi mbayangaken menawi piyambakipun seda punapa wonten ing nginggil pasareanipun ugi dipunsukani patung ingkang awujud *kelamin*.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausu* ‘ora duwe kuping kowe ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausu* ‘ora duwe kuping kowe ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka tiyang dhateng kancanipun dokter jantung nalika

wonten ing pasarean amargi kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujeng cekakakan.

Pisuhan ingkang awujud *klausa* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntigali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Wonten ing pasarean, kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujeng cekakakan.

(58) Tiyang layat: **“Ora duwe mata kowe yah?”**

(Data 3, MP3 Curanmor No. 20, Matine Dokter Jantung)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘ora duwe mata kowe yah?’. *Klausa* ‘ora duwe mata kowe yah?’ kalebet pisuhan amargi *klausa* menika kalebet kasar menawi dipunandharaken dhateng mitra tuturipun lan ugi amargi *klausa* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘ora duwe mata kowe yah?’ kalebet jinis *klausa* kahanan amargi inti saking *klausa* menika nerangaken kahanan tiyang lan saged rinaketan kaliyan tembung ‘sing’ dados ‘sing ora duwe mata’. Pisuhan ‘ora duwe mata kowe yah?’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘ora duwe mata’ minangka wasesa’ lan tembung ‘kowe ya’ minangka jejer.

Ora duwe mata kowe ya
W J

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘ora duwe mata kowe yah?’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan tiyang saking wujudipun peranganing badan

inggih menika netra ingkang boten wonten utawi saged ugi dipuntegesi wuta. Wonten ing *konteks* tuturan, *referen klausa* ‘ora duwe mata kowe ya’ dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges bilih mitra tuturipun cacat amargi boten gadhah talingan lan boten ugi dipuntegesi bilih mitra tuturipun wuta ananging kangge wujud pitakenan punapa mitra tutur sampun boten saged ningali lan ngormati tiyang sanes. Pitakenan menika dipuntujoaken amargi nalika wonten ing pasareanipun Dokter Jantung salah setunggal kancanipun boten saged ningali kahanan ingkang saweg sedih ananging malahan nggujeng cekakakan. Kancanipun dokter jantung menika nggujeng amargi wonten sanginggilipun pasareanipun menika dipunsukani patung wujud jantung kangge tetenger bilih piyambakipun nalika taksih gesang dados dokter jantung. Kancanipun dokter jantung menika ugi nyambut damel dados dokter lan dados dokter *kulit dan kelamin*. Awit saking menika piyambakipun nggujeng sero sanget amargi mbayangaken menawi piyambakipun seda punapa wonten ing nginggil pasareanipun ugi dipunsukani patung ingkang awujud kelamin.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘ora duwe mata kowe ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausa* ‘ora duwe mata kowe ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka tiyang dhateng kancanipun dokter jantung nalika wonten ing pasarean amargi kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujeng cekakakan.

Pisuhan ingkang awujud *klausa* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntigali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Petugas mercusuar duka dhateng Jendral Kapal Belanda amargi dipundhawuhi mindah kapal ingkang sejatosipun sanes kapal ananging mercusuar.

(59) Pegawe mercusuar: “**Nyong ora budheg** mas, nyuwun sewu mas.”
(Data 5, MP3 Curanmor No. 16, Kapal Belanda)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘nyong ora budheg’. *Klausa* ‘nyong ora budheg’ kalebet pisuhan amargi *klausa* menika karaos kasar menawi dipunandharaken dhateng mitra tuturipun lan ugi amargi *klausa* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘nyong ora budheg’ kalebet jinis *klausa* kahanan amargi inti saking *klausa* menika nerangaken kahanan tiyang lan saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ dados ‘ora ora budheg’ ingkang tegesipun ‘budheg’. Pisuhan ‘nyong ora budheg’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘nyong’ minangka jejer lan tembung ‘ora budheg’ minangka wasesa.

Nyong ora budheg
J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘nyong ora budheg’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan tiyang ingkang sampun boten saged mirengaken. Wonten ing *konteks* tuturan *referen* nyong ora budheg dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih

menika boten ateges bilih mitra tuturipun boten saged mireng ananging namung kangge ngandharaken raos dukanipun pegawe mercusuar dhateng Jendral Kapal amargi dipunpaksa kangge mindhah kapal, amargi Jendral Kapal ngintun bilih mercusuar menika kapal ingkang badhe nabrak kapalipun. Jendral Kapal ngendika kaliyan pegawe mercusuar kaping kathah amargi dipunkinten boten mireng swantenipun wonten ing telpon.

Miturut *konteks* saking pisuhan awujud *klausu* ‘onyong ora budheg’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausu* ‘onyong ora budheg’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka pegawe mercusuar dhateng Jendral Kapal amargi dipuntelpon lan ngendika kaping kathah bilih kapalipun kedah dipunpindah, amargi Jendral Kapal ngintun bilih mercusuar menika kapal ingkang badhe nabrak kapalipun.

Pisuhan ingkang awujud *klausu* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntigali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Wonten setunggal tiyang ingkang dipunendheg kaliyan pak polisi nalika nitih motor amargi ngginakaken gigi setunggal terus, ananging tiyang kasebut malah ngendika saha ngintun bilih polisi menika badhe nilang piyambakipun, satemah SIM, STNK, BPKBnipun dipundalaken sedaya.

(60) Polisi Lalulintas: “**Lambene rika kuwe mambu!**”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 15, Kaki Blewung)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘lambene rika kuwe mambu’. *Klausu* ‘lambene rika kuwe mambu’ kalebet pisuhan amargi *klausu* menika karaos kasar menawi dipunandharaken dhateng

mitra tuturipun lan ugi amargi *klausa* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘lambene rika kuwe mambu’ kalebet jinis *klausa* kahanan amargi inti saking *klausa* nerangaken kahanan tiyang lan saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ dados ‘ora mambu’ utawi sinambung tembung ‘sing’ dados ‘sing mambu’. Pisuhan ‘lambene rika kuwe mambu’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘lambene rika’ minangka jejer lan tembung kuwe mambu’ minangka wasesa.

Lambene rika kuwe mambu
J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘lambene rika kuwe mambu’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan tiyang saking wujudipun peranganing badan inggih menika lathi ingkang gadhah mambu boten eco satemah saged ngganggu tiyang sanes. Wonten ing *konteks* tuturan *referen* lambene rika kuwe mambu dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges bilih lathinipun mitra tutur mambu, ananging namung kangge ngandharaken raos duka Polisi Lalulintas dhateng mitra tuturipun. Polisi Lalulintas duka dhateng mitra tuturipun nalika wonten ing margi ningali tiyang ingkang nitih motor ngginakaken gigi setunggal terus, satemah swantenipun brisik sanget. Tiyang ingkang nitih motor ngginakaken gigi setunggal menika dipunsuwun mandheg kaliyan pak polisi. Saderengipun Polisi Lalulintas ngendika kenging menapa tiyang menika didhawuhi mandheg, tiyang kasebut sampun nginten bilih pak polisi badhe nilang piyambakipun. Satemah tiyang ingkang dipunendheg polisi menika langsung

ngendika kathah sanget sinambi ngedalaken SIM, STNK, BPKB ingkang dipunfotokopi 18 lembar. Kamangka Polisi Lalulintas ngendheg tiyang menika namung badhe ngandhani supados boten ngginakaken gigi setunggal terus nalika nitih motor amargi swantenipun boten sekeco ing talingan.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausu* ‘lambene rika kuwe mambu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausu* ‘lambene rika kuwe mambu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka Polisi Lalulintas amargi saderengipun piyambakipun ngendika, sampun dipunwastani badhe nilang mitra tuturipun lan ngedalaken sedaya serat-serat *kendaraan bermotor*, kamangka Polisi Lalulintas namung badhe ngandhani supados boten ngginakaken gigi setunggal terus nalika nitih motor.

(c) Pisuhan Awujud *Klausu* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tiyang kangge Ngandharaken Raos Gumun

Pisuhan awujud *klausu* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos gumun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Anang gumun nalika dipundhawuhi mbeneraken gendheng kaliyan Krisdayanti, kamangka boten wonten gendheng ingkang mlorod, lajeng Anang didhawuhi kangge nglorod-nglorodaken gendhengipun rumiyin.

(61) Anang: “**Pikirane ora beres**, ora cetha!”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 14, Gemblung Nyanyi)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘*pikirane ora beres*’. *Klausu* ‘*pikirane ora beres*’ kalebet pisuhan amargi

klausa menika karaos kasar menawi dipunandharaken dhateng mitra tuturipun lan ugi amargi *klausa* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘pikirane ora beres’ kalebet jinis *klausa* kahanan amargi inti saking *klausa* menika nerangaken kahanan tiyang lan saged sinambung kaliyan tembung ‘sing’ dados ‘sing ora beres’ utawi sinambung tembung ‘ora’ dados ‘ora ora beres’ ateges ‘beres’. Pisuhan ‘pikirane ora beres’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘pikirane’ minangka jejer lan tembung ‘ora beres’ minangka wasesa.

Pikirane ora beres

J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘pikirane ora beres’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika inggih kahanan saking tiyang ingkang boten leres utawi radi gemblung. Wonten ing *konteks* tuturan *referen* pikirane ora beres dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges bilih mitra tuturipun gemblung, ananging dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun Anang dhateng Krisdayanti. Anang gumun dhateng Krisdayanti amargi Anang dipundhawuhi nglorodaken gendheng ingkang taksih leres wonten ing nginggil, lajeng dipundhawuhi supados ngleresaken gendheng menika malih. Awit saking menika Anang ngraos gumun kaliyan Krisdayanti satemah ngendika bilih pikiranipun boten beres.

Miturut *konteks* saking pisuhan awujud *klausa* ‘pikirane ora beres’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Pisuhan awujud *klausa* ‘pikirane ora beres’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken gumun Anang

dhateng Krisdayanti nalika Anang dipunsuwun kangge ngleresaken gendheng kamangka boten wonten gendheng ingkang mlorod, ananging Krisdayanti malah ngendika supados nglorod-nglorodaken gendhenipun.

2) Pisuhan Awujud *Klausula* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu

Pisuhan awujud *klausula* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu dipunperang dados kalih jinis saking ancasipun, inggih menika kangge ngandharaken raos kuciwa lan jengkel.

(a) Pisuhan Awujud *Klausula* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Kuciwa

Pisuhan awujud *klausula* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu kanngandharaken raos kuciwa saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa estri boten pitados dhateng garwanipun nalika kondur ing dalem lan ngendika badhe tobat.

(62) Garwa estri: “Alah gujis, **mambu lamis lambemu**, kowe sedina ngomong ping 200.000 ora bakal nyong ngandel!”
(Data 12, MP3 Curanmor No. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘mambu lamis lambemu’. *Klausula* ‘mambu lamis lambemu’ kalebet pisuhan amargi *klausula* menika karaos kasar menawi dipunandharaken dhateng mitra tuturipun lan ugi amargi *klausula* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng mitra tuturipun.

Klausa ‘mambu lamis lambemu’ kalebet jinis *klausa* kahanan ingkang nerangaken kahanan tiyang lan inti saking *klausa* saged sinambung tembung ‘ora’ dados ‘ora mambu lamis’ ugi saged sinambung kaliyan tembung ‘sing’ dados ‘sing mambu lamis’. Pisuhan ‘mambu lamis lambemu’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi ‘mambu lamis’ minangka wasesa lan tembung ‘lambemu’ minangka jejer.

Mambu lamis lambemu
W J

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tiyang. *Referen* saking ‘mambu lamis lambemu’ wonten *konteks* dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges lambe ingkang mambu lamis, amargi tembung lambe lamis ateges asring ngapusi, namung wonten tetembunganipun kemala ingkang becik ananging batosipun *ala*. Wonten ing *konteks* tuturan *referen* ‘mambu lamis lambemu’ dipuntegesi bilih mitra tutur asring ngapusi lan boten saged dipunendel. Garwa estri mastani lathinipun garwa kakungipun mambu lamis nalika garwa kakungipun kondur ing dalem lan ngendika badhe tobat. Garwa estri sampun kadung kuciwa kaliyan garwanipun amargi boten nate purun mbiyantu piyambakipun nalika saweg repot ngemong putranipun lan ugi boten purun mbiyantu pedamelan sanes. Nalika wonten dalem piyambakipun namung sare terus, satemah garwa estri mangkel. Nalika garwa kakung kondur lan ngendika badhe tobat lan nyuwun pangapura garwa estri sampun kadhung kuciwa satemah mastani bilih lathinipun mambu lamis.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘mambu lamis lambemu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa.

Pisuhan awujud *klausu* ‘mambu lamis lambemu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa garwa estri dhateng sisihanipun nalika garwa kakung kondur ing dalem lan ngendika badhe tobat.

(b) Pisuhan Awujud *Klausu* Kahanan kanthi *Referen* Kahanan Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud *klausu* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu kanngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Nini Jemu ngeyel nalika dipun-ngendikani kaliyan Sukro supados boten udud terus amargi saweg gerah lan sampuh sepuh.

(63) Sukro: “Rika angger **wudele wis madhep ngalor** ya ngalor bae!”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 22, Nini Jemu)

Wonten ing tuladha pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘wudele wis madhep ngalor’. *Klausu* ‘wudele wis madhep ngalor’ kalebet pisuhan amargi *klausu* menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel panutur dhateng mitra tutur.

Klausu ‘wudele wis madhep ngalor’ kalebet jinis *klausu* kahanan amargi inti saking *klausu* nerangaken kahanan tartamtu lan inti saking *klausu* menika saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ dados ‘ora madhep Ngalor’ ugi saged sinambung kaliyan tembung ‘sing’ dados ‘sing madhep Ngalor’ utawi ‘sing wis madhep Ngalor’. Pisuhan ‘wudele wis madhep ngalor’ saged kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi ‘wudele’ minangka jejer lan tembung ‘wis madhep ngalor’ minangka wasesa.

Wudele wis madhep ngalor

J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika kahanan tartamtu. *Referen* saking ‘wudele wis madhep ngalor’ wonten *konteks* dipuntegesi kanthi *metaforis*, inggih menika boten ateges wudelipun tiyang madhep ngaler, ananging *klausa* menika ateges tiyang ingkang menawi sampun gadhah pepenginan kedah keturutan lan sedaya ingkang dipunngendikaaken tiyang sanes boten dipunpitados. Sukro ngendika dhateng Nini Jemu supados piyambakipun boten udud malih amargi saweg gerah lan ugi amargi piyambakipun sampun sepuh, ananging Nini Jemu malah ngendika bilih piyambakipun langkung milih boten dhahar dipunbadhing boten udud malih. Saking pacelathon kekalihipun Sukro mangkel dhateng Nini Jemu satemah ngendika bilih wudele sampun madhep Ngaler sampun boten saged digantos madhep Ngidul.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘wudele wis madhep ngalor’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud *klausa* ‘wudele wis madhep Ngalor’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Sukro dhateng Nini Jemu amargi boten purun dipun-ngendikani supados boten udud amargi saweg gerah lan sampun sepuh ananging Nini Jemu malah ngeyel.

(b) Pisuhan Awujud Klausa Kriya

Wonten ing Lawakan Curanmor menika kapanggihaken pisuhan awujud *klausa* ingkang jinisipun kriya kanthi *referen* nama kewan saha *aktivitas* tartamtu.

1) Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen* Nama Kewan

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen* nama kewan namung dipunpanggihaken setunggal jinis inggih menika pisuhan kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi nama kewan kangge ngandharaken raket ing sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Nalika garwa kakung kailyan garwa estri mlampah-mlampah wonten ing

Teluk Penyu, garwa estri mlampahipun ketilaran wonten wingking.

(64) Garwa kakung: “Mak-mamake kuwe anger mlaku mandan cepet jajal, **mlaku kaya bulus**, engkad-engkod ora gutul-gutul!”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 27, THR)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan inggih menika ‘mlaku kaya bulus’ kalebet *klausa*. *Klausa* ‘mlaku kaya bulus’ kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan kaliyan tiyang sanes.

Wonten ing pisuhan menika kewan bulus ingkang mlampahipun alon sanget sanget dipunsamiaken kaliyan cara mlampahipun mitra tutur, satemah pisuhan menika kalebet jinis *klausa* kriya.

Pisuhan ‘mlaku kaya bulus’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa*. Wonten ing *klausa* menika tembung ‘mlaku’ menika minangka wasesa lan tembung ‘kaya bulus’ minangka lesan.

Mlaku kaya bulus

W L

Referen saking pisuhan menika inggih menika namaning kewan. *Referen* saking ‘mlaku kaya bulus’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking pisuhan menika

caranipun mlampah kados kewan rumangkang bangsanipun penyu ingkang gesang wonten dharat. Wonten ing *konteks* menika tiyang ingkang dipunsamikaken kaliyan mlampahipun bulus inggih menika mamake/ garwa estri. Garwa kakung ngendika dhateng garwa estrinipun menawi mlampah kados bulus nalika saweg mlampah-mlampah wonten ing Teluk Penyu, tembung menika dipunandharaken sanes kangge ngina ananging namung kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawis kekalihipun amargi dipunandharaken kanthi gojegan.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausula* ‘mlakune kaya bulus’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud *klausula* ‘mlakune kaya bulus’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawisipun garwa kakung kaliyan garwa estrinipun nalika saweg mlampah-mlampah wonten Teluk Penyu amargi dipunandharaken kaliyan gojegan.

2) Pisuhan Awujud *Klausula* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu

Pisuhan awujud *klausula* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu dipunpangguhaken enem jinis inggih menika pisuhan kangge ngandharaken raos kuciwa, jengkel, duka, raket ing sesambetan, ngina, lan gumun.

(a) Pisuhan Awujud *Klausula* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Kuciwa

Pisuhan awujud *klausula* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Sukarni kuciwa nalika ngertos bilih buku ingkang dipunampili petugas perpustakaan kanyata buku telpon ingkang isinipun namung nomer-nomer telpon.

(65) Sukarni: “Ora mikir, **buthake thok sing diambani!**”
(Data 4, MP3 Curanmor No. 23, Nyelang Buku)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken pisuhan awujud *klausu* ‘buthake thok sing diambani’. *Klausu* ‘buthake thok sing diambani’ kalebet pisuhan amargi tembung ‘buthak’ menika kalebet tembung ingkang gadhah raos kasar nalika katuju donten ing tiyang sanes, menapa malih tembung buthak taksih dipuntambahi kanthi tembung ‘diambani’ ateges nyangetaken buthakupun. Kejawi menika *klausu* ‘buthake thok sing diambani’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* kriya amargi ngandharaken *aktivitas* tartamtu inggih menika nambahi wiyar buthak menika. Pisuhan menika namung dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng mitra tutur.

Pisuhan ‘buthake thok sing diambani’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung ‘buthake thok’ menika minangka jejer lan tembung ‘sing diambani’ minangka wasesa.

Buthake thok sing diambani

J W

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* saking ‘buthake thok sing diambani’ menika nedhahaken bilih *acuan* saking *klausu* menika ngandharaken saking *aktivitas* ingkang dipunlampahi kaliyan tiyang ingkang sampun buthak kangge damel langkung wiar buthakupun. Wonten ing *konteks* tuturan *klausu* menika dipuntegesi kanthi *metaforis* inggih menika

boten dipuntegesi salimrahipun ananging ateges bilih mitra tuturipun nyambut damelipun ngawuran. Sukarni getun kaliyan petugas perpustakaan amargi nalika Sukarni ngampil buku wonten ing perpustakaan malahan dipunampili buku telpon ingkang lebetipun namung angka-angka. Kangge ngandharaken raos getun menika Sukarni ngenyek petugas perpustakaan kanthi ngendika bilih ‘buthake thok sing diambani’.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘buthake thok sing diambani’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud *klausa* ‘buthake thok sing diambani’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa Sukarni dhateng petugas perpustakaan amargi dipunampili buku telpon kaliyan petugas perpustakaan ingkang isinipun namung nomer-nomer telpon.

Pisuhan awujud *klausa* kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa putra boten purun mbiyantu garwa estri punapa-punapa nalika garwa estrinipun saweg kathah pedamelan wonten dalem.

(66) Garwa estri: “Ngapa-ngapa ora gelem **kepriwe karepe rika?**”
(Data 9, MP3 Curanmor No. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud pitakenan. Pisuhan menika wujudipun *klausa* ‘kepriwe karepe rika?’. *Klausa* ‘kepriwe karepe rika?’ kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa dhateng mitra tutur.

Klausu ‘kepriwe karepe rika?’ kalebet *klausu* kriya. *Klausu* ‘kepriwe karepe rika?’ kalebet *klausu* kriya amargi kangge ngandharaken *aktivitas* tartamtu ingkang dipunkajengaken dipunkajengaken kaliyan mitra tuturipun.

Pisuhan ‘kepriwe karepe rika’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung ‘kepriwe’ menika minangka wasesa lan tembung ‘karepe rika’ minangka lesan.

Kepriwe karepe rika

W L

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* saking ‘kepriwe karepe rika’ menika salah setunggal pisuhan ingkang wujudipun pitakenan nalika emosi ingkang tegesipun nyuwun pirsu kados pundi ingkang dipunkajengaken mitra tutur. Wonten ing *konteks* pisuhan awujud *klausu* ‘kepriwe karepe rika’ menika dipuntujokaken dhateng mitra tuturipun amargi raos getunipun panatur. Garwa estri minangka panatur getun dhateng sisihanipun amargi boten nate purun mbiyantu sedaya pedamelan wonten ing dalem, dipunsuwun ngemong putranipun boten purun, dipunsuwun ndandosi lampu boten purun, dipunsuwun ndandosi panci ugi boten purun, dipunsuwun ndandosi sanesipun ugi boten nateendheng punapa malih, malahan mangsuli bilih piyambakipun sanes tukang lampu, sanes tukang panci, lan sanes tukang ngleresaken gendheng. Garwa estri ngraos kuciwa kaliyan sisihanipun nalika boten purun paring pambiyantu sedaya pedamelan wonten dalem.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausu* ‘kepriwe karepe rika’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud *klausu* ‘kepriwe karepe rika’ menika dipun-ginakaken kangge

ngandharaken raos kuciwa dhateng garwa kakungipun amargi boten purun mbantu garwa estri napa-napa, malahan menawi dipunuwun tulung malah mangsuli bilih piyambakipun sanes tukang.

Pisuhan awujud *klausa* kanthi *referen* tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kakine seda ketabrak trek nalika badhe dolan wonten alun-alun, sedinten bibaripun Dewa Pencabut Nyawa njanjeni bilih yuswanipun badhe dipuntambah selangkung tahun malih.

(67) Kakine: “Kowe kuwe lambe wis ora kena diendel, **lambene ngathus!**”
(Data 9, MP3 Curanmor No. 1, Aku Dudu Tukang)

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa* ‘lambene ngathus’. *Klausa* ‘lambene ngathus’ kalebet pisuhan amargi karaos kasar lan ugi amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos getun dhateng mitra tutur.

‘Lambene ngathus’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘lambene’ menika minangka jejer lan tembung ‘ngathus’ minangka wasesa.

Lambene ngathus

J W

‘Lambene ngathus’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Lambene ngathus’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘ngathus’ tegesipun ngendika, ananging ngendika ingkang boten saged dipunpitados.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. ‘Lambene ngathus’ menika Salah setunggal pisuhan ingkang tegesipun tiyang ingkang ngendikanipun boten saged dipercaya. Wonten ing *konteks* pisuhan awujud *klausula* ‘lambene ngathus’ menika dipuntujokaken dhateng mitra tuturipun amargi raos getunipun panutur. Kakine getun nalika Dewa Pencabut Nyawa nyabut nyawanipun sabibaripun dipunjanjeni bilih nyawane badhe dipuntamba selangkung tahun kaliyan Dewa Pencabut Nyawa. Nyatanipun tembe sedinten awit saking dinten kakine dipunjanjeni kaliyan Dewa menika, nalika kakine badhe dolan dhateng alun-alun malah ketabrak trek. Wekdal menika Dewa Pencabut Nyawa rawuh malih kepanggih kakine, lan gumun amargi dipundukani kaliyan kakine. Sejatosisipun Dewa Pencabut Nyawa boten mblanjani janjinipun ananging piyambakipun boten ngertos bilih tiyang ingkang dipunpendhet nyawane menika kakine ingkang sampun oprasi plastik satemah Dewa Pencabut Nyawa pangling.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausula* ‘lambene ngathus’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan awujud *klausula* ‘lambene ngathus’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa kakine dhateng Dewa Pencabut Nyawa amargi Dewa Pencabut Nyawa mblanjani janjinipun bilih badhe nambah yuswanipun selangkung tahun, ananging malah kakine tembe dinten ingkang kapisan sampun ketabrak trek satemah seda awit saking pelantaran menika.

(b) Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Jengkel

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Garwa estri jengkel nalika dipunarani maringi dhahar cliring dhateng putranipun kaliyan garwa kakungipun.

(68) Kakine: “Ra **ra mendelik rika matane ya ya?**”

(Data 6, MP3 Curanmor No. 1, Aku Dudu Tukang)

Klausa ‘ra mendelik rika matane ya’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* pitakenan. Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa* ‘ra mendelik rika matane ya’. *Klausa* ‘ra mendelik rika matane ya’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* pitakenan ingkang karaos kasar lan ugi amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel dhateng mitra tutur.

‘Ra mendelik rika matane ya’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘ra mendelik’ menika minangka wasesa lan tembung ‘rika matane ya’ minangka lesan.

Ra mendelik rika matane ya
W L

‘Ra mendelik rika matane ya’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Ra mendelik rika matane ya’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘ra mendelik’ tegesipun mboten ningali ingkang ngandharaken jinising *aktivitas* saking tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. ‘Ra mendelik rika matane ya’ menika Salah setunggal pisuhan ingkang tegesipun

boten ngginakaken netranipun kangge ningali ingkang dipuntujokaken dhateng mitra tutur. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *klausa* menika dipun-ginakaken garwa estri dhateng garwa kakung nalika garwa kakung ngendika bilih putranipun dipunparingi dhahar cliring, satemah swantenipun nalika nangis sero banget kados swanten cliring, kamangka piyambakipun ningali menawi garwa estrinipun saweg nyusoni putranipun ingkang taksih bayi. Amargi garwa kakung ngendika kados mekaten, garwa estri jengkel dhateng garwa kakungipun.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘ra mendelik rika matane ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘ra mendelik rika matane ya’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel garwa estri dhateng sisihanipun amargi sampun dipunwastani maringi dhahar cliring dhateng putranipun satemah swantenipun kados cliring nalika nangis, kamangka garwa kakung ugi ningali bilih garwa estrinipun saweg nyusoni.

Pisuhan awujud *klausa* kanyhi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Yugo dipundhawuhi nyolong krambil wonten wit krambilipun tanggane kaliyan mamakipun ananging dhawuhipun boten cetha.

(69) Yugo: “Lha mulane sing endi? **Balang nganggo klapa rika** ya.”
(Data 2, MP3 Curanmor No. 4, Anak Nurut Maring Mamake)

‘Balang nganggo klapa rika ’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa*. Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa*

'balang nganggo klapa rika'. *Klausu* 'balang nganggo klapa rika' kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel dhateng mitra tutur.

'Balang nganggo klapa rika' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung 'balang nganggo klapa' menika minangka wasesa lan tembung 'rika' minangka lesan.

Balang nganggo klapa rika

W L

'Balang nganggo klapa rika' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya. 'Balang nganggo klapa rika' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya amargi intinipun *klausu* inggih menika tembung 'balang nganggo klapa' mliginipun wonten ing tembung 'balang' ngandharaken *aktivitas* saking tiyang.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen klausu* 'balang nganggo klapa rika' menika Salah setunggal pisuhan ingkang gadhah teges *salatenipun*, ateges makna dipuntegesi kanthi teges *denotatif*. *Klausu* menika dipun-ginakaken Yugo dhateng mitra tuturipun kangge ngandharaken raos mangkel. Yugo mangkel dhateng mamake nalika Yugo dipundhawuhi nyolong klapa, amargi nalika Yugo sampun menek dumugi nginggil nalika piyambakipun nyuwun pirsu dhateng mamakipun klapa ingkang pundi ingkang badhe dipunpet, mamake ngendika bilih klapa ingkang kedah dipunpetik ingkang majeng ngaler, amargi ngendikanipun Yugo bilih klapa menika majeng nginggil boten wonten ingkang majeng ngaler. Yugo mangkel dhateng mamakipun nalika wonten nginggil saweg methik klapa, satemah badhe *mbalang* mamake ngginakaken klapa.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘balang nganggo klapa rika’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘balang nganggo klapa rika’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos jengkel Yugo dhateng mamakipun amargi suka dhawuh methik klapa ananging boten cetha.

(c) Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Duka

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Ibu penumpang angkotan kota nalika sareng kaliyan putranipun dipuntakeni "ngasta napa" kaliyan kenet angkotan kota, kamangka piyambakipun sareng kaliyan putranipun.

(70) Ibu penumpang: “**Rika matane ora melek** apa kepriwe?”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 2, Anak Elek)

‘Rika matane ora melek’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa*. Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa* ‘rika matane ora melek’. *Klausa* ‘rika matane ora melek’ kalebet pisuhan amargi karaos kasar lan ugi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tutur.

‘Rika matane ora melek’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘rika mate’ menika minangka jejer lan tembung ‘ora melek’ minangka wasesa.

Rika matane ora melek

J W

‘Rika matane ora melek’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Rika matane ora melek’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘ora melek’ ngandharaken *aktivitas* saking tiyang ingkang boten mbikak netranipun utawi tegesipun boten ningali.

Referen saking pisuhan menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen klausa* ‘rika matane ora melek’ menika perangan badhan awujud netra ingkang boten dipunbikak. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *klausa* menika ipuntegesi kanthi *metaforis* inggih menika ateges tiyang ingkang boten ningali. Ibu penumpang angkotan umum duka dhateng kenet angkotan amargi kenet angkotan ingkang ngendika “kuwe rika nggawa apa?” kamangka menika kaliyan putranipun. Lajeng kenet angkotan ngenyek bilih lare menika lare ingkang paling elek ingkang nate dipunpanggihi seumur-umur. Awit saking menika ibu penumpang duka sanget kaliyan kenet angkotan kota menika.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘rika matane ora melek’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘rika matane ora melek’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka penumpang angkotan kota dhateng kenet nalika dipuntakeni "Kuwe rika nggawa apa?" kaliyan kenet angkota kamangka sejatosipun sareng kaliyan putranipun.

Pisuhan awujud *klausa* kriyan kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka sanesipun saged dipuntingali wonten pethikan menika.

Konteks: Anang nesu dhateng Krisdayanti, amargi nembang kemala ananging swantenipun boten cetha.

(71) Anang: “Pengen **tek kethok lambene** apa?”

(Data 4, MP3 Curanmor No. 14, Gemblung Nyanyi)

‘Tek kethok lambene’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausu* ingkang jinisipun kriya amargi tembung ‘tek kethok lambene’ negesaken lumakuning kahanan lan saged dinegatifaken satemah dados tembung ‘ora tek kethok lambene’

Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausu* ‘tek kethok lambene’. *Klausu* ‘tek kethok lambene’ kalebet pisuhan amargi karaos kasar lan ugi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tutur.

‘Tek kethok lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung ‘tek kethok’ menika minangka wasesa lan tembung ‘lambene’ minangka lesan.

Tek kethok lambene
W L

‘Tek kethok lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya. ‘Tek kethok lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya amargi intinipun *klausu* inggih menika tembung ‘tek kethok’ kangge ngandharaken *aktivitas* tiyang dhateng mitra tuturipun.

Referen saking pisuhan ‘tek kethok lambene’ menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut ateges bilih Anang badhe ngiris lathinipun Krisdayanti ngangge *alat*. *Klausu* menika boten dipuntegesi salimrahipun

ananging dipunandharaken Anang dhateng Krisdayanti namung kangge ngandharaken raos duka supados Krisdayanti boten nembang kemala.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘tek kethok lambene’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘tek kethok lambene’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka Anang dhateng Krisdayanti amargi Krisdayanti nembang kemala, satemah Anang ngraos brisik sanget.

(d)Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raketing Sesambetan

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raketing sesambetan saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

*Konteks:*Supir angkotan dipuncritani kaliyan ibu penumpang menawi piyambakipun saweg mangkel dhateng kenet angkotan amargi putranipun dipundhawuhi mbucal wonten ing wadhah uwuh.

(72)Supir angkotan: “Omeih bae kae, **tampongi bae lambene** !”
(Data 6, MP3 Curanmor No. 2, Anak Elek)

‘Tampongi bae lambene’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* ingkang jinisipun kriya. Pisuhan menika kalebet *klausa* kriya amargi tembung ‘tampongi bae lambene’ negesaken nindhakaken pakaryan. Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa* ‘tampongi bae lambene’. *Klausa* ‘tampongi bae lambene’ kalebet pisuhan amargi karaos kasar lan ugi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos duka dhateng mitra tutur.

‘Tampongi bae lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘rika mate’ menika minangka jejer lan tembung ‘ora melek’ minangka wasesa.

Tampongi bae lambene
W L

‘Tampongi bae lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Tampongi bae lambene’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘tampongi’ kangge ngandharaken *aktivitas* tiyang dhateng mitra tuturipun.

Referen saking pisuhan ‘tampongi bae lambene’ menika inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut ateges bilih penumpang angkotan dipundhawuhi mukul athinipun kenet angkotan. Tiyang ingkang ndhawuhi inggih menika supir angkotanipun, piyambakipun ngendika kados mekaten dhateng ibu penumpang kangge ngadharaken raket ing sesambetan antawisipun sopir kaliyan penumpang supados ngraos dipunbela.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘tampongi bae lambene’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘tampongi bae lambene’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan supir angkotan kota kaliyan penumpangipun nalika supir angkotan kota dipuncritani kaliyan Salah setunggal penumpang bilih putranipun sampun dipunenyek dhateng kenet.

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raket ing sesambetan sanesipun saged dipuntingali wonten pethikan menika.

Konteks: "Y" ngajak "X" munggah lewat tangga darurat amargi lif hotel risak, ananging "X" ingkang sukunipun pengkrang malah nyuwun dipungendhong kaliyan "Y".

(73) "Y" : "Gelem ya ayuh, ora gelem ya **tek gered karo tumbang!**"
(Data 3, MP3 Curanmor No. 11, Cerita Sedih)

'Tek gered karo tumbang' kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* ingkang jinisipun kriya. Pisuhan menika kalebet *klausa* kriya amargi tembung 'tek gered karo tumbang' negesaken nindhakaken pakaryan. Wonten ing pethikan nginggil kapanggihaken tembung pisuhan awujud *klausa* 'tek gered karo tumbang'. *Klausa* 'tek gered karo tumbang' kalebet pisuhan amargi karaos kasar, karaos kasar amargi biasanipun ingkang dipungered kaliyan tumbang menika lembu, ananging wonten ing *konteks* menika dipun-ginakaken kangge dipuntujokaken dhaten tiyang. salajengipun ugi kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan kaliyan tiyang sanes.

'Tek gered karo tumbang' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung 'tek gered' menika minangka wasesa lan tembung 'karo tumbang' minangka lesan.

Tek gered karo tumbang
W L

'Tek gered karo tumbang' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. 'Tek gered karo tumbang' kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis

kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘tek gered’ kangge ngandharaken *aktivitas* tiyang dhateng mitra tuturipun.

Referen saking pisuhan ‘tek gered karo tambang’ menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut ateges bilih “X” badhe dipungered ngginakaken tambang kados kewan lembu kaliyan “Y”. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *klausa* pisuhan menika boten dipuntegesi salimrahipun ananging dipuntegesi bilih “X” kedah purun minggah wonten kamar hotel lantai 99 liwat tangga amargi lif hotelipun risak. Sejatosisipun “X” boten purun minggah liwat tangga amargi sukunipun pengkrang, lan piyambakipun nyuwun dipungendhong kaliyan “Y”. “Y” ingkang sampun akrab sanget kaliyan “X” ngajak nglewehi “X” bilih piyambakipun badhe dipungered menawi boten purun minggah tangga piyambak.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘tek gered karo tambang’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘tek gered karo tambang’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raket ing sesambetan “Y” dateng “X” nalika “X” nyuwun gendhog dhateng “Y” kangge minggah hotel lantai 99 liwat tangga darurat amargi lif hotel saweg risak.

(e) Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Ngina

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos ngina saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Tukang fotokopin ngenyek Dhawijo amargi mesin fotokopi dipunwastani kulkas.

(74) Tukang fotokopi: “Bocah angger gedhene **disusoni nang wit randhu** kaya kuwe kasile kuwe.”
(Data 1, MP3 Curanmor No. 5, Aslinya mana)

‘Disusoni nang wit randhu’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* kanthi jinis kriya. Pisuhan menika kalebet *klausa* kriya amargi tembung ‘disusoni nang wit randhu’ negesaken lumakuning kahanan. *Klausa* ‘disusoni nang wit randhu’ kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina dhateng mitra tutur.

‘Disusoni nang wit randhu’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘disusoni’ menika minangka wasesa lan tembung ‘nang wit randhu’ minangka lesan.

Disusoni nang wit randhu
W L

‘Disusoni nang wit randhu’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Disusoni nang wit randhu’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘disusoni’ kangge ngandharaken *aktivitas* tiyang dhateng mitra tuturipun.

Referen saking pisuhan ‘disusoni nang wit randhu’ menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut tegesipun dipunagenaken wonten ing alas satemah ASI nipun saking wit randhu. Amargi dipunwastani dipunsusoni kaliyan wit randhu, kanthi implisit tegesipun tiyang menika tiyang ingkang bodho amargi ASI saking ibu panci saged damel pinter ingkang putra. Nalika dipungayutaken kaliyan

konteks, pisuhan awujud *klausa* ‘disusoni nang wit randhu’ tegesipun tiyang ingkang bodho amargi mastani mesin fotokopi menika kulkas.

Miturut *konteks* tuturang ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘disusoni nang wit randhu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina dhateng mitra tutur. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘disusoni nang wit randhu’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos ngina tukang fotokopi dhateng Dhawijo ingkang mastani mesin fotokopi kanthi sebutan kulkas.

(f) Pisuhan Awujud *Klausa* Kriya kanthi *Referen Aktivitas* Tartamtu kangge Ngandharaken Raos Gumun

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos gumun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Kaki Blewung boten purun ngurubaken motoripun nalika lampu bangjo sampun werni ijem, ananging ngendikanipun badhe dipunurubaken nalika lampu lalulintas gantos werni biru.

(75) Polisi Lalulintas: “O... rika mbok arep ngenteni nang kene nganti **motore manak** ora bakal biru lampune.”

(Data 4, MP3 Curanmor No. 15, Kaki Blewung)

‘Motore manak’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausa* kanthi jinis kriya. Pisuhan menika kalebet *klausa* kriya amargi tembung ‘motore manak’ negesaken lumakuning kahanan. *Klausa* ‘motore manak’ kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun dhateng mitra tutur.

‘Motore manak’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* amargi tembung ‘motore’ menika minangka jejer lan tembung ‘manak’ minangka wasesa.

Motore manak
J W

‘Motore manak’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya. ‘Motore manak’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausa* jinis kriya amargi intinipun *klausa* inggih menika tembung ‘manak’ kangge ngandharaken Salah setunggaling jinis *aktivitas* inggih menika ngedalaken anak.

Referen saking pisuhan ‘motore manak’ menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut tegesipun piranti transportasi kanthi roda kalih ingkang saged gadhah putra. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks* pisuhan, tembung *klausa* ‘motore manak’ boten ateges salimrahipun amargi boten mungkin motor saged kagungan putra, ananging *klausa* menika ateges babagan ingkang mokal menawi lampu bangjo murubipun werni biru. Polisi Lalulintas gumun kaliyan Kaki Blewung nalika wonten ing prapatan bangjo boten purun nglampahaken motoripun saderengipun warna favoritipun murub inggih menika werni biru.

Miturut *konteks* tuturan ingkang ngemu pisuhan awujud *klausa* ‘motore manak’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun dhateng mitra tutur. Pisuhan awujud *klausa* pitakenan ‘motore manak’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun Polisi Lalulintas dhateng Kaki Blewung nalika saweg wonten lampu bangjo amargi boten purun nglampahaken motoripun nalika lampu werni ijem saha nengga lampu lalulintas wernipun gantos biru.

Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos gumun sanesipun saged dipuntingali wonten ing pethikan menika.

Konteks: Wonten ing pasarean, kancanipun dokter jantung ingkang saweg layat nggujeng cekakakan.

(76)Tiyang lelayu: “**Lambene diatur** mas, wong lagi ana wong mati koh malah cekakakan!”

(Data 1, MP3 Curanmor No. 20, Matine Dokter Jantung)

‘Lambene diatur’ kalebet pisuhan ingkang wujudipun *klausu* kanthi jinis kriya. Pisuhan menika kalebet *klausu* kriya amargi tembung ‘lambene diatur’ negesaken lumakuning kahanan. *Klausu* ‘lambene diatur’ kalebet pisuhan amargi dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun dhateng mitra tutur.

‘Lambene diatur’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* amargi tembung ‘lambene’ menika minangka jejer lan tembung ‘diatur’ minangka wasesa.

Lambene diatur

J W

‘Lambene diatur’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya. ‘Lambene diatur’ kalebet pisuhan ingkang awujud *klausu* jinis kriya amargi intinipun *klausu* inggih menika tembung ‘diatur’ kangge ngandharaken Salah setunggaling jinis *aktivitas* tiyang ingkang dipuntujokaken kangge mitra tuturipun.

Referen saking pisuhan ‘lambene diatur’ inggih menika *aktivitas* tartamtu. *Referen* kasebut tegesipun peranganing badhan ingkang dipun-ginakaken kangge ngendika dipundhawuhi supados dipunteta dipunpranata. Menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, *klausu* menika boten dipuntegesi salimrahipun ananging dipuntegesi ngendikanipun ingkang kedah dipunteta, ngendikanipun kedah ngertos papan saha kahanan. Tiyang ingkang saweg lelayu gumun dhateng Salah setunggal kancanipun *almarhum* ingkang ugi dados dokter, amargi kancanipun almarhum nggugeng cekakakan wonten ing pasarean nalika kahanan saweg sedhah. Tiyang ingkang lelayu sami gumun dhateng kancanipun almarhum

menika, amargi boten ngertos kahanan ingkang saweg sedhik malahan nggugeng cekakakan.

Miturut *konteks* tuturang ingkang ngemu pisuhan awujud *klausula* ‘lambene diatur’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun dhateng mitra tutur. Pisuhan awujud *klausula* pitakenan ‘lambene diatur’ menika dipun-ginakaken kangge ngandharaken raos gumun tiyang ingkang saweg lelayu amargi kancanipun dokter jantung nggugeng sero sanget wonten ing pasarean.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor, saged dipunpendhet dudutan. Dudutan ingkang dipunpanggihaken menika gayut kaliyan wujud, *referen*, saha ancas pisuhan ing Lawakan Curanmor. Dudutan kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Pisuhan Awujud Tembung Lingga

Pisuhan salebeting Lawakan Curanmor ingkang awujud tembung lingga kaperang dados tembung aran, kahanan, saha tembung kriya. Pisuhan tembung lingga aran gadhah *referen* nama kewan, perangan badhan, lan jinis lembut. Pisuhan tembung lingga aran kanthi *referen* nama kewan ancasipun kangge ngandharaken raos jengkel, kuciwa, lan raking sesambetan. Pisuhan tembung lingga aran kanthi *referen* perangan badhan ancasipun kangge ngandharaken raking sesambetan lan raos jengkel. Pisuhan tembung lingga aran kanthi *referen* jinising lembut ancasipun kangge ngandharaken raos kuciwa. Pisuhan tembung lingga kahanan gadhah *referen* kahanan tiyang saha perangan badhan. Pisuhan tembung lingga kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang ancasipun kangge ngandharaken raos duka, jengkel, raking sesambetan, saha ngina. Pisuhan tembung lingga kahanan kanthi *referen* perangan badhan ancasipun kangge ngandharaken raos ngina. Salajengipun pisuhan tembung lingga kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka, kuciwa, saha jengkel.

2. Pisuhan Awujud Tembung Andhahan

Pisuhan salebeting Lawakan Curanmor ingkang awujud tembung andhahan kaperang dados tembung andhahan ater-ater, andhahan seselan, andhahan panambang, andhahan campuran, tembung rangkep, tembung wancah, lan tembung camboran.

Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinisipun wonten kalih inggih menika tembung kahanan lan tembung kriya. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kahanan gadhah *referen* perangan badhan kangge ngina tiyang. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya gadhah *referen* perangan badhan saha *aktivitas* tartamtu. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kriya kanthi *referen* perangan badhan ancasipun kangge ngandharake raos duka. Pisuhan awujud tembung andhahan ater-ater jinis kanthi *referen aktivitas* tartamtu ancasipun kangge ngandharaken raos duka, jengkel, lan ngina.

Pisuhan awujud tembung andhahan seselan. Pisuhan awujud tembung andhahan seselan jinisipun tembung kahanan lan kriya. Pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang jinisipun tembung kahanan gadhah *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung andhahan seselan ingkang jinisipun tembung kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka.

Pisuhan awujud tembung andhahan panambang. Pisuhan awujud tembung andhahan panambang namung dipunpangguhaken setunggal jinis, inggih menika

jinis tembung tembung aran. Pisuhan awujud tembung andhahan panambang aran gadhah *referen* nama barang ancasipun kangge ngina.

Pisuhan awujud tembung andhahan campuran. Pisuhan awujud tembung andhahan campuran dipunpangguhaken setunggal jinis inggih menika jinis kriya. Pisuhan awujud tembung andhahan campuran kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos jengkel.

Pisuhan awujud tembung rangkep. Pisuhan awujud tembung rangkep dipunpangguhaken kalih jinis inggih menika jinis kahanan lan kriya. Pisuhan awujud tembung rangkep kahanan gadhah *referen kahanan* tiyang kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung rangkep kriya gadhah *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos duka lan raos jengkel.

Pisuhan awujud tembung wancah. Pisuhan awujud tembung wancah namung dipunpangguhaken setunggal jinis inggih menika jinis aran. Pisuhan awujud tembung wancah jinis aran gadhah *referen* perangan badhan kangge ngandharaken raos ngina.

Pisuhan awujud tembung camboran. Pisuhan awujud tembung camboran namung dipangguhaken setunggal jinis inggih menika jinis aran. Pisuhan awujud tembung camboran jinis aran gadhah *referen* jinis lelembut saha nama dhaharan. Pisuhan awujud tembung camboran aran kanthi *referen* jinis lelembut dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud tembung camboran aran kanthi *referen* nama dhaharan kangge ngandharaken raos ngina.

3. Pisuhan Awujud *Frasa*

Pisuhan salebeting Lawakan Curanmor ingkang awujud *frasa* dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika jinis *frasa* aran lan *frasa* kahanan. Pisuhan awujud *frasa* aran gadhah *referen* nama dhaharan, nama kewan, pedamelan, kahanan tiyang, nama barang, raketing sesambetan, panggenan, lan jinis lembut. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* nama dhaharan kangge ngandharaken raos duka. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* nama kewan kangge ngandharaken raos ngina. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* pedamelan kangge ngandharaken raos ngina lan raos duka. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos duka, getun, ngina, lan jengkel. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* nama barang kangge ngandharaken raketing sesambetan. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* raketing sesambetan kangge ngandharaken raos jengkel lan raketing sesambetan. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* panggenan kangge ngandharaken raos gumun lan raos jengkel. Pisuhan awujud *frasa* aran kanthi *referen* jinis lembut kangge ngandharaken raos gumun.

Pisuhan awujud *frasa* jinis kahanan. Pisuhan awujud *frasa* jinis kahanan gadhah *referen* kahanan tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa lan raos gumun.

4. Pisuhan Awujud *Klausa*

Pisuhan salebeting Lawakan Curanmor ingkang awujud *klausa* dipunpanggihaken kalih jinis inggih menika jinis *klausa* kahanan lan *klausa* kriya. Pisuhan awujud *klausa* kahanan. Pisuhan awujud *klausa* kahanan gadhah *referen*

kahanan tiyang lan kahanan tartamtu. Pisuhan awujud *klausa* kahanan kanthi *referen* kahanan tiyang kangge ngandharaken raos ngina, duka, lan gumun. Pisuhan awujud *klausa* kahanan kanthi *referen* kahanan tartamtu kangge ngandaraken raos kuciwa lan raos jengkel.

Pisuhan awujud *klausa* kriya. Pisuhan awujud *klausa* kriya gadhah *referen* nama kewan lan *aktivitas* tartamtu. Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen* nama kewan kangge ngandharaken raking sesambetan. Pisuhan awujud *klausa* kriya kanthi *referen aktivitas* tartamtu kangge ngandharaken raos kuciwa, raos jengkel, raos duka, raking sesambetan, kangge ngina, lan raos gumun.

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag babagan pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor. Asiling panaliten menika kapanggihaken pinten- pinten wujud, *referen* saha ancas saking pisuhan wonten ing *konteks* lawakan. Panaliten menika dipunkajengaken saged kangge mangertos babagan ragam basa mliginipun babagan basa pisuhan ingkang kedah dipunicali wonten ing pagesangan padintenan. Panaliten menika ugi saged dados *referensi* kangge panaliten sanesipun ngengingi babagan sosiolinguistik, mliginipun basa pisuhan wonten ing *Dialek Banyumas*.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling implikasi panaliten wonten ing inggil, panaliti badhe ngandharaken pamrayogi. Pamrayogi kasebut inggih menika.

1. Asiling panaliten menika ngandharaken babagan wujud, *referen*, saha ancas pisuhan wonten ing Lawakan Curanmor. Panaliten menika minangka kajian sociolinguistik saged dipun-ginakaken kangge sinau babagan ragam bahasa mliginipun basa pisuhan wonten ing *Dialek* Banyumas. Menawi sampun mangertos basa pisuhan menika, dipunkajengaken pamaos saged ngicalaken basa pisuhan ing pagesangan padintenan lan nggantos basa pisuhan kaliyan basa ingkang langkung sae.
2. Panaliten ingkang ngrembag babagan pisuhan ingkang dipunanggep saru salebeting masarakat taksih kathah ingkang saged dipuntaliti. Mliginipun kangge mahasiswa supados saged naliti babagan sanes saking pisuhan kados dampak sosial saking panganggening basa pisuhan ing masarakat.

KAPUSTAKAN

- Chaer, A dan Agustina, L. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- _____. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: U.P. Indonesia.
- Mauna, Vina. 2013. *Pisuhan Abasa Jawa Salebeting Film Punk In Love*. Skripsi S1. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Moeliono, Anton M. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Cetakan Pertama. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- Moleong, Lexy, J. 1998. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya.
- Mulyana. 2007. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- _____. 2004. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nababan. 1991. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik. Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nurhidayati, E & Mulyani, S. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Poerwadarminta, WJS .1939. *Baoesartra Djawa*. Batavia: J.B Wolters Uitgevers Maatshappij.
- Ramlan. 1983. *Ilmu Bahasa Indonesia Sintaksis*. Yogyakarta: Karyono.
- Santoso, A.D. 2013. *Pisuhan Wonten ing Lawakan Rabies*. Skripsi S1. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Saptomo, S.W. 2001. *Makian dalam Bahasa Jawa*. Tesis S2. Yogyakarta: Program Pasca Sarjana Universitas Negeri Gajah Mada.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

- Soeparno. 2003. *Dasar-Dasar Linguistik*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya.
- Soewito.1983. *Pengantar Awal Sociolinguistik. Teori dan Problem*. Surakarta: Henary Offset.
- Sudarmo, Darminto. 2006. *How to Be A Good Comedian Mau Dong Jadi Pelawak*. Jakarta: Kombat.
- Sudaryanto. 2001. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1990. *Menguak Fungsi Hakiki Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Jurusan. 2013. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- _____. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Wardhaugh, Ronald. 1986. *An Introduction to Sociolinguistics*. Oxford: Basil Blackwell.
- Wedhawati dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wijana, I Dewa Putu, dan Muhammad Rohmadi. 2008. *Semantik Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.

LAMPIRAN

Tabel Analisis Wujud , Referen, saha Fungsi Pisuhan Salebeting Lawakan Curanmor

No	Konteks	Data	Wujud		Jinis										Referen										Ancas					Katrangan			
			tmb	f r l	k r h	a r h	k r u	w r c	w c m	n k b	p l h	d k t	k a p	n r p	r s g	d k k	j k c	g t m	g n r	r s													
1	2	3	4	5	6	7	8	9	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
1	Yugo ngelingaken ibunipun supados ngleresaken rekmanipun amargi kuwatos wonten ingkang ngertos nalika saweg nyolong kelapanipun tiyang.	“Kuwe rambute ditata dhisit, aja kaya landhak. ”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 3 MP3 Curanmor 4 • Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun. • Jinis aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ • <i>Referen</i> nama kewan kanthi wulu kaku lancip-lancip kados eri • Kangge ngandharaken raos jengkel Yugo amargi ajrih lan kuwatos nalika saweg umpetan wonten tiyang ingkang ngertos nalika saweg nyolong kelapa amargi rikmanipun ibunipun ingkang awud-awudan.
2	Rambo konangan dhateng bapakipun pacaripun amargi bapakipun pacaripun Rambo ingkang kagungan apotek nalika Rambo tumbas kondom.	“ Kampret kowe pancen!”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 3, MP3 Curanmor 7 • Tembung lingga dereng owah saking asalipun • Tembung aran amargi saged karaketan ‘dudu’ • <i>Referen</i> kewan bangsa lawa alit • Penjaga apotek kuciwa amargi pacaripun putrane inggih menika Rambo kanyata tiyang ingkang tumbas kondom kaliyan piyambakipun wonten ing apotek

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	
											1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	
											1	1	1	1	1	1	1	1	1	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	0	1	2	33
3	Ari nggleweh Bapakipun amargi Ibunipun dienyek kados kucrit.	“Biyungku kucrit ya ramaku clurut. ”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 7, MP3 Curanmor no. 21 • Tembung lingga amargi dereng ewah saking asalipun • Tembung aran amargi saged karaketan ‘dudu’ • <i>Referen</i> bangsa tikus ambunipun langu • Kangge ngandharaken raket ing sesambetan, amargi tuturan menika ancasipun kangge gojegan antawisipun Ari dhateng bapakipun nalika ibunipun dipunenyek kados kucrit.
4	Indra dipunimbali "Lek" dening kancanipun.	“Lak Lek Lak Lek..Ngun- dang sapa kowe? Kelek? ”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 7, MP3 Curanmor no 17 • Wujud tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Jinis tembung aran= boten saged sinambung kaliyan ‘ora’, ananging saged karaketan ‘dudu’ • <i>Referen</i> lekukaning cangklakan • Kangge ngandharaken raket ing sesambetan antawisipun Indra kaliyan kanca raketipun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	32	33	
5	Salah setengah saking pengunjung griya sakit nimbali suster kanthi suara ingkang soro sanget.	“Nek anu arep ngetokna bol kuwe aja kang cangkem, kang ngisor bae bole gole ngetokna pak!”																															33
6	Kunci kamar hotel ketilaran wonten mobil nalika sampun minggah tangga lantai 99.	“Oh... belis kowe pancen!”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 5, MP3 Curanmor 11 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung aran= saged karaketan ‘dudu’ • <i>Referen</i> setaningkan damel petenging manah tiyang • Kangge ngandharaken raos kuciwa kanca-kancanipun Samiran amargiSamiran nembe ngendika bilih kunci kamar hotel ketilaran nalika sedayanipun sampun dumugi lantai 99.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	10	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
7	Garwa kakung boten purun nalika dipunuwun ndandosi listrik kaliyan garwa estrinipun kanthi alasan bilih piyambakipun sanes tukang listrik.	“Nyong kon ndandani lampu mburi? Sori, gujis! ”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 9, MP3 Curanmor 1 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> tiyang ingkang kathah ngendika • Kangge ngandharaken raos duka garwa kakung dhateng garwa estrinipun amargi boten purun dipundhawuhi ndandosi lampu.
8	Pacaripun Rambo caket-caket terus kaliyan Rambo nalika wonten bapakipun pacaripun Rambo.	“Aja risik-risikan kaya kuwelah, nyong isin karo ramamu, gobel! ”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 2, MP3 Curanmor 7 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatif-aken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> bodho sanget • Ngandharaken raos jengkelipun Rambo dhateng pacaripun amargi nyaket terus kaliyan Rambo nalika wonten bapakipun pacaripun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	10	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
9	Anang brisik nalika Krisdayanti nembang terus lan swantenipun boten cetha.	“Oalah mubah...mubah guli mbiayani kowe les vokal, tambah dadi, dadi gemblung! ”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 1, MP3 Curanmor 14 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> tiyang edan • Kangge ngandharaken raos Anang mangkel dhateng Krisdayanti amargi brisik, Kridayanti nembang terus.
10	Nini Jemu dipungleweh wayahipun nalika badhe dibonceng nitih motor.	“Enyong wis cekelan kenceng banget, budheg! ”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 7, MP3 Curanmor 22 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> risak talinganipun satemah boten saged mireng • Nini Jemu mangkel dhateng wayahipun amargi dipungleweh nalika badhe dibonceng nitih motor wayahipun.
11	Peraturan FIFA(<i>Fenggemar Inti Fiala duniA</i>) ingkang dipundamel garwa kakung kangge garwa estrinipun kathah sanget lan boten pareng	“ Modyar mbok rika angger dadi bojone inyong?”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 2, MP3 Curanmor 25 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> seda • Garwa kakung gojek nalika

1	2	3	4	5	6	7	8	0	10	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
	dilanggar.																															<ul style="list-style-type: none"> • piyambakipun damel Peraturan FIFA(<i>Fenggemar Inti Fiala duniA</i>) inggih menika peraturan ingkang dipundamel garwa kakung lan kedah dipunlampahi kaliyan garwa estrinipun nalika saweg mriksani bola ing TV.
12	Polisi lalulintas maosaken waosan wonten ing plang	“Lurus jalan terus, bodhol! ”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 5, MP3 Curanmor 26 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> saking tembung bodho tegesipun sisah mangertos dhateng piwulang • Polisi lalulintas maosaken waosan wonten ing plang peraturan lalulintas saha ngina pangangge margi ingkang nglanggar peraturan lalulintas.
13	Sukarni ningali petugas perpustakaan ingkang gundhul saweg sisiran.	“Heh thak buthak! ”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 1, MP3 Curanmor 23 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kahanan= saged dipunnegatifaken kanthi tembung ‘ora’ • <i>Referen</i> mustaka tanpa thukulan rekma • Sukarni ngina petugas perpustakaan nalika saweg nyisiri mustakanipun ingkang gundhul

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
14	Swantenipun garwa estri dipunanggep swaten adzan nalika saweg mrentah wungu garwa kakung.	“Aja sembrana kowe !”																																<ul style="list-style-type: none"> • Data 2, MP3 Curanmor 1 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> ngajak geguyon, kirang tumemen • Garwa estri duka kaliyan garwa kakungipun amargi swantenipun nalika saweg mrentah wungu dipunanggep swaten adzan
15	Garwa kakung boten purun suka pambiyantu punapa-punapa dhateng garwa estrinipun.	“ Minggat bae nganah, minggat !”																																<ul style="list-style-type: none"> • Data 11, MP3 Curanmor • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> tindak nggeblas • Garwa estri kuciwa kaliyan garwa kakungipun amargi boten purun mbiyantu punapa-punapa nalika saweg repot ngemong putranipun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
16	Jendral Kapal Belanda rumaos dipunremehaken dening tukang tropong ingkang sejatosipun kakang kandhung piyambakipun.	Nyong Jendral, pimpinane rika, kاملeng nggawen!”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 2, MP3 Curanmor 16 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> dipunjotos mustakanipun • Jendral kapal Belanda rumaos kuciwa amargi dipunremehaken dening tukang tropong ingkang sejatosipun kakang kandhung piyambakipun.
17	Sopir angkotan ningali kenetipun padu kaliyan penumpang	“Kiye nang njero angkotan kota wis panas, aja gawe tambah panas, reang bae!”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 5, MP3 Curanmor 2 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> nywanten rame • Sopir angkotan mangkel nalika ningali Kenetipun padu kaliyan penumpang.
18	Mamake jengkel dhateng putranipun amargi boten purun mandheg ngrok.	“ Cengkeweng ngenah senggawe!”																														<ul style="list-style-type: none"> • Data 1, MP3 Curanmor 4 • Tembung lingga= dereng owah saking asalipun • Tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> dipunjung ngginakaken asta setunggal • Kangge ngandharaken raos jengkel ibu dhateng putranipun amargi boten purun mandheg udud.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
19	Anang brisik nalika Krisdayanti nembang terus amargi swantenipun boten cetha.	“ Modod bae hawane jan!”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 5, MP3 Curanmor 14 • Tembung lingga amargi dereng owah saking asalipun • Tembung kriya amargi gadhah teges nindhakaken pakaryan. • <i>Referen</i> medal tambah panjang • Anang jengkel kaliyan Krisdayanti nalika Krisdayanti nembang terus.
20	Mercusuar dipunarani kapal dening Jendral Kapal Belanda.	“ Ngutek apa ora ya?”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 8, MP3 Curanmor 16 • Ng + utek. • Jinis tembung kahanan= saged dipunsambung tembung ‘ora’ dados ‘ora ngutek’ • <i>Referen</i> lebetig mustaka ingkang dados kempalaning sarap-sarap pangraos • Pegawe Mercusuar ngina Jendral Kapal Belanda ingkang sampun lepat amargi mercusuar dipunwastani kapal ingkang badhe nabrak kapalipun.
21	Siska mangsuli garwanipun nalika didhawuhi "minggat" dening garwanipun.	“Tenang bae rausah mbacot , nyong bali anu arep adus, arep lunga maning!”																															<ul style="list-style-type: none"> • Data 2, MP3 Curanmor 21 • Am + bacot • Jinis tembung kriya= nindakaken pakaryan • <i>Referen</i> tutuk • Siska duka dhateng garwanipun amargi didhawuhi “minggat”.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	1	2	2	2	2	2	2	2	2	2	2	3	3	3	33
